

Prabu Suryakantha Dewi Ananggaraga

Jarwan

L. MARDIWARITA

(Kekalih)



PERPUSTAKAAN NASIONAL RI



Balai Pustaka

PRABU SURYAKANTHA DEWI ANANGGARAGA

Kajarwakaken ing basa krama dening

L. Mardiarsita (kekalih)

saking buku

Koning Soeryakanta

een Hindoesche Liefdesgeschiedenis

W. De Haan, Utrecht, 1917



PERPUSTAKAAN NASIONAL RI



Balai Pustaka

PRABU SURYAKANTHA

DEWI ANANGGARAGA

Diterbitkan oleh
Penerbitan dan Percetakan
PT Balai Pustaka (Persero)
Jalan Bunga No. 8-8A
Matraman, Jakarta Timur 13140
Tel/Faks. (62-21) 858 33 69
Website. <http://www.balaipustaka.co.id>

BP No. 3048
KDT No. 899.221
Cetakan I: 1987

Penulis: L. Mardiwarsita
viii + 118 hlm, B5 (17,6 x 25 cm)
ISBN: 979-407-122-6

Penata Letak: Dinda
Perancang Sampul : Adjie Susanto
Penyunting: Kunti Suharti

Undang-Undang Republik Indonesia Nomor 19 Tahun 2002 tentang Hak Cipta
Lingkup Hak Cipta

Pasal 2

1. Hak cipta merupakan hak eksklusif bagi pencipta atau Pemegang Hak Cipta untuk mengumumkan atau memperbanyak ciptaannya, yang timbul secara otomatis setelah suatu ciptaan dilahirkan tanpa mengurangi pembatasan menurut peraturan perundang-undangan yang berlaku.

Ketentuan Pidana

Pasal 72:

1. Barangsiapa dengan sengaja atau tanpa hak melakukan perbuatan sebagaimana dimaksud dengan Pasal 2 ayat (1) atau Pasal 49 ayat (1) dan ayat (2) dipidana dengan pidana penjara masing-masing paling singkat 1 (satu) bulan dan/atau denda paling sedikit Rp1.000.000,00 (satu juta rupiah) atau pidana penjara paling lama 7 (tujuh) tahun dan/atau denda paling banyak Rp5.000.000.000,00 (lima milyar rupiah).
2. Barangsiapa dengan sengaja menyiarkan, memamerkan, mengedarkan, atau menjual kepada umum suatu ciptaan atau barang hasil pelanggaran Hak Cipta atau Hak Terkait sebagaimana dimaksud pada ayat (1) dipidana dengan pidana penjara paling lama 5 tahun dan/atau denda paling bayak Rp500.000.000,00 (lima ratus juta rupiah).

PURWAKA

Cekak aos, cariyos menika nengsemaken sanget. Cariyos klasik saking basa Sanskrit ingkang sampun dipun jarwakaken ing basa mawamiwarni. Bakuning cariyos nggambaraken satunggiling ratu gung binathara, sekti mandraguna, alus mulus bebudenipun, dhasar jatmika ing warni, namung boten kersa nambut silaning akrama, jalaran taksih ngentos sarta ngupadosi panjanganing tilas garwanipun sakawit.

Tilas garwanipun nitis dhateng Dewi Ananggaraga. Ananging sang dewi boten kersa kagarwa yen to boten lumantar sayembara. Sampun pinten-pinten ratu nglebeti sayembara, nanging tansah cabar tanpa dadi, temahan katigas jangganipun.

Sang Prabu Suryakantha, inggih kakungipun sang dewi ing panjamanipun ingkang sampun kepengker ugi nglebeti sayembara. Kawangenan wekdal 20 dinten, Sang Prabu kedah saged damel cangkriman ingkang boten saged kabadhe dening sang dewi. Cangkriman menika kedah linud ing cariyos ingkang nengsemaken.

Inggih cariyos-cariyos cangkriman ingkang nengsemaken menika ingkang mewahi sengseming cariyos menika. Kados pundi kawusananing lelampahan, para maos katuran nyimak piyambak.

Balai Pustaka

ATUR BEBUKA

Buku *Koning Soeryakantha* Henri Barel menika terjemahanipun buku *A Digit of the Moon* F.W. Bain perangan ingkang 16 naskah *The Churning of the Ocean of Time* (*Het Karnen van den Oceaan des Tijds, Pengeburan Samudra Wekdal*). Aslinipun kaserat ing basa Sansekerta, boten nyebutaken namaning pengarangipun. Ingkang gadhah satunggaling Brahmana Hindhu ing Poona.

Nalika samanten ing Poona saweg katrajang ing sesakit pes. Kathah ingkang sampun dados kurban, kalebet sang Brahmana ingkang gadhah buku *Soeryakantha* menika. Sang Brahmana ajrih, manawi piyambakipun pejah buku-buku pusaka turun-temurun warisan leluhuripun temtu badhe kabesmi kaliyan Kumisi Pembrantasan Sesakit Pes. Ingkang menika buku-bukunipun dipun sumbangaken dhateng F.W. Bain. Let tigang dasa enem jam sang Brahmana ngajal.

Buku, sasampunipun dipun sterilaken, kawaos. Wusana kasumerepan bilih isinipun sanget penting. Lajeng dipun terjemahaken dhateng basa Inggris. Saking basa Inggris dipun terjemahaken dhateng basa sanessanesipun, wusana sumebar dumugi ing negari pun di-pundi saindhenging jagad.

Tahun 1945 buku *Koning Soeryakantha* kula jarwakaken mawi basa krama. Rehning tembungipun kathah ingkang angel kanggenipun jaman samangke, ing wingking kula damelaken sorogan (glosarium). Ewasamanten bilih kathah ingkang kapengin jarwanipun ngoko, badhe dipun setiyaraken.

Jakarta, 1981

L. Mardiwarsito

PRATELAN ISI

PURWAKA	iii
ATUR BEBUKA	iv
PANYEBUT	1
DINTEN INKGANG KAPISAN	11
DINTEN INKGANG KAPING KALIH	15
DINTEN INKGANG KAPING TIGA	17
DINTEN INKGANG KAPING SEKAWAN	20
DINTEN INKGANG KAPING GANGSAL	23
DINTEN INKGANG KAPING NEM	27
DINTEN INKGANG KAPING PITU	31
DINTEN INKGANG KAPING WOLU	35
DINTEN INKGANG KAPING SANGA	39
DINTEN INKGANG KAPING SADASA	43
DINTEN INKGANG KAPING SAWELAS	45
DINTEN INKGANG KAPING KALIHWEAS	49
DINTEN INKGANG KAPING TIGAWELAS	52
DINTEN INKGANG KAPING KAWANWEAS	55
DINTEN INCKANG KAPING GANGSALWEAS	58
DINTEN INKGANG KAPING NEMBELAS	61
DINTEN INKGANG KAPING PITULAS	64
DINTEN INKGANG KAPING WOLULAS	67
DINTEN INKGANG KAPING SANGALAS	70
DINTEN INKGANG KAPING KALIH DASA	74
WEWAHAN	82
Cathetan	118

PANYEBUT

O, Sang Hyang Siwa, bathara *asoca* tiga,¹⁾ ingkang sampun karsa nulung jagad srana ngunjuk wisa ingkang saklangkung madi, ngantos nabet wonten ing jangga abrit sepuh;

Mugi-mugi sang pikulun kapareng ngayomi sampeyan sadaya!

Mugi-mugi sang pikulun ingkang *amustaka Dwipangga*,²⁾ karsa nyirnakaken pepeteng ingkang nglimputi pikiran kula, srana kausapa mawi dale paduka!

Punapa dene paduka, o Sang Bathara Wani,³⁾ Dewi Sabda! Madhangana pikiran kula, supados kula saged ndhapuk ukara ingkang sae, salaras kaliyan ingkang kula kajengaken.

Kacariyos wonten satunggiling nata mudha, ajejuluk Mahaprabu Suryakantha, saklangkung kawentar *jaya-kawijayanipun*. Negarinipun *gemah aripah karta raharja*, boten wonten colong-jupuk, tebih dhateng pendamel awon. Jajahanipun wiyar prasasat tanpa *tepi*, mila kathah para ratu sami nungkul *sangkaning aris* boten *karana pinukul* ing prang. Sinten ingkang *tumawan*, tumpes *tapis* tanpa sesa, wasana para ratu sanesipun nungkul asrah pejah gesang. Para kawula ageng alit sami ajrih asih sujud ing gustinipun. Sang nata ambek adil *paramarta*, asih ing *dasih*, suka paring sandhang tiyang kawudan tuwin tedha tiyang keluwen. Sang nata dhasar *taruna stilistya* ing warni ambek utama, putus saliring *guna pangawikan*, ing *tribuwana* boten wonten ingkang *tumimbang*.

Namung pundi wonten kawontenan ing donya ingkang tetep, langgeng, boten ewah gingsir? *Jamakipun* ingkang enjing bingah sontenipun susah. Sontenipun suka enjingipun prihatos. Mekaten lampahipun cakra manggilingan.

Sang *nindyanantri* ingkang ngasta *bang-bang pangalum-atuming* praja saha tuwangananing para *nayaka* bupati sadaya, saweg kemengan, dene sang nata boten karsa krama. Sampun marambah-rambah kawiyo pangandikanipun boten badhe krama. Yen makaten sinten ingkang badhe gumantos nata ing tembe sasedanipun sang prabu? Badhe ical *kekuwunging* praja, wusana para ratu tetelukan sami mbalela boten purun kereh malih. Mila sang *nindyanantri* boten kendhat pambudidayanipun amrih sang nata karsaa krama.

Sampun rambah-rambah para bupati nayaka tuwin para ratu tetelukan, awit saking keparengipun *rekyana* patih, sami ngaturaken putri ingkang endah-endah ing warni, kadi ratuning para absari ngasoraken para widadari ing swargaloka. Ewasemanten sang nata boten *kengguh*. Malah lajeng kewalik, *dupi* para putri mulat *citranipun* sang prabu, sakala sami kataman gandrung asmara, wonten ingkang ambalang ulat ngincang imba, saweneh nata rema ngleresaken ukelipun, namung tanggeh katanggapan ing karsa. Kocaking netra pindha cumloroting thathit, eseming lathi ingkang ngasoraken manising madu pinathi, gumebyaring cahya ingkang pindha daru cumlorot, namung kados ron aking ing wana *gung* kumleyang ndhawahi gigiring *dirada* meta, tanggeh yen karaosa. Sang nindyanantri kaken manahipun, kewedal tembungipun santak, "Heh, elok temen lelakon iki! Dene kautaman teka ora becik dadine. Para *sadu* ora kodal dening pangrencananing wanodya tetep utama, luhur ing budi. Nanging menawa ratu ora krama, iku cidra marang kawulane, aran ngrusak praja!"

Wonten bupati nayaka sepuh cans pamrayogi dhateng *rekyana* patih supados *ngundhangaken pasanggiri* dhedhemitan sampun ngantos kepirsan sang prabu, ingkang wosipun sinten-sintena ingkang saged ngelukaken karsanipun sang nata ngantos karsa krama, badhe kaganjar arta kathahipun satus yuta rupiyah.

Sang nindyanantri karenan penggalhipun, tumunten nyebar *duta sandi* lampahipun dhedhemitan, ngundhangaken pasanggiri winados. Sakedhap sampun waradin ngantos dumugi ing dhusun-dhusun keblat sekawan.

Juru gendam namakaken *guna dhesthinipun*, dhukun pangasihan ngempakaken guna pangasihanipun, nanging sang nata boten gograk penggalhipun saglugut kemawon. Malah salah kedadosan, sang prabu dhawuh nyingkiraken para putri ingkang sulistya ing warni dhateng sawawining negari. Gethingipun dhateng para dyah boten kinten-kinten, sampun ingkang sarawungan, priksa kemawon boten kasdu.

Sang nindyanantri bingung, kuwatos manawi negari ketelasan wanodya ingkang sulistya ing warni, lajeng nyebar *duta sandi* kabiyanu ing prajurit *anrang westhi*, ngulat-ulataken tindakipun sang nata. Saben sang nata *thedak ameng-ameng*, enggal para *kajineman* tuwin wadya *anrang baya* ngrumiyini lampah, nggusahi para wanodya kapurih sumingkir sampun ngantos ngetingal. Nanging o boten saged. Boten kelampahan nyingkrikaren para endah, presasat tiyang kapurih ngadeg wonten ing pucuking pedhang, mokal

kalampahanipun. Para dyah ayu mireng bilih sang nata badhe tedhak ameng-ameng, kados kenging *dhuyung*, mlajeng salang-tunjang rebat rumiyin, jejel apipit rebat ngajeng ningali ratu gustinipun. Ingkang ngajeng dados wingking ingkang wing-king dados ngajeng, ing wingking taksih selur dhatengipun para kusuma saking keblat sekawan. Sang nata dados sesekaring sewu negri. Saben wonten krompol-krompol para kenya utawi wulanjar sebutipun, "Gusti kula Suryakantha."⁴) Sandhung jekluk tiba kabruk ingkang dipun sambat namung, "Duh gustiku Suryakantha."

Gentos kacariyos, wonten ahli gambar saklangkung misuwur kasagedanipun, damelipun *telana* ngalaya bumi, mider-mider pados kaelokaning jagad. Dumugi negarinipun Prabu Suryakantha, taken punapa kaelokanipun ing negari ngriku. Wangsulaniipun tiyang ingkang dipun takeni, "Lah gampang mawon. Sing elok sang prabu niku. Le boten elok mawon priipun, wong boten ebah penggalih senajan ting treplek para putri sing adi-adi sing kados bulan purnama rupane, puguh boten kersa krama. Teng wanita *kidih-kidih*."

Ahli gambar gumujeng wicantenipun, "Ora ngandel! Gamanku ampuh banget, yen taktamakna mangsa kuwata nadhahi." Wonten kajineman ingkang mireng tembung makaten wau, lajeng lapur dhateng rekyana patih. Rekyana patih bingah, ahli gambar dipun timbali. Sareng sampun dhateng dipun-blakani ingkang dados puteking penggalih. Menawi juru gambar saged mbengkas, badhe kagandjar arta satus yuta rupiah.

Atur wangsulaniipun, "Sampun kuwatos ing galih, Kyai. Rampunging damel kula namung nyuwun pangestu. Ananging saged kula sowan sang prabu nyumanggakaken Kyai Patih."

Kyai Patih lajeng sowan sang Nata, muka kados konjema ing siti, unjukipun, "Gusti-kula ingkang sinuhun. Kawula ngunjuk uninga bilih ing negari ngriki kedhatengan juru gambar ingkang sakelangkung pinunjul kasagedanipun, padosa ing jagad tetiga boten wonten kalih."

Sang prabu kepranan ing galih. Awit kejawi remen inggih saged nggambar piyambak. Juru gambar dipun timbali. Wonten ing ngarsanipun sang prabu, juru gambar sakelangkung ngungun mulat citranipun sang nata, unjukipun, "Kawula nuwun gusti, sekelangkung begja raosing manah kawula, saged nyawang *wedana* paduka. Kalilana kawula nggambar sang sinuhun, kenginga kangge pangenget-enget sapisah kawula kaliyan paduka, mundur saking ngarsa dalem ngriki. Jalaran gambar-dalem kados umpamipun soroting surya ingkang ambalik saking telenging pengilon, nadyan namung satawis meksa wonten banteripun."

"Iya. Nanging inghun arep priksa gambaranira dhisik. Poma, aja sira ngaturaken gambar wanita. Menawa sira nerak dhawungingsun iki, sira *ingsun pidana*."

Juru gambar ngaturaken gambawan pesawangan ingkang endah-endah ingkang asri-asri saking negari ngamanca; namung dipun temaha katlesepaken gambar putri. Sang nata mbikaki satinggal-satunggal kanthi suka renaning penggalih. Wusana priksa gambar wanodya sakalangkung endah ing warni. Sakala njegreg boten saged ngandika, lam-lamen mulat citranipun sang putri. Sarira nglumpruk tanpa bayu, wasana dhawah *kantaka*. Juru gambar gumujeng latah-latah, "Ha, ha, ha, ... punika sang nata sampun *watuya*. Dhukunipun nyuwun ganjaran, Kyai Patih."

Kyai Patih, "Mengko dhisik, srantinen wungune, aku durung ngandel temenan."

"Ha, inggih sampeyan wungu! Kula badhe umpetan, mangke ngandika punapa sang nata."

Rekyana patih ngatag punakawan *sinelir* mungu sang prabu. Wonten ingkang ngebuti ngangge ron palem. Wonten ingkang ngecuri toya cinarub konyoh cendhana, gandanipun *marbuk arum*. Sri narendra wungu pungun-pungun, mriksani ngiwa nengen, pangandikanipun, "Juru gambar, juru gambar!"

Rekyana patih, "Gusti, juru gambar sampun kesah."

Sang nata kejut penggalhipun, dhawuhipun, "Paman, golekana sing nganti ketemu. Menawa kongsi ora ketemu sira *sun-wesiyasat* ingidak-idak gajah tumeka patinira sadurunge srengenge surup."

Rekyana patih mundur madosi juru gambar, lajeng kairid sowan sang prabu, unjukipun juru gambar angasih-asih, "Adhuh gusti kawula sang sinuhun, kawula nyuwun gunging pangaksama. Nyarengi apesing badan kawula, dene wonten gambar wanodya sumelap wonten ing antawising gambar punika. Bokmanawi sampun dumugi wancinipun dhumawahing pepesthen kawula. Kawula nuwun gusti, kawula namung pasrah pejah gesang."

Pangandikanipun sang nata, "O, ahli gambar, tetungguling juru gambar ing saindenging jagad iki kabeh, wiwit kunaning kuna tumeka saiki tekaning besuk pisan. Sira ora dosa, malah gawe renaning penggalihingsun. Ingsun rumangsa kepotangan budi karo sira. Kabecikanmu tanpa timbang, ora timbang takijolana negaraku pisan. Putri kang sira gambar iku garwaningsun biyen, sadurunge aku lahir kang saiki. Ingsun biyen uga *kantaka* kaya dhek

mau. Heh juru gambar, putri iku saiki ana ngendhi? Gambare was kaya mengkono, mendahane kaya apa kawujudane. O, mung jawata kang maha agung kang bisa nyitra citrane sang kusuma, ratuning para putri.”

Juru gambar ngguguk munjuk, “O gusti sampun menggali putri punika. Boten sae kedadosanipun.”

“Heh juru gambar, mara pilihan salah siji, sira tuduhake negarane sang putri tanpa ganjaran raja brana, apa dirante dilebokake ing pakunjaran tanpa diparingi mangan lan ngombe nganti sira blaka?”

“O, gusti, menawi mekaten kawula pilih matur blaka kemawon. Gambar punika gambaripun Dewi Ananggaraga,⁵⁾ putra kapenakanipun ratuning naga⁶⁾. Sang kusumaning ayu ngedhaton piyambak wonten satengahing wana, saking ngriki lampahan kalih candra. Endahing warni boten telas cinandra sedalu. Sinuhun sampun kumawani, gambaripun kemawon sampun adamel boten enget. Mangka pundi to wonten gambar nyameni – kawujudanipun? Sinten mulat sakala gandrung-gandrung kesupen rama-ibu. Ingkang kathah-kathah kantaka, malah wonten ingkang kelajeng palastra. Dilalah kados sampun pinasthi ing jawata, dene putri sulistya ing warni kados mekaten teka penggalhipun atos kados sela. Kathah para nata saking negari sanes sami *ngebun-ebun enjing njejawah sonten*, nanging boten wonten ingkang dados penujuning penggalhipun. Dipun priksani kemawon boten, sampun malih ingkang nama dipun sapa aruh. Sang putri ngedegaken sayembara. Sayembaranipun mekaten: Sinten ingkang saged nyangkrimi rambah kaping 21 ing salebetipun 21 dinten, mangka wonten satunggal kemawon ingkang boten saged kajawab, sang putri trimah kawon, boten lenggana dipun pundhuta garwa. Nanging kosok wangsulipun manawi cangkrimanipun saged kabatang sadaya, ingkang nglamar dadosa tetelukanipun, *kapurbawisesa* pejah gesangipun. Dumugi samangke dereng wonten ratu ingkang saged ngasoraken kawicaksananipun sang ratu kenya. Sang putri nyata lepas ing *panggraita* putus ing *salwiring reh*, boten samar ing saulah kridahing jagad, mumpuni guna pangawikan. Dene pidananipun para nata wonten ingkang sakala dipun tundhung. Wonten ingkang clipun dadosaken rencang tumbasanipun saben dinten *dipun lelaga citranipun* sang putri, kapurih nyawang mencoronging cahyanipun, *kicating pada*, lelewaning solah bawa kewesing wiraga, manising ulat *kalejeming lathi*, *tungiding* basa saha sunaring netra. O gusti, sinten ingkang kataman ing siksapunika boten kuwawa, temiah nandhang sakit, lami-lami pejah *angarang*. Mila o gusti sampun menggali

putri punika, mumpung dereng kelajeng. Boten wonten siksa tuwin sangsara ingkang sakitipun ngungkuli tiyang kasmaran dipun lelagi.”

Sang nata mesem: “O wong ahli nggambar, kalingane lepasing budimu ora mapaki kabisanmu nggambar. Mara pikiren, apa ana siksa kang ngungkuli sangsarane wong kang selawase urip mung direnidhu ing rasa kagoling ati, gegetun nggetuni barang kang ketrucut, mung saka ora niat ingupaya wae. Mangka upamaa binudi kalawan kasantosaning tekad sarta kekendelaning ati, mesthi kena. Mungguh ing panjenenganingsun aluwung garing *angagak-agak* nyawang ratuning kasulistyan, citrane sang putri, tinimbang nglempuruk nyelehake adrenging ati nggarwa sang putri.”

Gambaripun sang putri lajeng kapundhut, juru gambar dipun paringi lelantu bebingah arta mas pengaos 30 yuta rupiah, sarta dipun lilani nggambar panjenenganipun. Sang nata dhawuh dhateng rekyana patih bilih ing dalu punika ugi badhe tindak nglamar sang putri.

Rekyana patih tumunten rembagan kaliyan para bupati nayaka. Ingkang ndadosaken sumelanging manah menawi sang prabu kasoran sayembaranipun, temtu boten kondur malih, temahan negari badhe risak. Kosok wangsulipun menawi sang nata boten nglebeti sayembara, boten badhe krama, boten peputra, wusana negari inggih badhe sirna. Namung menawi sang nata nglebeti sayembara taksih wonten pengajengajengipun, inggih menika menawi menang, sang nata temtu kondur saha mboyong garwa. Kakenthelaning rembag rekyana patih tuwin para bupati nayaka sanget *mangayu bagya* dhateng karsanipun sang prabu. Salajengipun sami saekakapti rainten dalu nenuwun dhateng jawatagung, sagedipun kaleksanan ingkang dados karsanipun sang prabu. Ing dalu menika ugi sri narendra masrahaken panguwaos dhateng rekyana patih tuwin para bupati nayaka, tumunten sumedya bidhal piyambakan tanpa kanthi. Para abdi boten kalilan nderek. Namung wonten satunggaling bupati nayaka kinasih, nama Rusakos⁷⁾, matur, “Kawula nuwun sinuhun, punapa panjenengan dalem badhe tindak piyambakan?”

“Iya Kakang. Sarta aku ora bakal bali, awit wis mesthi kalahe. Kena apa ndadak nganggo pandherek, apa kareben milu rusak. Mula becik aku lunga dhewe.”

Rusakos ngasih-asih, “Dhuh gusti kawula sinuhun, sampeyan dalem menika kesesa ing penggalih. Punapa paduka badhe nilar *jasad* kula? Menika rak presasat nilar *raga* paduka piyambak. Sukma paduka ingkang sepalih

dhateng sanes-sanesipun, awit ketungkul gandrung-gandrung kemawon. Menika sukma paduka ingkang sepalih ingkang manjing raga paduka. Badhe kados pundi kedadosanipun menawi lajeng nilaringkang sepalih satunggalipun, inggih menika ingkang manjing ing raga kawula? Punapa boten sangsaya cilaka? Sumangga ta kawula dherekaken. Kawula boten saged gesang tanpa sepalihing sukma kawula. Makaten ugi kados pundi kedadosanipun menawi sampeyan dalem kawop, ing mangka piyambakan. Kosok-wangsulipun saupami paduka manggih kamulyan mangka boten wonten rencang ingkang ndherek ngraosken kabegjan, raosipun inggih kema. Menapa malih kosokwangsulipun ing salebetipun sangsara manggih rubeda.”

“Iya becik yen mengkono. Wis ayo Kakang mangkat!”

“Hla rak saestu! Kula wau sampun matur menawi sukma paduka saweg *mideringrat ngalaya* bumi njajah negari. Kados pundi dene badhe nempuh baya pekewed saklangkung gawat mekaten, kok boten nyuwun pitulunganipun Hyang Windyaka?⁸⁾ Menapa wonten ta tiyang saged kasembadan sedyanipun tanpa nyuwun pitulunganipun Hyang Windyaka?”

“O iya teka benar kowe luput aku. Saka kayungyunku marang sang putri nganti lali marang pepundhenku.”

Sang nata lajeng muja semedi, nenuwun saha ngluhuraken Sang Hyang Ganesha, “Mugi *widadaa* dhuuh bathara amustakaliman, dale paduka *tumiyang* minggah jejogedan! *Bagya o* dewa ingkang sampun kalis ing reribed. Rubeda larud kados sumilaking pedhut kasorotan surya ing wandi enjing. Minulya o paduka sang pikulun. Senadyan tiyang ringkih kadi kleyanging ron katiyub ing angin, semangsa paduka tulungi, sakala kawawa nandhingi ingkang sarwa gagah prakosa. *Widadaa o* sang binathara, tanpa pitulunganipun sang pikulun sawar-nining ulah nastiti ulah pengatos-atos, kaprayitnan, tanpa paedah, sawarnining kawicaksanan onya. *Bagya o* bathara atalingan ilir katiyub ing angin nyabet-nyabet kados kumlebeting bandera tandhaning kemenangan wonten ing paprangan.”

Sesampunipun muja semedi sang nata kadherenkaken Rusakos lajeng bidhal. Lampahipun medial wana gung *liwang-liwang* kebak ri bebondhotan, kathah kethek tuwin kewan galak Shabara⁹⁾ saha sanesipun.

Sang nata tansah gandrung-gandrung *kapirangu*, kendel boten ngandika, supe dhahar tuwin sare, tuwuk mriksani gambar tuwin dhahar angin. Boten kendhat ngililing gambar lajeng kakuswa. Wusana kendel wonten ing ngandhap wit kadamba¹⁰⁾. Nalika samanten surya sawe inggil-inggilipun,

beneripun jumbret, adamel saya edhumipun wit Kadamba. Sang nata kendel leleson sarwi mriksani gambar, pangandikanipun, "Rusakos, kalingane sing taksawang-sawang iki gambar wanita. Aku durung ngreti sthithik-thithika mungguh bab kaanane wong wadon, mara coba crita Kakang mungguh wewatakanane lan kaanane wong wadon iku!"

Rusakos matur sarwi gumujeng, "Gusti bendara kula sang binagus, prayoginipun menika benjing kadangkna dhateng sang putri. Saestunipun wanita menika titahing jawata ingkang megelaken manah, kedadosan saking barang ingkang aneh-aneh, cobu kula badhe ndongeng. Kala jaman dumadosipun jagad saisinipun sadaya menika, sareng Twashtri¹¹⁾ badhe nitahaken tiyang estri, ketelasan guru bakal. Guru bakal ingkang sae-sae sarta kiyat sampun telas kangge damel priya, kantung ingkang awon-awon. Sareng dipun jlimet malih angsal badhe kados ingandhap menika:

1. Bundering rembulan
2. Mlengkungipun wit rumambat
3. Kraketipun *grageh mulet*
4. Kumitiring rumput
5. *Lenjanging* wit glagah
6. Mekrokipun sekar
7. Enthenging gegodhongan
8. Meriting dale liman (muncuk eri)
9. Tumleraming mripat kidang utawi sangsam¹²⁾
10. Gumandhuling *bremara* saajar¹³⁾
11. Sumeh sumringahipun soroting surya.
12. Panangising mega mendhung
13. Mondar-mandiring samirana²⁾
14. Clingusipun truwelu.
15. *Breseting* merak.
16. Empuk angetipun dhadha bethet.
17. Atosing barleyan.
18. Manising madu.
19. Bengising sima.
20. Bentering latu.
21. Anyesing salju.
22. Cariwising peksi tlaa.
23. Mbekuring peksi kukila¹⁴⁾.
24. Sumuci-sucinipun peksi bango¹⁵⁾.
25. Kasusetynipun peksi cakrawala¹⁶⁾.

Sadaya menika kaulet dados satunggal dipun wangun wanodya. Sareng sampun kagesangaken kaparingaken dhateng sang priya.

Let seminggu manungsa jaler wadul, "Pukulun, tiyang ingkang paduka paringaken dhateng kawula menika namung adamel cilaka kemawon. Saben diniten bengak-bengok kados babon nigan. Senengipun mbeda, ngiwi-iwi, nggodha tiyang nyambut damel, ngantos sedhik manah kawula. Dhateng pundi-pundi ngetutaken. Kajengipun nedha kagatosaken, ngantos boten ngoberaken tiyang nyambutdamel. Sering dumadak nangis boten kantenan jalaranipun. Kesedipun ngudubllah, boten kening kegepok baunipun sekedhik. Mila pakulun, tiyang, menika kula aturaken wangsul, kawula aluwung piyambakan kemawon, boten betah woworan kaliyan tiyang estri menika.

Wangsulanipun dewa, "Iya becik."

Let seminggu tiyang jaler wangsul, aturipun ngasih-asih, "Dhuh dewa dhuh bathara, kados pundi kulamenika, gesang teka piyambakan tanpa kanthi, sepi, nglangut. Raosipun sepa, kamba *tumlawung* dhateng manah. Kula kengetan dhateng kanca kula, anggenipun ngigel, ngidung, mlerok, gojeg, ah ... ngantos-boten nate pisah. Gujengipun cumengkling kados ungeling tetabuhan. Werninipun endah, dhateng mripat asrep. Menawi *wiraga lefewanipun* adamel kumenyut. Kulitipun lumer, badanipun empuk anget. Dhuh bathara, tiyang menika kawula suwun wangsul."

Twashtri: "Iya kena."

Antawis tigang dinten malih priya wangsul kanthi ngresula, sambati pun "Dhuh pukulun dhuh bathara ingkang linangkung. Kados pundi tiyang menika, kula bingung ngraosaken; manawi kula manah kerep adamel susah katimbang bingahipun. Mila tiyang menika kula aturaken wangsul malih kemawon."

Twashtri: "E, kowe iku kurang duwe panarima. Lah kowe kepriye, akalen dhewe!"

"Kados pundi, tiyang kawula boten saged gesang kempal kaliyai piyambakipun."

Twashtri rengu: "Tanpa dheweke kowe iya ora bisa". Ngandika makaten menika Twashtri kaliyan minger nglajengaken padamelanipun. Nanging manungsa taksih ngangseg, aturipun, "Lah kados pundi pukulun, angel banget kangge kula. Gesang kaliyan piyambakipun susah, boten kaliyan piyambakipun ugi boten saged."

Dumugi samanten kendel aturipun Rusakos kaliyan nglikir sang nata. Nanging sang nata namung kendel mriksani sang putri gambar, kedhep tesmak. Sasampunipun dangu anggenipun ngaso tumunten nglajengaken lampah. Tindakipun rinten dalu *ngayam wana*, nusup bebondhotan wana gung blegedhegan.

Boten kacariyos reroncening margi, sampun kalih wulan anggenipun sami *andon telana*, lajeng dumugi ing jajahan ingkang boten tebih kaliyan kedhatonipun Dewi Ananggaraga.



DINTEN INKGANG KAPISAN

Menaranipun kedhaton sampun katingal, munggul ngungkuli inggiling kekajengan. Ing wanci enjing kasorotan sunaring Hyang *Pratanggapati* murub kados kedhaton kencana. Prabu Suryakantha kewedal pangresahipun, pangandikanipun, “Adhuh, saiki tibaning patiku!” Rusakos kaget, unjukipun, “Lo kados pundi kersa dalem menika?”

“Iya Kakang, rina-wengi lali mangan lali turu, lali apa-apa mung ketoken sang putri gambar wae. Pikitanku pepet, eruh-weruh wis tumeka ing negara kang dituju. Lagi gambare wae semono pangaribawane Kakang, mendah priyayine. Dhuh saiba yen adu arep, nyawang sulistiyane sang putri dadi apa awakku. Ora wurung pikiranku sima kabeh. Lah iku Kakang, aku mesthi kalah, wusana ketiwasan.”

“O gusti kawula ingang *sinuhun*, lah inggih menika karananipun para nata sewu negari sami kasoran juritipun. Namung ketungkul ndlongop naywang citranipun sang putri kemawon. Akalipun ical, rekadayanipun sirna, wusana kawon. tujunipun paduka menika wonten kula. Sampun kuwatos gusti, mangke panjenengan dalem ngandikakaken menawi ingkang nyangkrimi sepalihing sukma paduka. alantaran lesan kula. Salajengipun kapasrahna kawula.”

Sang nata karenan ing galih. Was sumelenging galih sirna, wusana kengetan sang *rebaning* ayu, lanjeng gandrung-gandrung malih ...

Enggaling cariyos priyagung kalih sampun dumugi ing kedhaton lajeng mlebet kapenthukaken ingkang jagi konten. Sasampunipun taken-tinaken *pinangka* lan ingkang sinedya, juru lagi konten sowan sang putri, ngunjuku wuninga bilih wonten nata taksih taruna asmanipun Prabu Suryakantha badhe *ngebut-ebut enjing njewawah sonten*. Sang putri dhawuh *ngacarani* sang nata nyare ing pasanggarahan rumiyin. Dene pesanggarahan menika dumunung wonten ing tengahin taman sari kinubengan *botrawi*, rinenggana ngga ing sesekaran pating prelik *manca warni*, samangsa kasilir ing *samirana* gandanipun angambar marbuk arum. Kekajengan pating janggelek adhakah, gondhongipun ngrembuyung. Pangipun pating pentelung ayom. Peksi-peksi sami mencok rame mawurahan andon wowohan. Sakendelipun

memangsa, peksi ocehan sami mungel agalik-galik, jalak mencu sesindhen, drekuku nggrerongi, deruk senggakanipun. Peksi beluk ingkang ngethuk, kidangan ngrebab, ingkang ngendhang. Srigunting nyuling, *pelung* minangka kenongipun. Sadaya wau kados swaranaipun *pradangga* nguyuyu adamel lam-laming manah, sangsaya nglangut raosipun. Sang nata boten sare, tansah ngliling gambar, ngajeng-ajeng tumuntena pinanggih kaliyan sang putri.

Enjingipun ing wanci sonten sang nata ingacaran mlebet kedhaton. Uparenganing kedhaton saestu munjuli, kados barang ciptan. Sadaya sarwa kancana *nawa retina*, kasorotan ing padhanging lampu, sunaripun pating klepyur pating glebyar. Jobin tinegel biru sepuh nyarong, mila menawi kinarya lumampah ngawontenaken wewayangan kembar kaliyan wewujudanipun, saestu sakelangkung nengsemaken.

Putri Ananggaraga lenggah ing dhampar kancana mengagem agem-ageman sarwa ijem, rinengga ing *sesotya adi*, *prabanipun* sumunar, sirna kamanungsanipun kados Dewi Lakshmi saweg jumedhul saking dhasaring seganten. Netra njait, tepining tlapukan njalirit cemeng kados minangsi. idep tumengeng tawang, alis malengkung nanggal sapiisan, lathi abrit merjan. Payudara ngenyudenta ngambar cendhana. Ngagem pending mas binggel kancana sesupe barleyan, selop abrit elak. Rema nyekar bakung *ngendra wita-witis*, amakutha kancana kinancing sirahing naga, dipun rengga mata *kumata*, ingilat-ilatan jumerut. Sang putri uninga rawuhipun sang nata sakelangkung boten rena, ngandika kaliyan malengos, "Suwawi kawiwitana nyangkrimi!"

Kosok-wangsulipun sang nata mulat citranipun sang putri, ngalum-pruk otot bayunipun, ndhawah lenggah netra maleleng kados kenging gendam, utawi kados peksi kepregok sawer. Rusakos matur, "Kawula nuwun dhuh sang putri, kawula tiyang nistha minangka lesan dalem gusti kawula sang prabu, punapa kalilan kawula ndongeng?"

"Kenging," wangsulanipun sang putri cekak aos.

Rusakos tumunten ngandeg ndongeng, "Duh sang putri, rumiyin wonten satunggaling carwaka¹⁷⁾ badhe dados penganten. Kancanipun taken, "Apa Hyang Ganesa wus ngidini olehmu arep ijab, supayane kowe ora nemu alangan sawiji apa?" Carwaka ngguguk wangsulanipun ngremehaken, "Hm, lah wong kowe, bodho! Apa ko-kira aku ora ngreti menawa sakehing piwulang Wedha iku mung saka pangothak-athike para wong gemblung? Kurban, sajen, kuwi rak mung saka dianggit-anggit kanggo kabutuhane dhewg. Ana crita kadewatan barang iku lalawora, ilhame wong nglingdur. Cekake kabeh mau

mung kanggo dalan nyampeti kabutuhane para wong gemblung. Dene Hyang Ganesa kuwi, hmm apa ta, kuwasa apa dheweke kuwi? Menehi beja cilaka maneh yen bisaa, wong lagi wujud arupa gembung manungsa endhas gajah kuwi wae wus ngguyokake, aja meneh tinemua nalar. Wong kuwi janji wis ngati ati *surti* setiti ya ketekan sing dikarepake. Ganesa kuwi mung tembung, ujar lalawora. Takkandhani ya, wong kuwi kudu precaya marang awake dhewe, iya sang aku. Beja cilaka mujur kojur sesa-sesa ana awake dhewe.”

Sang Hyang Ganesa, ingkang wonten ing Kahyangan, mireng ternbungipun Carwaka mesem ing batos, dale kumlawe nganjir manginggil.

Dumugi dinten tapuking damel, wancinipun taksih enjing Hyang Ganesa dhawuh dhateng lembu, pangandikanipun, “Mangkata sapi, nlethonga ana ngarep omahe Carwaka!”

Sareng Carwaka badhe medal, ngidak tlethong, wusana dhawah keplesele sukunipun putung. Dereng ngantos mantun penganten estri pejah. Mitranipun melehaken, “Lah ta lidok kandhaku? Sumurupa, kabeh mau jalarane marga kowe maido Hyang Ganesa.”

“Lunga wong kepaung lah ya sapa sing ngreti nek ngarep lawang ana tlethonge sapi elan. Ganapati¹⁸⁾ melu apa? Apa dheweke njinggleng nyemak tlethonge sapi sajagad, akon sapi kae nlethong ana kana, iki ana kono? Wah kok runtut teman nalarmu!”

Sareng sukunipun sampun mantun, Carwaka badhe emah-emah malih. Ngawekani sampun ngantos manggih pekewed kados ingkang sampun, Carwaka nyewa, bebau, kapurih nyaponi radosan ingkang calon kaambah. Dados wujuding arak-arakan penganten calonipun mekaten: ing ngajeng bebau nyapu, lajeng penganten sapengarakipun.

Kocap, Hyang Ganesa nimbali peksi gagak, ingkang damelipun nedhani sajen, dhawuhipun, “Gagak, dina iki Carwaka dadi nganten. Calone ngliwati gapura sing ana recaku sing tuwa banget, maabad-abad kodanan lan kepanasan, wusan saiki bengkah mung kari ambrole wae. Mengko menawa Carwaka liwat, encokana recaku kuwi kareben ambrol nibani dheweke!” Gagak sandika tumunten mabur.

Kocap, Carwaka medal ingandhap gapura. Reca Ganapati sampun mengkab-mengkab, tumunten dipun encoki gagak, ambrol ndhawahi Carwaka, putung baunipun, dados bayangan kabekta mantuk. Bau dereng mantun penganten estri ngajal malih. Kancanipun dhateng nuweni, melehaken malih, “Ta iya ora? Apa wis ora terang sapa sing gawe cilakamu?”

Carwaka sangsaya nepsu, dhadhanipun murub kados dipun ububi, wicantenipun sugal,"Minggata, aja crigis. Oleh ku bisa mrayitnani wae kepriye, panggonan musibat mengkana. Sapi tletak-tletek nlethong turut dalan, omah wis padha tuwa. Aku arep rabi ora susah mreduli Ganapati. Besuk maneh aku arep luwih prayitna, aja kongsi nemu alangan kaya sing uwis!"

Sareng sakitipun sampun mantun, badhe dados manten malih. Arak-arakipun penganten jaler dhateng panggenanipun penganten estri medal jawi kitha.

Hyang Ganesa manggihi sang Hyang Indra, tembungipun, "Wajradara,¹⁹⁾ aku nyilih mendhungmu sadhela, kanggo ngajar wong kang ora percaya marang aku. Dina iki ana Carwaka dadi nganten, arak-arakane ngliwati kali, balangen udan gedhe kareben banjir bandhang."

Sanalika lajeng jawah prahara awor lesus. Carwaka nengah-nengahi nyabrang lepen, benahipun dhateng. Carwaka keblabak ing toya pejah tanpa kukuban.

Sang Ganesa gumujeng, wusana lajeng muwun kedaut-daut.

Kawula nuwun sang putri, kawula nyuwun uninga, punapa Sang Ganesa gumujeng, wusana lajeng muwun?"

Sang putri, "Gumujeng, kengetan gendheng sarta bodhonipun Carwaka. Muwun, dene lajeng kengetan siksaniipun tiyang kados makaten punika wonten ing delahan. Tuwin kengetan dhateng kasangsaranipun tiyang mayuta-yuta sanesipun ingkang kawontenanipun kados Carwaka punika."

Bakda ngandika sang putri tedhak saking dhampar sarwi suka sasmita dhateng sang nata kaaturan ngaso, lajeng kondur ngenyapuri tanpa mawi mriksani sang prabu.

Penggalihipun sang nata kados tumut-tumuta sang putri. Lajeng mesanggrahan.

DINTEN INKGANG KAPING KALIH

Sang nata ngandika, "Kakang, pitakonmu kebedhek, dinaning sayembara kalong sedina. Ewasemono kaluputanmu takapura. Atiku remuk nyawang kumlawening astane sang putri, nalikane asung sasmita kalawan jumeneng, O, olehe mendat mentul kaya lunging gadhung kang tumelung kena ing angin. Kakang, ajaa ana gambar iki umurku ora kongsi sesuk, garing pisah karo sang putri."

Ngandika mekaten menika boten kendhat nyawang gambar, "Ah, pranyata juru gambar kae *musthikaning* wong ahli nggambar temenan. Baut temen nggambar. Ah iki dudu gambar ... Wing pengilon. Lathine nancing, ngreranta ati, kok malah patut."

Enjingipun wungu sare lajeng ngenggar-enggar penggalih wonten ing petamanan. Sontenipun mlebet kedhaton. Sang putri sampun ngentosi lenggah ing dhampar, mengagem agem-ageman sarwa abrit, pelik-pelik sarwa manik, nyawang sang nata ingkang nembe rawuh. Sang nata mriksani sang putri penggalhipun kados pinatrem, wusana ndhawah ing dhampar sangajengipun sang putri.

Rusakos majeng miwiti cariyos.

"Kawula nuwun sang putri. Ing negari Dharwasana²⁰) wonten hrahmana gadhah anak tiga. Barang darbekipun boten wonten malih kejawi namung lembu kathahipun 19. Ngajengaken pejah anakipun dipun kempalaken, wicantenipun, "Ngger, aku wus meh tumeka ing janji. Aku ora duwe apa-apa liyane sapi 19, kuwi bagenen. Sing separo bageyanmu sing tuwa dhewe. Kowa sing nomor loro separat, dene si wuragil sapraliman. Menawa ana turahane panganan wong telu bebarengan²¹). Yen ora koestokake tuturku iki, sapi 19 iku unjukna sang prabu wae, Hanging kowe taksotake, dene ora nindakake penjalukku kang pungkasan." Brahmana lajeng pejah, tumunten kabesmi miturut tata cara ingkang kelimrah.

Anak tetiga sami pradondi pengeduming warisan. Ingkang mbajeng wicanten, "Separone sapi 19 ana 9½, kuwi bageyanku."

Adhinipun nyambeti, "Seprapate ana 43, bageyanku."

Wuragilipun wicarsten, "Sapralimane ana 34/5, iku duwekku."

Ingkang pembajeng, "Dadi gunggung 181/20, turah 19/20, kudu dipangan wong telu bebarengan. Kepriye, apa klakon ana brahmana mangan daging sapi? Kejabane, mengkono, apa awake dhewe iki kudu mbeleh sapi, dene pandumane padha nganggo pecahan? Dene manawa ora nindakake dhawuhe Bapak, dikon ngunjukake sang prabu, nanging kena ing supata. Kepriye kersane Bapak iku, dene pitungkas wekasan werna loro teka nyilakani kabeh?"

Mekaten anak tetiga sami regejegan ngantos kasaput ing dalu, meksa dereng wonten ingkang manggihaken wewenang. Dhuh sang putri, kados pundi jawabipun masalah menika, supados tiga-tiganipun inggih menika: brahmana, anak tuwin ratunipun angsal pemarem?"

Sang putri tumungkul, sang nata megeng napas. Satunggal sekon kados satunggal menit, semenit kados sajam, nenuwun mugi-mugi sang putri boten saged njawab.

Wusana sang putri ndengengek mriksani Rusakos, pangandikanipun, "Anakipun brahmana tetiga punika kapurih nyambut lembu satunggal rumiyin, dados sadaya wonten 20. Ingkang sepuh sepalihipun wonten 10. Adhinipun saprasekawan wonten 5. Dene wuraglipun sapragangsal, 4. Sedaya gunggung 19, taksih satunggal lembu sambutan kawangsulna, tetep tanpa tirahan. Brahmana marem, anakipun bingah kapanduman langkung saking dundumanipun. Dene sang nata inggih rena, senajana boten angsal punapa-punapa, awit jejering ratu ingkang tetep ing adil, boten wonten dosa angenging-ageng ingkang ngungkuli dosanipun brahmana mragad utawi mejahi lembu, punapa dene nedha ulamipun. Menapa malih pun anak boten nindakaken pitungkasing tiyang sepuhipun. Ingkang menika sampun malih ingkang lembu 19, sayuta pisan nata boten badhe melik."

Bakda ngandika mekaten sang putri tedhak saking dhampar, nglimpekaken nglikir sang nata lajeng ngenyapuri. Sang nata kados dipun remet penggalhipun, lajeng bibaran.

DINTEN INKGANG KAPING TIGA

Pangandikanipun sang prabu, "Kakang, pitakonmu kejawab maneh, umurku kalong roh dins, ewasemono takapura kowe, dene aku entuk ijol *liringe* sang pindha Ratih. O, kakang, netrane olehe cumlorot kaya barleyan, kepyur-kepyur kaya ebun ing wayah esok ngepyuri bantala rangka, kang ngorong kaya menjangan kasatan golek sendhang. O, ajaa ana gambar kiye, ora bisa aku rasane urip kongsi dina sesuk."

Sang nata unjal uswasa, sedalu boten sare mriksani gambar kemawon. Enjingipun ngenggar-enggar penggalih dhateng petamanan, nglipur *wardaya* nganti-anti pepanggihanipun kaliyan sang putri.

Wanci sonten tindak dhateng kedhaton malih. Sang putri sampun ngentosi mengagem pengageman sarwa jene, sesotya *nila pakaja*, mriksani dhateng rawuhipun sang nata. Sang nata angles ing galih, ndhawah wonten ing dhampar boten ebah kados reca, netra *mata walangen* mriksani sang putri.

Rusakos ndongeng:

"Kawula nuwun sang putri. Wonten *narendra* seda jalaran gerah benter. Putranipun taksih sesepan. Rayi dalem *sri narendra* kagungan melik nedya gumantos *narpati*, milanipun sang *pangeran-pati* badhe kacidra, ing batos nemtokake mesthi angsalipun damel, ciptanipun, "Bocah isih sesepan was mangsa ndadak ngentekna reka...!"

Nuju satunggaling dinten kalampahan abdi embanipun sang pangeran timur kencing kabujuk alus nilar momonganipun sakedhap, mawi dipun panting ngangge artakathah. Dene ingkang kautus nyidra inggih menika Rajput (*durjana*) saking tanah Deccan. Dipun kethik mangke jamipun katemtokaken, sang nata *timur* badhe piyambakan wonten ing kamari pun, lajeng tumunten *kaprejaya*.

Dumuginipun wanci *patembayanipun*, Rajput dhateng. Nanging sarehning piyambakipun saweg kemawon dhateng saking tanah manca, boten ngretos bilih sang nata sepuh sampun seda, mila dumuginipun ingriku ingkang dipun padosi nata sepuh, amargi pangintenipun ratunipun sepuh. Mila sareng mlebet kamar, rumaos kecelik, wontenipun namung lare alit,

dolanan wowohan. Wowohanipun dipun cepeng mrucut-mrucut kemawon, wusana gumlundhung dhateng ngajengipun Rajput. Sang nata suka, astanipun srawejan mbekik-mbekik, "Bhi-bhi, bho-bho, dah, dah ..." Rajput mendhetaken wowohan dipun glundhungaken wangsul, gentos sang nata mangsulaken, mekaten salajengipun ambal-ambalan ngantos embanipun dhateng. Emban taken, "Lo sampeyan kok wonten ngriki, wonten punapa?"

Rajput: "Kula dipun utus bendara kula, sowan sang nata."

Emban pamong gumujeng: "Sang nata sampun seda. Lah menika ingkang gumantos ...," kaliyan nudingi sang nata timur. Rajput ndengingak, "Lo, lah kados pundi dene taksih samanten alitipun. Mangka kula gadhah atur wigatos. Yen makaten kula badhe wangsul kemawon."

Rajput tumunten wangsul, lajeng nggeblas kesah tebih, ajrih paukumanipun rayi dalem nata sepuh.

Rayi dalem nata sepuh priksa manawi utusanipun cabar ing damel, lajeng pados reka sanes. Dhawuh dhateng begal ndhedhep wonten margi ingkang kalangkungan miyosipun sang nata dhateng ing candi, dhawuhipun, "Iki mengko ana bocah cilik, menganggo mas inten anggon-anggoning ratu, diarak, iku sang nata, patenana! Yen bisa kabeh sirnakna, orane sang nata was kudu kena." Begal matur sandika.

Kocap, sang nata kondur saking candhi dipun arak ing para abdi, kados adat saben. Wonten komplotan begal sanes, inggih mbegal sang prabu. Para abdi dipun pejahi sadaya, namung wonten satunggal ingkang saged oncad. Sang nata dipun blejedi lajeng katilar. Boten dipun sedani, awit boten dipun sumelangaken. Abdi ingkang saged oncad wau wangsul malih. Sang nata dipun bopong, dipun singepi sanjang lajeng kabekta kondur dhateng kedhaton. Lampahipun nglangkungi panggenanipun ndhelik begal-begal utusanipun rayi dalem nata. Abdi wau dipun kendelaken kemawon, dipun kinten kere langkung awit panggenipun namung sruwal thok. Wusana sang nata wilujeng dumugi ing kedhaton.

Rayi dalem nata midhanget menawi sang nata mudha taksih sugeng, lajeng dhawuh dhateng abdi juru masak ngracun sang prabu. Kalampahan sang nata dipun caosi unjukan powan dipun campuri racun. Nanging nalikanipun sang prabu saweg badhe ngunjuk, dumadakan wonten abdi wahing, sang nata kaget, nanging manahipun suka mbekik-mbekik kepok asta, wusana gelas dhawah, pecah, powanipun wutah. Sang nata wilujeng boten kirang satunggal menapa.

Ewa semanten sang pangeran boten kempa anggenipun mbudi badhe nyidra sang nata. Bande dipun cobu malih. Nanging dereng ngantos kelampahan kesalak seda, dipun cidra ing satunggaling satriya, jalaran sang pangeran lampah bedhangan kaliyan garwanipun sang satriya.

Duh sang putri, ingatasipun sang nata taksih timur makaten, menapa sababipun dene sadaya *pakartining* para *pala-cidra* gagal, boten wonten ingkang dados?”

Sang Putri, “Jalaran sang nata taksih timur sanget. Salokanipun, sela, gumlethak wonten ing siti, boten wonten ingkang mendhet; beda kaliyan sesotya adi, badhe kasimpen wonten ing gedhong waja pisan, dereng mitadosi. Sela boten wonten ingkang mendhet, jalaran tanpa pengaji, boten wonten ingkang melik. Makaten ugi samukawis ingkang ringkih, saking *sekengipun* sering boten wonten ingkang ngaru-biru. Beda kaliyan ingkang sarwa kuwawi tuwin kathah pengajinipun, kathah ingkang melik sarta kathah mengsahipun. Sanajan dipun pagerana beteng rangkep sewu, tetep mutawatasi. Penawar racun ingkang cespleng punika, *boten wonten racunipun*. Kautamen ingkang murni menika manawi sampun mengkeraken dhateng barang endah ingkang badhe sirna menika Boten wonten beteng ingkang santosanipun ngungkuli, *tanpa mengsah*. Makaten ugi boten wonten pangreksa ingkang ngungkuli sihing dewa dhateng sekenging lare. Kenging kaupamekaken sekar trate, sinten ta mengsahipun sekar trate menika?”

Sang Putri lajeng jumeneng ngedhaton kaliyan nyawang sakeclapan dhateng sang nata. Sang nata pengalihipun kados dipun sendhal. Lajeng bibaran.

DINTEN INKGANG KAPING SEKAWAN

"Kakang, sang putri bisa njawab pitakonmu maneh, wus telung dina tanpa tumanja, ewasemono kowe iya takapura, dene sang putri nalika jumeneng nganggo nyawang aku barang. Dhuh, netra teka kaya jala nyawa, nyawaku kena gejala. Hm, menawa aku ora duwe gambar dadi apa awakku, apa kongsi dina sesuk?"

Sang Nata sedalu boten sare, tansah gandrung-gandrung, ingkang dipun priksani namung sang gambar. Enjingipun ameng-ameng dhateng patamanan dipun dherekaken Rusakos, ngentosi seraping surya. Sasering surya sang nata tindak dhateng kedhaton.

Sang putri sampun ngentosi mengagem sarwa bludru, rinengga ing sesotya adi, amakutha kencana pinatik ing manik nawaretna, lenggah ing dhampar mas, mriksani sang nata, *pasuryanipun* sumeh pratandha panuju ing galih. Sang nata badhe kantaka, wusana ndhawah lenggah kedhep tesmak nyawang sang putri.

Rusakos wiwit cariyos, "Kawula nuwun sang putri. Wonten tiyang kembar, klebet gegoloaganing brahmana, kasebut nama Bimba kaliyan Pratibimba²²). mBokmenawi rumiyin pendamelipun sareng ingkang satunggal sampun rampung, *Hyang Wisesa* nunten slulup ing toya ndamel satunggalipun. Senajan ayang-ayanganing rembulan ingkang dhumawah ing toya tlağa menika sampun plek kaliyan kawujudanipun ingkang saestu, tuwin kembaripun ron ingkang tunggal pang jibles boten wonten *sliringipun*, meksa boten mapaki *jambe sinigaripun* sadherek kekalih kembar wau, Bedanipun namung wonten ing kalung. Kalung menapa minangka tetengeripun alit mila. Ingkang saestu nggumunaken dene boten namung kembar wadhagipun kemawon, dalasan swanten tuwin wewatekanipun ugi sami plek. Nanging sareng dumugi sami diwasanipun kenging aral, lajeng sesatron.

Nuju satunggaling wekdal, ngleresi wonten krameyan, Bimba sumerep kenya saklangkung pinunjul ing warni. Nalika Bimba saweg kasengsem nyawang, wanita wau inggih ngilirik dhateng piyambakipun. Tempuking liring pyur kados gedhah dhumawah ing Bela, sanalika sami kasmaranipun, boten

kendhat anggenipun sawang-sinawang. Sareng sampun ngretos dununging griyanipun sang wanita wau, Bimba lajeng mertamu. Sepisan, kaping kalih, kaping tiga, salajengipun ajeg seminggu kaping tiga.

Bimba saklangkung seneng manahipun gadhah klangenan ingkang su-listya ing warni makaten. Dhateng manah mongkog, mbadhedheg. Mila lajeng kapameraken dhateng adhinipun, katedahaken mawi patrap winados. Kiangenanipun boten ngretos.

Pratibimba, ing sarehning kembar sadayanipun, sakala ugi kasmaran dhateng wanita kasebut. Sarta ugi mertamu seminggu ajeg kaping tiga kados kakangipun, namung dintenipun selingan. Pun wanita boten *nglegewa*, boten nyana babar pisan bilih tamunipun kalih, pangintenipun inggih namung satunggal, dhateng saben dinten.

Nuju satunggaling dinten, ngleresi dintenipun Pratibimba mertamu, itimba kangen sanget dhateng kekasihipun, boten sarantos ngentosi dinten enjingipun, lajeng tuwi. Dumugi ingriku kaget sumerep adhinipun tilem tinenggan sarta kinebutan kekasihipun. Pun wanodya sumerep Bimba dhateng, inggih saklangkung kagetipun, sakala njerit ndadosaken kagetipun Pratibimba. Pratibimba gragapan tangi. Tiyang kalih pandeng-pandengan, pencereng-pencerengan. Bimba rainipun abrit kados raup getih, nrajang adhinipun. Pratibimba nadhahi, wusana came banting-binanting, babit-binabit, dhawah sareng gumlundhung ing iii jambak-jinambak.

Wonten pulisi mireng panjeritipun tiyang estri, dhateng tetulung. Tiyang kalih kapisah. Wusana prekawisipun katur dhateng *pradata*.

Bimba: "Nuwun, kula boten trimah sanget dene adhi kula menika nyidra kalangenan kula."

Pratibimba: "Boten, tiyang estri menika kalangenan kula. Tiyang menika ingkang ngrebat." "Kowe sing maling!" wicantenipun dhateng Bimba kaliyan nudingi.

Bimba: "Dudu! Kowe sing ngrebat."

Dangu sami diya-diniya, dakwa-dinakwa, ngaken leresipun piyambak-piyambak. Jeksa ndangu dhateng tiyang estri, "Lah sampeyan rak ngretos ta sinten sing kriyini."

"O, boten, kula boten ngretos. Ngretos yen wonten tiyang kembar menika kemawon inggih saweg samenika menika."

Dhuh sang putri, nyuwun tulung, kados pundi pangrekadayanipun sagedipun mutusi prekawis ingkang ruwet menika?"

Pangandikanipun Dewi Ananggaraga, "Tiyang tiga menika kapisaha, lajeng dipun takeni saking satunggal, kapurih nyriyosaken lelampahanipun nalika pinanggihipun sepisanan. Sanajan Pratibimba inggih sampun dipun kojahi bab pepanggihanipun ingkang sepisanan nalika wonten ing peken malem, nanging bawanipun namung mireng-mireng, mesthi badhe kawiyak gorohipun. Awit pun mripat ingkang nyumerepi piyambak, saged nyathet trusing batos badhe saged melehaken pun kuping ingkang namung mireng-mireng kemawon."

Sang putri lajeng jumeneng, minger mriksani sang nata kaliyan mesem, lajeng kondur ngenyapuri. Sang nata kumepyur ing galih, kados badhe tumut-tumuta sang putri mlebet ing *gupit mandragini*. Bibaran.

Suryakantha



DINTEN INKGANG KAPING GANGSAL

Pangandikanipun sang nata, "Kakang, kebedhek maneh pitakonmu, kalong patang dina umurku, ewasemono kowe takapura maneh, minangka panebusing eseme sang putri sing djesemake marang aku dhek mau. O, Kakang, manise teka uleng-ulengan. Menyang awak rasane anyes, warata saranduning badan trusing balung sungsum. Upama sunar, sunaring rembulan, sorote nelahi singub-singubing alasgreng. Sawise angslup, petenge bali maneh ndhedhet lelimengan. Katujune aku uyandhing gambare, ajaa apa kongsi tekan diva sesuk awakku?" Sang rata ndhawah gandrung-gandrung, sedalu boten sare.

Enjingipun kados adat saben ngenggar-enggar dhateng patamanan. Sontenipun mlebet kedhaton. Sang putri sampun lenggah ing dhampar, tncngagem sarwa abrit enem, rinangga ing sesotya sarwa ijem, amakutha kencana pinatik ing manik sesotya adi. Sang putri tumungkul semu lingsem, boten mriksani ingkang nembe rawuh.

Dene sang nata boten sah panyawangipun, sumlengeren kados kenging ing guna dhesthi.

Rusakos majeng wiwit ndongeng.

"Kawula nuwun sang putri, ratu-ratuning para apsari. Jaman kina wonten ratu andon perang, neluk-nelukaken sesamining nata. Wonten satunggaling satriya tumut perang, kondhang kasudiranipun, bonten angsal tandhing, sinten celak pejah kasabet ing pedhangipun. Nanging (languning-dangu aber kekiyatanipun, panon sumrepet saking sayahipun, konangan ing mengsah sakala dipun lawan kinroyok ing dedamel. Sang sinatriya ketelasan daya nglempuruk bayunipun, dhawah gumlethak wonten ing siti.

Dalunipun ngleresi wulan pumama sisi, sorotipun sumunar madhang jagad mbingaraken manah susah. Sang sinatriya kasongan ing soroting *Hyang Sita*, sakala tungtum otot bayunipun, lajeng tangi, kesah dhateng dliusun ing sacelakipun. Dumugi ing satunggiling griya, telas kekiyatanipun, wusana ambruk wonten ing sangajenging konten.

Ingang gadhah griya menika satunggiling brahmana, saweg kekesahan tebih. Dene ingkang wonten ing griya bojonipun, kaliyan rencang estri

satunggal. Rupinipun saklangkung sulistya, cinandra kados sekar mlathi, pakulitanipun mraba pindha sekar menur namanipun Suwamasila.²³⁾

Wanci tengah dalu Suwarnasila mireng swanten gumlodhag kaprenah ing ngajeng konten, lajeng menyat nginjen saking bolonganing cendhela. Ingriku katingal wonten tijang jaler gumluntung wonten ing siti, kakinten namung damel-damel, batosipun, "Kiraku iki mung apus-apusan wae. Akeh wong kang padha kepencut ing rupaku. Wektu iki sing dieringi ora ana, sapa wonge sing ora melik? Sapa wonge sing ora melik mutyara tanpa ana sing ngreksa? Tumenten dipun tamataken malih. Wusana katingal wonten rah ndledeg dening kasorotan ing padhanging rembulan. Manahipun Suwarnasila kumesar, pangunandikanipun," Wong iki kalingane tatu, sapa ngreti menawa wus meh tumeka ing pati. Wong wadon ndhelikake wong lanang ing mangka bojone lagi ora ana ngomah, mula nistha banget, dosa gedhe banget. Nanging dosa pati iku luwih gedhe maneh. Mula katimbang wong iku tak-etogake bakal mati ana kene, luwih becik taktulungane."

Sasampunipun ngunandika makaten, lajeng ngundang rencangipun, dipun purih nulungi ingkang saweg boten enget, kabekta mlebet dhateng griya saha dipun openi samantunipun.

Sang satriya saben dinten uninga waminipun Sang Suwarnasila, kados tiyang cecelakan kaliyan latu, gadhah grenjet boten sae, angajak lampah ngiwa. Naging Suwamasila sanget boten sarju manahipun, wicantenipun, "Kados pundi dene kasaenan kula teka badhe panjenengan wales awon tanpa panarimah mekaten. Tumrapipun wanita ingkang resik, guru laki menika pepundhenipun. Yen mekaten sampeyan kesah samenika kemawon, kula boten purun nerak wewalering agami."

Salajengipun sakathahing *pamilutanipun* pun satriya cabar tanpa damel, wusana wicantenipun, "O sang *kusumaning* ayu, saestu panjenengan menika ingkang pantes dados jejimat, dados pepundhen, sanes ingkang raka. Namung sanajan panjenengan ingkang paring nyawa dhateng kula, ewasemanten nyawa wau panjenengan jabel wangsul, dening boten karsa nanggapi katresnan kula. Kula badhe tumunten kesah saking ngriki, menawi boten mekaten saestu drenging katresnan kula badhe mbludag boten kenging tinambak ing *situbanda* panarimah."

Sasampunipun wicanten makaten pun satriya lajeng kesah sapurug-purug.

Let sawetawis dinten sang brahmana dhateng. Wonten tiyang estri tangganipun sampun dangu ewa dhateng kesulistyanipun Dyah

Suwamasila, wadul dhateng sang brahmana makaten, "Begja sanget tiyang kados panjenengan menika kagungan barleyan saged ngucap. Selebetipun panjenengan boten wonten dalem, wonten priya ngangge barleyan menika."

Brahmana mireng wicantenipun tiyang estri menikakados dipun totog *alugora* dhadhanipun, lajeng nggenahaken dhateng bojonipun. Wangsulaniipun Suwarnasila, "Dhuh guru laki kula, mila boten lepat menawi wonten tiyang jaler wonten ingriki. Dene larah-larahipun makaten." Suwamasila lajeng ngandharaken ingkang nembe kalampahan. Nanging sang brahmana boten pitados. Suwamasila sumpah tanganipun ndhaplang katungkulaken latu, wicantenipun, "O geni, seksenana menawa aku isih tetep resik setya ing laki, ora mengeng sarambut."

Sanalika latu mbulad sundhul ing pyan. Wonten ilat-ilatan latu kalih ndilat manah tuwin tanganipun Suwarnasila. Nanging wicantenipun brahmana, "Ah, kuwi sulapan. Ayo tut buria aku!" Wicanten makaten menika kaliyan mendhet pedhang, lajeng kesah dipun tutwingking semahipun. Dumugi ing wana ingkang estri dipun rut kaliyan wit, suku kaliyan tanganipun dipun kethok, irung tuwin payu daranipun dipun iris. Suwamasila pejah saking kekathahen wedaling rah.

Sang sinatrya mireng kedadusan menika nepsu sanget, lajeng manggihi sang brahmana, wicantenipun nguwas-nguwas, "O brahmana cilaka, mateni wong tanpa dosa, wong murni suci. Sampeyan badhe nemahi sangsara, gesang sampeyan badhe cilaka. Dhendhaning tindak duraka langkung awrat katimbang pejah. Upami pejah menika siksa ingkang awrat piyambak, sampeyan mesthi kula tekak wonten ngriki. Nanging lunrn ... inggih, inggih, mug-mugi sampeyan pejah tanpa turun."

Sanalika brahmana ngretos manawi kending ing paekan, kesesa nggega ujaripun tiyang candhala ing budi, remen ujar ngamandaka. Wusana keduwung, lajeng tapa wonten ing lepen Silugangga nebus dosanipun. Dene sang satriya nganyut tuwuh mawi pedhangipun piyambak.

"Dhuh sang putri, sebabipun punapa dene tiyang suci mekaten teka tampi paukuman ingkang semanten agengipun?"

"Paring wangsulaniipun putri," Sedaya tiyang menika badhe nitis gesang malih, kejawi ingkang kautamenipun sampun pinunjul, menika Inwar saking alam tumimbal lair.

"Kados pundi ngretosipun kencana murni menawi boten dipun luluh rnwiyin mawi latu. Suwarnasila kuwawi dipun cobi, pratandha manawi satuhu

kacana. Wonten ing jaman akir temtu angsal panglipur. Pendamel sae badhe angsal ganjaran, dene pendamel awon dipun siksa, senadyan dumuginipun prekawis ingkang remeh-remeh pisan.”

Sakendelipun sang putri paring pangandika sakala wonten gara-gara ndhatengi, *geter pater dhedhet erawati*, bumi gonjing pindha ginenjot, langit mengkab-mengkab kados badhe nangkeb bumi. Wusana kapiyeng wonten swara dumeling saking langit nguwuh-uwuh mekaten, “Bener banget tuturira iku Nini Putri.”

Sang putri lajeng jumeneng, nolihi mriksani sang nata, netranipun kaca-kaca ngembeng waspa.

Sang nata dhelog-dhelog kantun *anggana*. Bibaran.

DINTEN INKGANG KAPING NEM

Sang nata ngandika, "Kakang, kejawab maneh cangkrimanmu, kalong limang dina umurku. Sanajan mangkonoa iya takapura, awit wus tinebus sang putri ngagem waspane sing gumebyar nalikane mriksani aku. Duh, olehe comlorot pindha ebon ing wayah esuk tumemplok ing kembang trate kang nedheng megar. Katujune aku nyandhing gambare, kdia kanggo tali sambung umur tekan dina sesuk."

Sasampunipun ngandika makaten sang nata gandrung-gandrung nalih, ngliling-ngliling gambar, dumugi enjing boten sare.

Enjingipun tindak dhateng taman, dipun dherekaken Rusakos. Serap surya melebet kedhaton. Sang putri sampun ngentos ing dhampar, mengagem sarwa jingga, amakutha kancana pelik-pelik sesotya peihaking powan, ketinggal ngajeng-ajeng sanget rawhipun sang nata. Sang nata tindakipun *kadung mangu*, lembhanipun *merak kesimpir*, ndhawah lenggah wonten ing dhampar sangajenipun sang putri.

Rusakos ndongeng, "Duh sang putri, rumiyin wonten ratu kagungan garwa padmi tiga sami endah-endah ing warni. Saking sulistyanipun menawi ngleresi pajar wulan purnama, tetiyang mestani rembulanipun skawan.²⁴⁾

Kacariyos, nuju mangsa benter, ngleresi wanci dalu rembulanipun purnama, sang nata saganwanipun tiga pisan sare wonten ing jawi. Wanci lingsir dalu sang nata wungu, mriksani papan sarenipun ingkang garwa, pangunandikanipun ing salebetipun batos, "Hm, wanodya iku cndahe teka *manta warna*, dhewe-dhewe, nanging teka ayu kabeh. Coba, sepisan iki takwaspadakne temenan garwaku sing endi sing ayu dhewe." Lajeng tumurun saking pasareyan maspadakaken citranipun ingkang garwa gentos-gentos. Ingkang dipun priksani rumiyin piyambak ingleresi sarenipun limrah, mlumah, wonten ing padhangan boten kaling-kalingan punapa-punapa, astanipun ingkang satunggal kagem kajang sirah, milanipun payudaranipun mungal satunggal, kening ing soroting hyang *sitairesmi*, pangageman kasikiran ing samirana, ebah-ebah cat ketinggal cat boten.

Ingang satunggal kundhukan ayang-ayanganipun anjang-anjang, katingalipun kados jinidharan, padhang ginaris-garis peteng, pindha gadhing

sinulaman ing kajeng sana. Dene satunggalipun wonten ing ngandhap undhukan, remeng-remeng boten kasorotan ing rembulan, namung kepadhangane talinganipun sakedhik.

Sang nata kaweken ing galih, mubeng wongsal-wangsul netepaken pundi ingkang pinunjul piyambak boten saged. Uger dumugi ingkang nembe dipun priksani, mastani bilih menika ingkang endah piyambak. Makaten salajengipun saben gentos maspaosaken sanesipun lajeng santun cipta, mastani bilih ingkang kanton menika ingkang endah piyambak. Sang nata saya judheg. Dereng ngantos saged mutusi ingkang gumathok, keselak byar enjing.

Sang nata tumunten sinewaka.

Rekyana Patih Nayanetri²⁵) matur nyembah, "Dhuh gusti kawula ingkang sinuhun, kawula tadhah deduka, waleh-waleh menapa keparenga kawula nyuwun priksa, punapa wonten ingkang dados gerahing penggalih dalem, dene sampeyan dalem sajak kirang sare katawis ingkang netra abrit?"

Sang nata, "Iya teka bener panduganira, Paman. Mau bengi ing sun ora bisa sare, nggagas garwaningsun sing endi kang punjul dhewe kasulistiyane."

Patih gumujeng, "O gusti, dene namung makaten jalaranipun. Kagem sampeyan dalem nuwun inggih malah sewu prayogi, dene prameswari tetiga sami endah-endah sadaya boten wonten bedanipun, boten nuwuhaken penggalih meri. Kersa dalem badhe *ngawuningani* pundi ingkang pinunjul piyambak sulistyanipun, menika boten wonten paedahipun, malah adamel ribed kemawon."

"Ah ora, Paman, arepa kepriye-kepriye kae ing sun kepingin *uninga*."

Sang nata kersanipun adreng boten kenging dipun aturi, wasana unjukipun rekyana patih, "Gusti, yen makaten kersa dalem kawula namung sumangga. *Warangka nata* menika kenging kaupamekaken tiyang numpak kuda, manawi boten saged ngendhaleni utawi mekak, aluwung katuntun. Menawi boten makaten temtu risak kalih-kalihipun. Sampeyan dalem badhe priksa, kawula ngaturi uninga bilih ingriki mentas kadhatengan brahmana neneman naminipun Kantigraha²⁶), *kontap* ing jagad tetiga ahli kasulistyaning wanita. Lah menika kemawon gusti katimbalan. Sampeyan dalem boten badhe kecuwan ing penggalih."

Sang nata saklangkung rena, Kantigraha nunten dipun timbali. Dumugi ing ngarsanipun sang prabu dipun ngendikani menapawigatosing prelu. Sang nata dhawuh dhateng ingkang garwa miyos gentos-gentos. Ingkang miyos rumiyin piyambak garwa ingkang nomer satunggal. Kantigraha sumerep

njegreg saking eramipun, boten ebah kados pinantek ing siti. Gentos nomor kalih miyos, badanipun Kantigraha gumeter sakedhap. Gentos nomer tiga ingkang miyos, cahyanipun sakala pucet. Wusana pangandikanipun sang nata, "Heh brahmana, mara matura, sapa sing sulistya dhewe?"

Pamanahipun Kantigraha, "Yen aku blakaa saiki, bakal ndadekake sungkawane sang prabu, dene olehe paring sih marang sing sulistya dhewe ora luwih saka liyane. Kajaba iku garwa liyane mesthi enggal krungu, ora wurung aku diracuni ..."

Wasana atur wangsulipun *dora sembada*, ""Gusti, abdi dalem dereng saged munjuk. Abdi dalem kawula nyuwun inah sedalu, benjing-enjing kawula sowan ngaturi priksa."

Sang prabu marengaken. Kantigraha mundur, namung sumedya oncat ing saderengipun surya serap. Sejatosisipun eman, awrat sanget badhe nilar, osiking batos, "Ana siji sing ora larang ditohi pati."

Rekyana patih boten kekilapan saebah-mosikipun Kantigraha, *kawistara* wonten ing semu, unjukipun dhateng sang prabu, "Gusti, brahmana menika mangke ngajengaken serap surya badhe oncat saking negari ngriki, awit ajrih matur blaka. Nanging kawula gadhah reka, sampeyan dalem temtu badhe priksa garwa dalem ingkang endah piyambak." Patih tumunten ngaturaken pamanggihipun.

Wusana sang nata priksa garwanipun ingkang endah piyambak, ijalari sihipun kasok dhateng piyambakipun ngungkuli dhateng garwa sanesipun. Garwa sanesipun meri, ndadosaken tuwuhing kedadosan ingkang boten kinajengaken. Garwa kinasih kenging karacun.

Sang nata duka sanget. Garwa kekalih sanesipun *kaukum kisas*. Netesi aturipun rekyana patih, boten wonten paedahipun priksa makaten menika, malah namung ndadosaken karisakan kemawon.

"Duh sang putri, kados pundi rekanipun rekyana patih anggenipun badhe nyumerepi jawabipun Kantigraha menika?"

Sang putri, "Pancenipun boten usah mawi akalan punapa-punapa. Sanalika menika sampun saged methek, garwa nomer tiga ingkang sulistya piyambak. Ingkang sepisan namung saged damel njegreg, nomor kalih gumeter, wangsul ingkang kantun piyambak saged ngengingi nianah."

Nayanetri sumerep dhateng gligapipun Kantigraha. Nanging supados laden rangu-rangu malih, sang nata dipun suwun damel serat palsu tiga dhateng brahmana, *membra* serat saking garwa tetiga, maksudipun ngajak

semayan, dene jam wekdalipun dipun damel sareng. Sareh dene brahmana namung gadhah raga satunggal, mesthi namung milih salah satunggal inggih menika ingkang endah piyambak. Wonten ing ngriku Kantigraha kacepeng abdinipun sang prabu.

Tindakipun manungsa menika nedahaken isining batosiun. Beda kaliyan tembung, tembung saged kemawon namung lelamisan.”

Sasampunipun ngandika makaten sang putri jumeneng mriksani sang nata kanthi cuwaning penggalih. Tumunten ngenyapuri. Sang nata jumeneng kados badhe mondhong-mondhonga.

Bibaran.

DINTEN INKGANG KAPING PITU

Pangandikanipun sang nata, "Kakang, pitakonmu pancene mono ya angel temenan. Nanging nggumunake banget, dene sang kusumaning ayu gampang was olehe njawab. Pancen wicaksana temenan. Sang putri iku sasat Sang Brihaspati²⁷⁾ wadon. Mula senadyan dinane sayembara kalong nem diva kowe takapura. Mung atiku mau kaya ditojoh edom weruh mlenggonge sang putri adi nalika jumeneng saka dhampar. O, senjata aku nyandhing gambare, ya durung mesthimenawa bisa weruh pletheiking srengenge maneh ing dina sesuk."

Ing dalu menika sang nata tansah klisikan, ngolang-ngaling boten saged Bare. Gambar boten pisah. Sontenipun malih tindak dhateng kedhaton. Sang putri sampun ngentos lenggah mengagem sarwa biru, rinengga-rengga ing sesotya adi. Priksa sang nata rawuh, unjal uswas nggresah. Sang nata lenggah, penggalih kados dipun remet-remeta.

Rusakos ndongeng, "Dhuh sang *kalengkaning puri*. Wonten satunggaling tiyang, pekaremanipun main, lami-lami bandhanipun telas kawon sadaya. Ing sarehning tiyang wau boten gadhah kasagedan menapa, inenapa, tur dhasaripun kesed, lajeng mindha-mindha dados fakir, prelunipun supados gampil pados tedha. Badanipun dipun clorengi angus, rambutipun dipun klabang, mengangge gombalan wami jene, akalung balung, nyangking tesbeh, lampahipun seseredan kados pratingkahipun tiyang mara tapa, njajah praja kesah sapurug-purug ngenut jangkahing suku. Saben kepethuk tyang dipun emisi.

Nuju satunggaling dinten tiyang wau saweg linggih wonten ing pinggir margi, sumerep putri nata langkung nitih dwipangga, saklangkung ayu warninipun.

Fakir gadhungan sanalika mbekik, wicantenipun, "Adhuh! Aku dilairake ana ing madyapada iki pinasthi entuk bojo putri kae. Nanging kepriye dalane?"

Fakir gadhungan ngenam-enampikir pados akal. Wusana manggih anggit sarana tapa ngalong, nggandhul ing wit-witan celak kedhaton, lambenipun boten kendhat umik-umik. Saben dinten nggandhul jam-jaman. Kathah ingkang ningali, wusana kapiireng sang nata. Sang nata tedhak mriksani, nyana

menawi fakir agung sayektos. Mila sang sana rumaos begja, lajeng dhawuh maringi tetedhan sarta sesaji.

Nuju satunggaling dinten sang putri Hasamurti²⁸⁾ langkung nitih dwipangga. Wusana priksa wonten tiyang tapangalongs, rainipun pating plethot, cahyanipun abang-biru, sang putri boten tahan ngampet gumujengipun. Fakir gadhungan sakala mandhap sowan dhateng sang nata, aturipun, "Sang Prabu, putri dalem nggegugeng kawula ngantos mbadharaken pasemadi kawula. Ing jaman kina wonten pandhita agung ugi dipun camah makaten menika, kirang ageng pangapuntenipun, ingkang njamah *dipun ipat-ipati*, temahan sangsara gesangipun. Tumrap kawula piyambak taksih ngeman dhateng putra dalem. Nanging tumrap praja dalem kawula supatani, salebetipun 20 taun laminipun badhe boten wonten jawah."

Midhanget sotipun fakir gadhungan mekaten menika sang nata penggalhipun uwas, bingung, mundhut dipun apunten. Fakir palsu api-api mantun nepsu, unjukipun, "Inggih, Gusti. Nanging panyuwun kawula kados mekaten wau sampun ngantos kelampahan malih." Fakir tiron nunten wangsul.

Sang nata duka sanget dhateng putranipun. Dhawuhipun sampun ngantos nggegugeng fakir malih-malih.

Enjingipun sang putri miyos ing ingriku kados sabenipun. Sareng priksa pratingkahipun pun fakir, boten saged ngampet gumujengipun, malah langkung kekel tur cumengkling.

Fakir boten trimah malih. Sang nata mundhut pangapunten kathah-kathah, putranipun dipun dukani. Sang putri sagah mantuni. Salebetipun kalih dinten sang putri boten miyos ing margi kados ingkang sampun, prelu nyingkiri fakir. Nanging tigang dintenipun sampun kesupen, lajeng miyos ing margi lami malih. Sareng priksa ingkang saweg tapa ngalong, kados dipun leledhek tuwin *dipun sesiwu* Sang Hyang Shiwa²⁹⁾ piyambak, gujengipun boteng kening kaampet malih, wusana brol sang putri cekakakan, boten kendel-kendel, dumugi ing kedhaton taksih kepingkel-pingkel.

Fakir trangginas mandhap saking wit, gegancangan sowan sang nata, unjukipun, "O sang Prabu, ketiwasan. Putra dalem saestu kangslupan dhemit. Mentas kemawon sang putri nggegugeng kawula malih, langkung nyerikaken katimbang ingkang sampun, mbadharaken semadi kula, ganjaran pinten-pinten musna sadaya. Kawula sampun boten sabar malih. Sang nata kawula aturi nampeni sot kawula, minangka pamales kawula, sampun nggresula."

Sang nata ngandika *aris*, "Mangke rumiyin, sang Begawan, punapa boten wonten budidaya sanesipun malih?"

Fakir: "Boten wonten, awit putra dalem sampun boten saged senggang gerahipun. Boten wurung kawula badhe tansah badhar semadi kawula kemawon, angsal eridhu saking putra dalem."

Sang nata, "Menapa sang Begawan boten saged njampeni? Menapa boten kagungan japa mantra panulak dhemit?"

Fakir tiron batosipun cikirak-cikrak, nanging *sinaman* ing *samudana*, aturipun, "Dhuh sang Prabu, yen makaten karsa dalem, inggih ta mangke kawula tundhungipun pun dhemit. Nanging menika saking parimima kawula. Ewasemanten menawi pun dhemit wangkal boten purun minggat, negari kawula tempahaken, kawula supatani."

Fakir tumunten dipun ind mlebet dhateng keputren, njampeni sang putri.

Pangandikanipun sang nata, "Dhuh Nini Putri putraku kang dak-tresnani, kowe pijer nggeguyu sang tapa, ora bisa mareni, agawe badhare semadine sang tapa. Nini, sejatine kowe kangslupan roh ala, iki bakal ditundhung karo sang tapa, Nini, manuta wae. Yen ora mengkono ing negara kene bakal kena ing supata ora udan pirang-pirang taun."

Fakir matur, "Dhuh sang Prabu, samenika badhe kawula wiwiti muja mantra, sadaya kedah kesah saking kamar ngriki, ngemungna kawula piyambak kaliyan sang putri ingkang kantun."

Sang nata ngandika, "Sang Begawan, miturut angger-angger Nini Putri boten kenging wonten ing kamar piyambak kaliyan kakung."

Aturipun Fakir, "Sampun kuwatos, sang Prabu, kawula sampun boten kados salimrahang kakung. Sampun dangu kawula kurbanaken dhateng redi Windhya.³⁰⁾"

Dewi Hasamurti ngunandika ing salebeting batos, "E, Kangjeng Rama iki kok busuk temen. Wong iki rak duwe karep kang ora becik. Iya ta, aja koka-kira bisaku mung ngguyu wae. Entenana mengko!" Aturipun dhateng ingkang Rama, "Rama, sampun kuwatos ing galih, sang Begawan menika suci."

Sang nata tumunten tindak. Dene sang putri *ngethik* para abdi dipun dhawuhi ngentos wonten ing kamar sisihipun.

Kocap, pun gadhungan sareng ngretos manawi sampun kantun piyambakan, adrenging manah badhe nubruk sang putri boten kenging dipun sayuti, tumunten damel garis bunderan ngubengi sang putri kaliyan umik-umik sawetawis dangunipun.

Wusana wicantenipun dhateng sang putri, "Dhuh putuku wong ayu, Nini Putri kudu lukar pangageman kabeh dhisik, supaya mantrane mrasuk ing sarira."

"O sang wiku, kula boten kedugi nglampahi pamundhut sampeyan."

Sanalika sang putri dipun tubruk dipun ruket badhe dipun lukari. Sang putri keplok asta kaping kalih, para emban tuwin para nyai sesarengan mlebet kamar. Fakir gadhungan dipun wiyungyung.

Pangandikanipun sang putri, "Grayangen wong tapa iku, isih ana tandhane jalu apa ora?"

Para nyai nglampahi dhawuh. Unjukipun kaliyan pating cekikik, "O, lah gusti, ketiwasan, taksih jalu sayektos."

Sang putri, "Enya pemes, irisen!" Sarta pangandikanipun dhateng pun gadhungan, "Lunga kowe wong tapa palsu, awit saiki setane wis minggat. Yen kowe ora trima, matura marang ngarsane Kangjeng Rama, nanging aku wis duwe dhane dosamu."

Anggenipun nyepengi fakir lajeng dipun culaken. Fakir kerid katur ing sang prabu, boten nggrantes sarambut, malah lajeng gumujeng cekakakan. Dumugi ing ngarsanipun sang nata taksih kekel, unjukipun, "O sang Prabu, setanipun samenika sampun kesah. Lah menika pindhah dhateng badan kawula."

Sasampunipun matur makaten lajeng kesah sapurug-purug kaliyan taksih gumujeng terus.

"Dhuh sang putri, keparenga nyuwun priksa, menapa sababipun dene pun fakir gadhungan menika gumujeng ngantos kados makaten?"

Sang putri tikel imbanipun, menggali sakedhap, wusana pangandikanipun, "Inggih. Fakir palsu gumujeng, menika saking bingahipun dene uwal saking tanganipun para nyai, boten kelajeng dipun pejahi. Tumrapipun para nistha ing budi tuwin alitan manah, pejah menika telas-telasing kasangsaran tuwin kabilaen, mila dipun ajrihi piyambak. Beda kaliyan ambekipun para linangkung, pejah menika remeh sanget. Yen kalampahana mekaten aluwung pejah sedinten kaping sewu, katimbang sedyanipun boten kadumugen."

Sang putri tumunten jumeneng mriksani sang nata kaliyan ngincang imba mengku karsa, lajeng tindak ngenyapuri.

Sang nata kantun anggana. Penggalihipun kelayu sang dewi. Lajeng bibaran.

DINTEN INGKANG KAPING WOLU

Pangandikanipun sang nata, "Kakang, pitakonmu kebedhek maneh, wis pitung dina iki muspra. Ewasemono kowe takapura maneh. Dene karanane ora mung marga sang putri wus karsa ngincangake imbane kang mawa teges, kang palengkunge ngombak-ombak kaya ombaking samodra, nanging luwih-luwih marga saka pangandikane. O kakang, pangandikane teka arum, *paik kilang*, ngana kae mesthi nawung prelambang kanggo aku, njurungi olehku ngleboni sayembara iki. Tur kawicaksanane teka keluwih-luwih. Nanging ya marga kawicaksanane iku sang putri ora kena cinedhakan. O Kakang, arepa nyandhing gambare pisan, kaya-kaya ora kuwawa aku urip tekan dina sesuk." Lajeng gandrung-gandrung malih kados sabenipun. Penggalhipun tansah melang-melang. Dumugi wancinipun sayembara sang nata manjing ing kedhaton.

Sang putri sampun ngentosi lenggah ing dhampar palenggahan mengagem agem-ageman sarwa jene nem, amakutha kancana, pelik-pelik sarwa mirah jingga *hergeni*. Priksa sang nata rawuh, mesem. Sang nata kemanisen, penggalih kados jinuwing-juwing, les-lesan ndhawah lenggah wonten ing palenggahan ngajengipun sang putri.

Rusakos wiwit ndhongeng:

"Duh sang putri linangkung. Rumiya wonten brahmana bodho ngalampahi dosa ageng. Mitranipun suka pitedah, dosanipun saged lebur menawi salajengipun mengkeraken kadonyan saha saben dinten adus wonten ing Bengawan Silugangga.

Brahmana sanalika lajeng masrahaken barang darbekipun dhateng anakipun, tumunten bidhal boten mbekta punapa-punapa dhateng Bengawan Silugangga. Sangunipun namung teken kaliyan bathok wadhah toya.

Angsal sawetawis dinten lampahipun mregoki lepen alit ing pareden, hanging senajan ketiga ngerak boten asat. Brahmana-bodho ndugi menawi menika lepen Gangga, lajeng dhedhepok wonten ingriku, sarta saben dinten adus wonten ing lepen menika. Makaten punika ngantos gangsal taun laminipun.

Nuju satunggaling dinten wonten tiyang gentur ing tapa golonganipun bangsa Pashupata³¹⁾ lelana langkung ingriku, sumerep pun brahmana taken, "Kulup, kowe iku lagi apa?"

"Pukulan, kawuningana, kula menika gadhah dosa ageng. Saking keduwunging manah kula, kula saben dinten adus wonten ing Lepen Silugangga menika, minangka dhendahning dosa kula supados angsal pangaksama saking Hyang Mahaagung."

Uliya Siwa mlengak, "E-e, e-e, e-e, kali dilik mengkene ko-arani Silugangga."

"Lo menapa menika sanes Silugangga?"

Uliya gedheg-gedheg kaliyan gumujeng, "O wong busuk kowe iku. Aku durung tau weruh wong bodhone kaya kowe. Bengawan Silugangga iku isih pirang-pirang atus pal saka kene. Karo dene maneh Gangga teka dipadhakake kalen mengkene, sasat Gunung Mahameru kokpadhakake karo unthuk semut, kuwi was isih dudu pepandhingan."

Brahmana legeg-legeg, "O pukulun, nyuwun gending pangaksama. Boten langkung kula matur sembah sewu nuwun dhateng paring paduka pitedah punika."

Tumunten nyandhak teken tuwin bathokipun, enggal lumampah ngener dunungipun Benawi Silugangga. Wusana dumugi ing satunggaling lepen ageng. Brahmana saklangkung bingah manahipun, batosipun, "Lah dalah, iki mesthine Bengawan Silugangga iku."

Tumunten dedunung wonten ingriku. Saben dinten adus wonten ing lepen wau, ngantos gangsal taun laminipun.

Wusana wonten Kapalika³²⁾ langkung, wicantenipun, "Kulup, ana apa kowe ana kene, ora paedah kowe adus banyu kali iki, awit iki dudu Bengawan Silugangga."

Brahmana melenggong, "Pukulan, menapa menapa sanes Benawi Gangga?"

"O kulup. Kepriye dene kalen mengkene sinengguh Silugangga. Apa ana asu padha karo singa barong, candhala³³⁾ padha karo brahmana? O wong busuk kowe kuwi!"

Brahmana sedhih sanget manahipun, wicantenipun malih, "O pukulun, tujunipun paduka enggal rawuh mriki, kula sanget kepotangan budi dhateng paduka."

Brahmana nyandhak teken tuwin bathokipun, enggal bidhal malih, lumampah boten ngetang sayah tuwin *sungiling* margi. Dumugi ing Nermada

kendel, batosipun, "Wangune ya iki kang jeneng Gangga iku." Manahipun saklangkung bingah, lajeng gegriya wonten ingriku ngantos gangsal taun laminipun, saben dinten adus wonten ing benawi kasbut.

Dumadakan wonten tiyang ngintun sekar dhateng bendawi wau, sekarpun dipun sawur-sawuraken dhateng toya minangka sesaji, kaliyan ndremimil nyebut namanipun benawi. Brahmana nyelaki kaliyan taken, "Mitra, kula badhe taken, lepen menika lepen pundi?"

Wangsalunipun, "Teka aneh sampeyan menika, boten ngretos nama-nipun Benawi Nermada punika."

Brahmana unjal napas, wicantenipun, "O sedherek, kula matur nuwun," lajeng enggal mendhet tekan kaliyan bathokipun, nunten nglajengaken lampahipun. Nanging samenikanipun pun brahmana sampun sepuh, sariranipun sampun ringkih, lampahipun senthuyuk-senthuyuk ngrekaos, anggenipun asok dhendha sampun lami, kekiyatanipun saya telas. Ing mangka lampahipun nrajang bebulak wiyar ngenthak-enthak, menawi siyang benteripun jumbet kados mecah-mecahna sirah. Sitinipun mlekah-mlekah, dhateng dlamakan raosipun kumranyas kados dipun garang. Brahmana sampun boten kiyat nandhang pamisesaning alam, wusana ambruk dhumawah ing sakit benter. Ewasamanten taksih dipun tahan-tahanaken, dipun kiyat-kiyataken lumampah sakuwawinipun, jumangkah sakecongahipun, majeng setindak kalih tindak igang tindak nggremet saking sakedhik, napasipun ngangsur-angsur, ambekanipun sampun boten kenging dipun tata, dangu-dangu paningal blawur, pet-petan, wusana dhawah nggloso, klempir sawetawis dangunipun. Sasampunipun enget, lajeng ngempalaken otot bayunipun, ilgetog kekiyatan nggremet malih, *asuku jaja teteken janggut*, ilglungsar rambatan rerumput gondhelan oyod-oyodan, minggah ing gegumuk. Brekahipun ingkang mahakuwaos brahmana saged dumugi iinginggil. Boten tebih saking ngriku brahmana sumerep gumerlaripun loya Benawi Silugangga kimplah-kimplah, saengga tanpa tepi. Saking dliaratan tetiyang selur kados *sela brekithi* sami sesuci, adus kungkum, kilup, gebyur reresik badan mbucal *kafesaning* sukma. Brahmana sepuh a was ningali, sakala kumelap manahipun ical daya kekiyatanipun, saking manah ajrih tuwin kaget. Sanalika prembèh-prembèh nangis, megap-megap sesambat ngaru-ara, wusana njerit sarosanipun dhateng lilenawi Silugangga, "O Gangga, Gangga sinuci. Adhuh, adhuh ... Aku ngalaya bumi ..., lagi ketemu saiki ...". Badanipun sakojur buyuten, manahipun rempu, ambekanipun ngangsur, paningal peteng,

wasana sirah tumungkul, pun brahmana *ciklu puput* dhateng jaman kailangan, boten kaleksanan sedyanipun dumugi ing satepining Bengawan Silugangga.

Wonten ing ak erat tampi pangandilanipun Sang Hyang Bathara Yama³⁴). Bathara Yama ndangu dhateng carikipun anama Chitrugupta³⁵), mekaten, "Dosane apa wong iki?"

Chitrugupta, "Pukulun, tiyang menika dosanipun ageng sanget, nanging sampun katebus srana caos dhendhan adus wonten ing Benawi Silugangga laminipun 15 tahun."

Brahmana sanget ngunguning manahipun, aturipun, "Pukulun, menapa paduka boten klintu, awit kawula saestunipun dereng kaleksanan dumugi ing Benawi Silugangga."

Bathara Yama mesem.

Dhuh sang putri, pitaken kawula menapa sebabipun dene Sang Hyang Yana mesem."

Paring wangsulipun sang putri, "Bathara Yama menika asipat mahaadil sarta boten saged klintu. Mekaten ugi Chitrugupta inggih boten kenging dipun apusi, utawi kaloropaken. Senajan anggenipun asok dhendhan wonten ing Gangga, menawi boten kaliyan manah resik inggih boten kangge. Wangsul menawi kanthi manah temen-teman, senajan boten wonten ing Gangga pisan, kados lelampahanipun brahmana menika, mangka pangintenipun sampun wonten ing Gangga saestu, dosanipun inggih ugi kaapunten.

Manungsa menika anggenipun ngadili namung mawi bukti tuwin paseksen lair, gampil sanget kesasar tuwin klintunipun, awit bukti utawi paseksen menika kerep palsu. Wangsul Bathara Yama anggenipun *mradata* wewaton: manahipun, kabatosanipun.

Sang Putri tumunten jumeneng mriksani sang prabu mbalang liring sakedapan kaliyan mesem, lajeng kondur ngenyapuri. Sang prabu dhelog-dhelog kanton anggana. Bibaran.

Suryakantha

DINTEN INKGANG KAPING SANGA

Pangandikanipun sang nata, "Kakang, kalah maneh kowe cangkrimanmu; wis wolung dina dinane sayembara ilang muspra. Ewa mengkono kowe isih takapura, ijole eseme sang putri sing dikiecemake marang aku. O kakang, kumelape kongsi kaya kumenyaring banyak agung putih memplak kang akethap-kethap lelengen ana ing tlaa Manasa, cumlorot kasorotan ing sunaring Hyang Pratangganapati."

Bibar ngendika mekaten lajeng turnungkul ngliling gambaripun sang putri.

Sontenipun tindak dhateng kedhaton. Sang putri mengagem agem-ageman sarwa abrit sepuh sulak wungu, rinengga-rengga ing kancana sesotya adi. Bokmenawi anggenipun ngentosi sampun dangu, katandha sareng sang nata rawuh katingal sanget cumplonging penggalhipun.

Sang nata saniranipun lesu, lajeng nglego wonten ing palengghan ingarsanipun sang putri, nyawang citranipun sang pintha wulan, boten ebah-ebah.

Rusakos wiwit ndongeng, "Dhuh sang sudewi, Rumiya wonten sudagar misuwur sughipun, gadhah semah ayu sanget, nanging kuciwanipun sedheng ing kakung. Saking remenipun lampah ngiwa, saben sumerep priya *njenthara* ulatipun kados blencong kasabet ing samirana, *wiraganipun karagan-ragan*. Ical *susilanipun* wanita, bebasan kados ron rumput sadlejer dumawah wonten ing tengahing wana kobar, dados endheg amun-amun.

Kyai sudagar ngretos dhateng sadaya menika, nanging sihipun dhateng ingkang estri ngungkuli katresnanipun dhateng nyawanipun piyambak. Mila sadaya pratingkahipun ingkang estri dipun apunten terus ing batos, namung ingkang estri malah nyepelekaken tuwin malah gething dhateng ingkang jaler.

Nuju satunggaling dinten, sudagar estri saweg anguk-anguk wonten ing cendhela, wonten satunggaling Rajput taksih nem tur bagus langkung ing margi ageng ngajengipun. Sareng tinggal pagut sami mesemipun, wusana sudagar estri sampun boten saged nayuti kekajenganipun malih, tumunten tumut kesah.

Kyai sudagar manoni kawontenan kados mekaten menika kados pejah ngenggen. Ewamekaten taksih gadhah pengajeng-ajeng wangsulipun ingkang

estri. Inggih pengajeng-ajengipun menikal, ingkang taksih dados tetangsupipun gesang, boten kelajeng mantuk dhateng jaman kalanggengan dening sedhih katilar gegantianing manahipun ingkang sanget dipun tresnani menika. Saking sedhihipun kyai sudagar boten saged nindakaken kuwajibanipun dedagangan. Boten antawis dangu kyai sudagar dhumawah ing kemlaratan, mitra-mitranipun sami sumingkir. Boten teka welas, malah netah-netah, ngawon-awon, nggegugeng, nyamah sapanunggilipun. Nanging tumrapipun kyai sudagar sedaya menika dipun anggep boten dados punapa, rintem dalu ingkang dipun manah namung semahipun.

Mekaten menikal ngantos tigang taun laminipun. Saben sasekon raosipun kados sajam. Satunggal jam kados sawulan. Satunggal wulan kados setaun, dene setaun kados satunggal kalpa²⁶).

Sigeg. Kacariyos lelampahipun nyi sudagar. Sareng sampun jejodhoan sawetawis laminipun kaliyan Rajput, kempa. Lajeng kesah katut tiyang jalu sanesipun. Sakedhap, bosen, lajeng gantos sanesipun malih. Mekaten wongsal-wangsul gentos-gentos kados pratingkahipun bremlara mencok ing sesekaran pados maben.

Kacariyos, nate nyi sudagar dipun pendhet semah kaliyan satunggaling jejaka anakipun satunggiling sudagar. Nalika saweg remen-remenipun, greget-greget suruh sukunipun nyi sudagar dipun candhakipun jejaka badhe kinuswa. Nanging nyi sudagar klintu tampi boten ngretos ingkang dipun kajangkaken, sukunipun enggal katarik, wusana kebeler anting-antingipun pun jejaka, ndadosaken tatu radi lebet. Sareng mantun mluwekipun taksih nabes dados *gethek*.

Gentos kacariyos, sareng sampun jangkep tigang taun, kyai sudagar piyambakan wonten ing nglebet griya. Rencang satunggal kemawon sampun boten gadhah, awit sareng dhumawah ing kemlaratan menika rencangipun sami dipun purih kesah, kejawi boten saged mbayari ugi boten wonten padamelanipun. Kowontenanipun girya nyenyet. Ki sudagar sangga uwang ngangen-angen pepesthenipun ingkang saweg kasandhang. Inggang dipun manah namung bojonipun ...

Dumadakan mireng swaranipun tiyang thothok-thothok. Ki sudagar kaget kaworan ngungun, awit sampun pinten-pinten abad raosipun boten wonten sabawa mekaten menika. Ki sudagar kumrengang ngengakaken konten. Wusana ingkang katingal bojonipun, nanging kawon-tenanipun sampun malih babar pisan. Wujudipun sampun sepuh, badan risak rupinipun awon.

Pengganggenipun pating sranthil reged, kebak bledug. Nalika byakipun konten nyi sudagar mandeng ingkang jaler, luhipun kumembeng kaliyan plingkurane dening ajrih tuwin isinipun. Tanganipun grayah-grayah pados cepengan, wusana klusud dhawah wonten ing tlundhag, boten enget ler kidul. Semunipun saking sayah saha luwenipun.

Kyai sudagar sumerep ingkang estri dhateng, ndomblong, kados sanalika kendel keketegipun. Wasana sareng wangsul kaengetanipun sakala mbengok saking bingahipun. Gurawalan ingkang estri dipun bopong cemot kabekto dhateng kanthil dipun tilemaken. Agahan dhateng pawon mendhet sekul kaliyan toya, lampahipun kesandhung-sandhung boten dipun raosaken. Bledug ingkang tiumemplok ing pengangenipun ingkang estri dipun resiki. Manahipun ingkang estri dipun lelipur. Kaarih-arih supados mantuna ajrih tuwin sedhih. Boten pisan-pisan netah, agengipun nepsu, ingkang estri purun wangsul menika kemawon sampun ndadosaken lan bingahipun.

Panyawangipun kyai sudagar ngantos kados ngililing-ngililing, kaliyan mesem-mesem, nanging mripatipun kaca-kaca kebak luh. Growahing manahipun sakala pulih, kados-kados ingkang estri menika dereng nate kesah saking griyanipun, ngimpi mekaten kemawon boten.

Ingang estri dipun elus-elus, dipun peteki supados ical sayahipun. Salebetipun mekaten menika dumadakan ki sudagar sumerep tilas tatu ingkang wonten ing suku, tabet kebeler ing anting-antingipun pun jejaka anakipun pun sudagar ingkang sampun kacariyosaken ingajeng. Wicantenipun ki sudagar kaliyan ngelus-elus gehebe tatu, "O sikil tatu ... mesakake temen. Wusanane kowe bali menyang panggonanmu sing tentrem."

Ingang estri mireng wicantenipun ingkang jaler mekaten menika Inripat mlolo ngangwasaken bojonipun kados tiyang gumum, lajeng gumujeng, sakala manahipun rempu, nyi sudagar unjal napas ingkang pungkasan, pejah dadakan wonten ing kanthil ngriku ugi.

Ki sudagar ningali ingkang estri sampun ical yitmanipun, sanalika iiggilundhung dhawah wonten ing siti pejah nututi rabinipun.

Dhuh sang putri, punapa to karananipun dene nyi sudagar manahipun lajeng rempu mekaten?"

Rusakos kendel.

Sang putri ngandika, "Nyi sudagar manahipun rempu menika saking susah tuwin sedhihipun. Awit sareng ngretos menawi sedaya kalepatanipun kaapunten, tuwin winales ing kasaenan saha katresnan, sakala enget dhateng

lelampahipun nalika sukunipun nandhang kekaton, wusana sanget nggrantes saha piduwulging manahipun. Saking bebekipun, ngantos kados ilining toya *namada* bena mangambak-ambak, saestu boten kenging tinambak, wusana manah boten kuwawa nanggulangi, setubanda dhadhal, wekasan pun *jiwa* *atma* *murud* dhateng kalanggengan.”

Sasampunipun ngandika mekaten sang putri tumunten jumeneng kondur ngenyapuri, tindakipun mandheg mangu bot-boten, wusana mengo nglirik sang nata, semunipun nawung sungkawa.

Sang nata pengalihipun kados *kasendhal mayang*. Bibaran.



DINTEN INKGANG KAPING SADASA

Pangandikanipun sang nata, "Kakang, dinane sayembara wus ilang 9 dina. Kowe ora Bakal takapura menawa sang kusumaning ayu ora kena ing aku. Awit sang putri wis ora kaya adate.

Yen nyawang aku saiki ulate sumeh, dene yen arep pisah, sajake rasane , abot banget. Kang iku Kakang, ati-atinen kang temenan, nganggita pitakon sing angel banget, di nganti sang putri ora bisa njawab. Dene aku dhewe, tak ngrerapu penggalihku dhewe nganggo gambar iki, kareben kuwat nyawang sunaring Hyang Pratanggapati tekan ing diva sesuk."

Sang nata tumunten gandrung-gandrung malih kados ingkang sampun-sampun. Siyangipun ameng-ameng wonten ing patamanan, dipun lelipur Rusakos. Serap surya tindak dhateng kedhaton.

Sang kusumaning ayu Dewi Ananggaraga sampun nganti-anti lenggah ing dhampar, mengagem agem-ageman sarwa pethak mubyar, rinengga-rengga ing sesotya adi asorot wungu tuwin wungu nem, amakutha kancana, mriksani dhateng sang nata ingkang saweg rawuh kaliyan unjal napas lebet sanget.

Sang nata ndhawah lenggah wonten ingarsanipun, njegreg boten ewah boten ebah mriksani citranipun sang putri, kados dipun gendam. Rusakos wiwit ndongeng:

"Duh sang putri, rumiyin wonten tukang gelut misuwur, awulu kalong dhiwut-dhiwut kados kethek. Tukang gelut menika wau gadhah kalangenan satunggal.

Nuju satunggaling dinten tukang gelut saweg dhateng saking kekesahan, klangenanipun boten wonten, lajeng dipun padosi. Wonten tiyang saweg thenguk-thenguk dipun takeni.

"Kowe apa weruh klangenanku?"

"Apa klangenanmu nganggo kalung?"

"Iya "

"O lah, mau metu kene."

Tukang gelut nglajengaken madosi, boten dangu kepethuk tiyang, dipun takeni kados ingkang sampun, wangsulanipun, "O iya, aku weruh, mau ngadeg ana kono arep menek tembok kuwi."

Sanesipun nyambeti, "Aku ya weruh, mau lagi mbrang kang karo kukur-kukur sirah nganggo tangan siji."

Terus kalacak. Wonten tiyang ngumbahi dipun takeni, wangsulanipun, "Mau ya liwat kene, malah ngilo ana banyu, merat-merot karo ngiwi-ngiwi wayangne."

Boten dangu malih kepethuk tiyang sade wowohan, wicantenipun tiyang sade wowohan, "Aku mau ya weruh, mbeneri ana ngisor wit-witan, lagi mbubuti gagak mati, gagake gegudras getih. Malah takwenahi kacang sagegem."

Tukang gelut ngrikataken lampahipun, wusana kepethuk tiyang jaler kalih saweg omong-omongan, dipun takeni ingkang satunggal mangsuli, "Aku weruh mau lagi petan karo kancane nunggal bangsa." Dene satunggalipun mawi taken, "Wulune kaya apa?"

"Kaya wuluku."

"O lha kae, penekan ing wit kae, geyang-geyong gandhulan pang." Dhuw sang putri samenika pitaken kawula, klangenanipun menika bangsanipun Menapa?"

Sang putri ngandika kaliyan mesem, "Menikasanes kethek, nanging lare. Saged ugi anakipun piyambak."

Bakda ngandika tumunten jumeneng, katingal menawi bot-boten, rumaos dereng tuwuk anggenipun lelenggahan, pasemonipun kados netah dhateng sang nata. Bibaran.

DINTEN INGKANG KAPING SAWELAS

Pangandikanipun sang nata, "Kakang, sang putri meksa isih menang. Apadene dinane sayembara wis kari 11 dina, 10 dina ilang muspra, nanging samungguh critamu ora kebangeten cendhake, ya takapura. O kakang, wong crita teka kebangeten cendhake mangkono, lagi was wiwit, teka wis cuthel. Kang iku senenging atiku mung saclereting kilat, upama wong ngombe mengkono durung tutug, kurang banyu, durung kongsi teka joge, wus ngelak maneh. Mengkono uga awakku, durung kongsi katog panyawangku marang citrane sang putri keselak critamu cuthel. Ah Kakang, ayake ora kuwat aku ngenteni teka diva sesuk, wektune sapatemon maneh. Bok yen crita kuwi sing dawa to Kakang. Hla saiki aku sawengi kepeksa dhewe emple, rewange mung gambar iki, tur saiki wis ora maedahi apa-apa, sabab wis ora ngepleki karo kawujudane." Sigeg.

Enjingipun sang nata tindak-tindak dhateng petamanan, kadherekaken Rusakos kados adat saben. Wanci sonten tindak dhateng kedhaton.

Sang putri sampun dangu ngentosi, lenggah wonten ing dhampar mengagem sarwa ijem sepuh. Netranipun riyem-riyem setengah merem mriksani sang nata. Sang nata sumenteg ing galih, awit mekaten menika ngatawisi bilih panggalihipun sang putri isi.

Rusakos majeng ndongeng:

"Dhuh sang putri, rumiyin wonten ratu kagungan guru kasampurnan. Guru wau kenging godhaning setan remen dhateng satunggaling pawestri sampun gadhah semah. Pun pawestri kasbut purun nglanggati, awit pancen gadhah watak purunan. Nanging dereng saged kadumugen sedyanipun pepanggihan, saking kencenging pangreksanipun ingkang jaler.

Sang guru manggih akal, ngraketi semahipun. Anggenipun pitepangan sae sanget, malah kewedal wicantenipun bilih piyambakipun saged ngrogoh sukma punapa (yoga).³⁷⁾

Wicantenipun sang guru, "Kula menika saged ngrogoh sukma tuwin manjing dhateng badanipun tiyang sanes. Lan menawi sampeyan kepengin, kula inggih saged ngrogoh sukma sampeyan, sarta menjingaken dhateng badaning tiyang sanes."

Tiyang wau boten nggraita dhateng sdyanipun sang guru, tembungipun dipun tampi lamba kemawon, mila wangsulanipun kepengin sanget badhe nyobi. Tumunten dipun jak dhateng kuburan.

Sang guru *matek* japa mantra, sakala sukmanipun tiyang kalih oncat sareng. Saking bingahipun sang guru boten kengetan menapa-menapa malih, lajeng manjing dhateng badanipun tiyang wau, tumunten wangsul relikatan badhe pepanggihan kaliyan pawestri semahipun tiyang ingkang dipun slupi raganipun.

Kocap ingkang tinilar. Sukmanipun tiyang wau bingung, dene raganipun sampun boten wonten, wicantenipun, "E lah bilahi aku." Sumerep raganipun sang guru *gilang-gilang* tanpa nyawa lajeng dipun slupi. Pancenipun mekaten boten seneng, nanging kados pundi malih, awit boten wonten raga sanesipun kajawi menika. Kalayan manah sedhik tiyang wau mantuk dhateng ing griyanipun sang guru.

Kacariyos pun pawestri kasbut nginggil sumerep menawi ingkang jaler kesah, boten saged ngampet derenging manahipun badhe sapatemon kaliyan sang guru, badan kados kagodhog, lajeng kesah dhateng griyanipun sang guru *sacara, abhisarika*²⁸⁾.

Mila sareng sang guru dumugi ing griyanipun pun pawestri, suwung. Dipun entosi sedalu muput boten wangsul. Manah pegel, pisuhipun ndhrindhil. Sedadu namung misuh-misuh saking dena adrenging manahipun, nanging boten keleksanan kajengipun.

Kocap, pun pawestri sampun dumugi ing griyanipun sang guru. Boten antawis dangu semahipun –abadan sariranipun sang guru– dhateng. Nyumerepi ingkang estri wonten ingriku saklangkungngunguning manahipun. Namung ingkang estri boten *nglegewa* bilih ingkang dhateng menika semahipun piyambak. Sumerep raganipun sang guru dhateng gapyuk dipun rangkul gulunipun, wicantenipun kaliyan lelendhotan, "Adhuh bisa ketemu saiki."

Inggang jaler bingah, awit sampun radi dangu ingkang estri namung klewa-klewa kemawon. Mila sedalu boten kenging pisah.

Sareng byar enjing, ingkan estri tangi, tumunten mantuk tanpa pamit. Inggang jalertaksih tilem.

Mangsuli kyai guru. Anggenipun ngantos-antos ngentos sang *jiwa*ma ngantos gembrobbyos. Badan lemes manah murub, meksa boten dhateng.

Wusana lajeng mantuk kanthi mesguling manah. Mengker sang guru pawestri dhateng.

Sang guru dumugi ing griyanipun sumerep bojonipun pun pawestri taksih tilem kepatos mawi raganipun, sanget ing ngunngunipun. Nanging ingkang mekaten menika namung sakhedap, sareng enget dhateng lelampahipun piyambak, sakala muntab nepsunipun. Ingkang sawe ngeca-eca tilem dipun gugah, wicantenipun kaliyan mencereng, "He genjik, ana apa kowe turu ing kene?"

Inggang dipun gugah grapapan tangi, wangsulanipun, "Hlo, lah sampeyan ngenjingi raga kula lajeng kesah menika kersa sampeyan kados pundi?"

"Wis ora caturan. Ragamu gawe gempunging atiku. Mung marakake cilaka bae. Aku prasasat ana nraka. Ragamu arep takobong!"

Inggang ghadah raga ndrodhog saking ajrihipun, mendhak-mendhak nyelaki kaliyan wicanten ngasih-asih, "Dhuh kyai guru, kula boten gadhah raga kejawi menika. Ing mangka asrepipun kados mekaten. Mangga takyai lintonan malih. Gadhahan kula kula suwun, dene raga menika sampeyan pudhut."

Wusana tiyang kalih dhateng ing kuburan malih. Sang guru ngemelaken mantranipun, sakala sukmanipun tiyang kalih oncat wangsul manjing dhateng raganipun piyambak-piyambak.

Tiyang jaler ngilir pungun-pungun kados tiyang ngimpi, sakedhap pulih kaengetanipun, gawang-gawang dhateng sadaya ingkang kalampahan, sakala dhadhanipun kados dipun ububi, wicantenipun sora, "Heh kowe brahmana kepaung, kowe ngrangkul bojoku."

"Lo, aku gepok senggol apa karo bojomu. Weruh wae ora."

"Weruh wae ora? Ayo melu aku."

Sang guru dipun ajengaken dhateng pangadilan kaliyan ingkang estri. Tiyang jaler nggancaraken kawontenan ingkang nembe kalampahan ing dalunipun, wiwit wiwitan dumugi wekasan, boten wonten ingkang kalangkungan. Wusana aturipun dhateng jeksa, "Panyuwun kula tiyang kalih menika dipun blenggua."

Brahmana wangsuli, "Aku ora gepok senggol karo bojomu."

Pawestri wicanten melehaken, "Teka mawi kumbi. Punapa sanes sampeyan ingkang ngrangkul kula kala wau dulu?"

Sang jeksa mireng anggenipun sami pabenan tanpa tedheng aling-aling, lingsem, saha boten saged mutusi.

Dhuh sang putri sumangga kawula aturi maringo pitulungan, kados pundi pangadilanipun?" Rusaskos kendel.

Sang Putri ngandika, "Guru menikatiyang awon, gadhah sedya boten sae. Ewasemanten meksa boten kokum ing negari awit senadyan badhe nglampahi dosa, nanging boten kalampahan, dados boten nglampahi jina lair.

Pun pawestri menika dosa alarnpah jina, nanging ingkang jaler ugi nyumerepi tuwin ugi ngililani.

Dene tiyangipun jaler piyambak, saking boten saged ngampah *hardaning* manahipun, purun dados *trantananing* bebedhangan, mangka inggih ngretos menawi tindakipun badhe adamel kawiranganipun benjing. Ingkang menika inggih kajengipun wirang isin dipun sandhang piyambak, minangka ukumanipun. Putusanipun, tiga pisan kaluwarana."

Sang Putri tumunten jemeneng kondur ngenyapuri, tindakipun kadung mangu, ing penggalih kraos awrat badhe kondur ngedhaton. Bilih kawiyosa mekaten badhe ngendika, aluwung boten pisah kemawon.

Bibaran.



DINTEN INGKANG KAPING KALIHWEAS

Sang nata ngandika, "Kakang, aku teka ora krungu olehmu ndongeng mau, mung krungu saipit, tur ya mung lamat-lamat wae, ora cetha. Wangune aku mau mung *ngembang cubung* Kakang, ndlongop wae. Ndlongop wae ngawasake citrane sang putri. Kakang, lathine, netrane, hm, kok sarwa apik. Talinganku nganti sok bumpet, ora krungu apa-apa.

Aku saiki ngandel temenan marang kawicaksanane sang putri, pranyata ratu-ratuning wicaksana, tandhane Kakang dhewe ora bisa ngalahake. Dinaning sayembara ilang 11 dina, 10 dina. Kakang, yen aku nganti kalah, kowe ora Bakal takapura. Awit saya suwe sangsaya rekasa atiku pisah karo sang putri. Apadene sang putri dhewe katone saya nglentrih awake, cahyane kaya rembulan karahinan. Dene gambar iki, teka nyelot ora ana dayane. Ah, kaya-kaya aku ora kuwawa pisah tekan dina sesuk."

Sang nata gandrung-gandrung malih, sedalu boten sare, ngenglung ngliling gambar. Enjingipun wungu, ameng-ameng dhateng tamansari, ngajeng-ajeng seraping Hyang Pratanggapati.

Saseraping surya sang nata tindak dhateng kedhaton. Sang putri sampun lenggah ngentosi, menggagem agem-ageman sarwa jambon, sesendhenan wonten ing dhampar, tansah mriksani marginipun sang nata, ngajeng-ajeng rawuhipun. Boten dangu sang nata rawuh, ndhawah lenggah wonten ingarsanipun.

Rusakos ndongeng.

"Duh sang putri linangkung. Ing satunggaling wana Bung liwang-liwung wonten ratuning gajah, saklangkung ambek gumedhug. Wana gegerotan kasasak wani. Gegrumbulan katrajang mawut, *rawe-rawe rantas malang-malang putung*.

Bilih sayah mbebingar manah, tumunten mlampah alon dipun et Waken liman dasanan lumampah ing wingkingipun. Wonten gumuk l'epunthuk semut, dipun coblos mawi gandhingipun, kaobrak-abrik mawut dados bledug. Lampahipun lajeng dumugi ing blumbang kendel. Toyanipun nyarong kados kaca. Ratu dwipangga ndhawahaken tlatenipun nyerot toya sarosanipun,

kesemprotaken ing lambungipun waradin nelesi badan sakojur. Sasampunipun katog anggenipun adus, lajeng lelendhotan ing kajeng ageng akekosod, kuping njepiping ngadeg, mripat merem, tlate goyang ngiwa nengen, gandhingipun pethak gilap sumela wonten ing badanipun ingkang ageng ngrenggunuk cemeng, kados banyak gung sakembaran sumelap wonten ing pepetenging mendhung *angendhanu*.

Kacariyos, semut ingkang manggen ing pepunthuk kasbut ngajeng ambyar sar-saran boten kanten-kantenan polahipun. Makethi kima mayuta gulma pejah kebrekan siti. Wicantenipun ratu semut, "E lah, ketiwasan kanca. Apa klakon wadyabala semut tetumpesan mung jalaran gajah edan siji ngamuk? Elok temen kaanan iki!"

Nunten sami rerembagan. Giliging rembag sami nedha pitempah. Wonten semut pitu klebet pepilhaning semut, kapilih dados kengkenan, minangka wewakilipun para makhluk semut, manggihi ratuning dwipangga. Lampahipun urut kacang nggremet ing wit ageng paken-delanipun sang dwipangga. Dumugi ing nginggil kuping leres, semut wicanten, tembungipun.

"O sang dwipangga, kula wakilipun wadyabala semut manggihi panjenengan, prelu nedha pitempah, awit panjenengan mentas damel pepejah semut kathah sanget. Manawi panjenengan boten setuju, boten wonten margi sanesipun malih kajawi perang."

Sang dwipangga mireng swanten lamat-lamat, tumunten nglirik dhateng asaling swara. Sumerep wonten semut pitu jentrek wonten ing klikaning wit, batosipun, "E-e, e-e, ana lelakon teka elok temen. Semut diklik mengkene arep apa karo aku sawadyabalaku?"

Dwipangga nunten nyerot toya kasemprotaken dhateng semut, sakala pitu-pitunipun pejah tanpa kukuban.

Ratuning semut nepsu sanget, wadyabalanipun ageng-alit dipun kerigaken. Wanci dalu, wancinipun liman sampun tilem, semut mayuta-yuta ngrikiti dlamakan liman, gripis dumugi ing balung.

Enjingipun liman sami tangi, kraos sukunipun sakit, sanalika sami ngamuk, pepunthuk semut kaobrak-abrik dados bledug. Nanging semut sampun ngatos-atos, sami dhelik dhateng nglebet siti, gajah boten saged manggihaken satunggal kemawon, malah saya sanget sakitipun. Samenika liman ngretos bilih sadaya pamales saha pengamukipun tanpa damel. Kajawi menikaing manah ajrih bilih emben-emben ngriku angsal bebaya ingkang langkung ageng. Pepuntoning rembag gajah lajeng ngajak bedhami.

Sareh dene boten saged manggihi piyambak, lajeng nedha pitulunganipun tikus. Tikus *minangkani* panedhanipun gajah, lajeng ngeleng madosi semut, saged pinanggih. Tikus nggancaraken ingkang dados wigatosing lampah, wusana wicantenipun semut, "Iya ta, aku ya gelem rerukunan karo gajah maneh, mung was aku duwe penjuluk. Ratune gajah kudu masrahake pati uripe marang aku minangka pitempuhe patine kongkonan semut pepitu."

Tikus wangsul mangihi liman. Wusana ratuning liman mituruti panedhanipun semut, masrahaken pejah gesangipun. Kupingipun mingkup tanpa daya.

Wicantenipun semut dhateng wit shami³⁹⁾, "He wit shami, aku njaluk tulung, gajah kiye jireten di nganti ora bisa obah! Yen kowe ora gelem oyodmu takpangan nganti entek, delegmu takejur nganti mumut."

Sanalika dwipangga dipun saut kagubed ngantos boten saged ebah. Semut mayuta-yuta dhateng ngurug pun liman, sakedhappendheman sampun njenggunuk agengipun saredi anakan. Dagingipun liman telas katedha cacing kantung balung kaliyan gadhingipun.

Salajengipun gesangipun semut tentrem boten wonten ingkang gendhak sikara.

Dene liman lajeng pilihan ratu malih.

Dhuh sang putri, kados pundi eliding dongeng punika?"

Sang putri kendel menggali sakedhap. Nunten pangandikanipun, "Golongan ringkih menika senjata rukun, inggih dereng temtu saged ngawonaken golongan kiyat. Awit gajah menika inggih tetep namung liman kemawon. Semut panggah namung semut. Nanging kekiyatanipun kedah dipun ukur saking pangapesanipun.⁴⁰⁾

Saupami liman ngretos panganpesanipun, sukunipun temtu dipun tutupi. Yen mekaten lajeng saged gumujeng, nggegugeng krodhanipun semut anggenipun badhe mrawasa. Liman satunggal utawi kalih saged ngawonaken sawarnining semut sajagad menika."

Sasampunipun ngandika sang putri jumeneng, tindakipun klentreng-klentereng alon, mriksani sang nata kalayan trenyuhing penggalih, kebak welas asih.

Sang nata penggalihipun kados dipun jejuwing, kados badhe ngrangkul-ngrangkula. Bibaran.

DINTEN INKGANG KAPING TIGAWELAS

Pangandikanipun sang nata, "Kakang, iki mau sang putri dene ketok temen dhemene marang aku. Semono iku menawa aku ora kliru tanpa saking kasmaranku kasmaranku marang sang putri nyang awakku dhewe wae.

Nanging adhuh, dene waktune wis ilang rolas dins. Poma Kakang yen kowe ora bisa ngalahake sang putri!

Ah, gambare iki dene saya ora daya apa-apa. Teka aber wae. Wong saya suwe saya ora memper ngene. Iki lo, wong nyawang kok sajak nyepelake mengkene. Mangka sang putri yen nglinging aku mak ces, kebak katresnan, ngeman, nyenengake ... wis ta, aku ora bisa ngadhakake maneh

Ah ya arepa ana gambare kae, teka ngrekasa temen olehku mbetah-mbetahake urip tekan dina sesuk."

Sang nata sedalu boten sare, sariranipun saya marlupa, tansah ngiling gambar. Enjingipun kados ingkang sampun. Sontenipun makaten ugi.

Sang putri sampun ngentosi lenggah ing dhampar, amakutha kancana, mengagem sarwa kepuranta sepuh, rinengga-rengga ing hergeni adi. Sareng sang nata rawuh, pasuryanipun sakala sumeblak padhang, ical lelamukipun. Sang nata ndhawah lenggah wonten ingarsanipun sang kusuma.

Rusakos majeng ndongeng, "Duh sang putri, rumiyin wonten sudagar sagolongan bidhal sesarengan numpak unta medal ing seganten wedhi. Dumadakan pangajengipun sumerep saking katebihanipun wonten bening gendhongipun pating janggeneg, ngongkang tloga toyanipun bening kinclong-kinclong. Tiyang wau saklangkung ngungunipun dhateng kaendahanipun kitha, menapa malih datheng asrining tloga, anggenipun kimplah-kimplah saklangkung ngresepaken, wasana kepengin nyatakaken, lajeng dipun purugi. Nanging sareng sampun celak, kitha satlaganipun wau ical, ingkang wonten namung wedhi ngilak-ilak tanpa tepi kasorotan ing surya. Wicantenipun saudagar, "E-e, e-e, e-e, dene kaanan teka elok temen. Iya ta, aku durung lega atiku menawa durung bisa nemoake kutha mau. Sanajan ngentekna bandha taklakoni."

Kancanipun nyambeti, "Ki Lurah, menika wau namung kitha apus-upusan kemawon, namung gambar wewayangan,⁴¹⁾ nyatanipun boten wonten kitha tuwin tloga kados mekaten menika."

Sudagar dipun criyosi mekaten menika boten pitados lajeng ngajak lerep wonten ingriku dumugi enjing.

Gnjingipun, sareng dumugi ing wanci kados ing dinten wingi ki sudagar sumerep kitha tuwin tlaganipun malih. Tumunten dipun purugi inawi numpak untanipun ingkang banter piyambak plajengipun, nanging meksa boten kecepeng. Dereng dumugi sampun ical kados wingi ugi. Sudagar tumunten kendel.

Mekaten salajengipun, saben wanci raina ki sudagar ngoyak kitha uwin tlaa ingkang endah menika, flanging boten wonten kawusananipun, nyelaki kemawon boten saged. Ewasamanten manahipun ki sudagar boten kempa, malah saya *kapiadrengr*, ngantos supe dhateng sanes-sanesipun. Wusana daganganipun ambruk, saking boten kamanah habar pisan.

Sanak sadherekipun mireng pawartos kawontenanipun ki sudagar kados mekaten menika sanget ngunguning manah saha welas, lajeng sami tuwi dhateng seganten wedhi. Sareng pinanggih, wicantenipun ingkang satunggal, "Hlo, kowe iku ana kene ana apa? Apa kowe ora ngreti iku mung gambar wewayangan wae? Dene teka korewangi ngliwakake wajibmu, mung ketungkul ngoyak gambar wewayangan wae, wusanane entek bandhamu."

Wangsulanipun ki sudagar, "Hm iku rak kandhamu, nyatane mripatku weruh dhewe. Apa olehku weruh kutha satlagane iku beda karo olehku weruh menyang kowe ngene iki? Kepriye dene kowe bisa kandha yen iku mung barang gegorohan?"

Sadherekipun nepsu, wicantenipun sengol, "O gemblung kowe. Iku wewayangan ing langit, ngretial!"

Sudagar gentos mangsuli sugal, "Ha iya, nek pancen kuwi ora nyata, keneng apa aku weruh? Mara terangna!"

Sanak sadherekipun boten wonten ingkang saged nerangeken. Wusana sami pating klepat kesah kaliyan nggegujeng saha nguman-uman.

Sudagar kanton piyambak wonten ing seganten wedhi. Saben dinten nglajengaken mbujeng kitha ingkang aneh menika. Saben untanipun pejah, tumbas malih, pejah tumbas malih, ngantos telas bandhanipun.

Sareng ingkang pungkasan pejah ki sudagar lajeng ambruk, boten dangu pejah wonten ing tengah-tengahing seganten wedhi.

Wartos pejahipun ki sudagar lajeng sumebar. Grenengipun ingkang kuwi mireng warni-warni, wonten ingkang mungel makaten, ora aneh. Kuwi rak saka bantere panase, nganti edan."

Dene sedherekipun sami mungel mekaten, "O wong busuk, gawe wirange sedulur wae."

Wonten pandhita gentur ing tapa, mireng pawartos menikamesem ing batos, wicantenipun, "Trashy treshy washy wishy ⁴²⁾ Kena ingupamakake kendhil lemah kang ambek gumedhe nyingkang-nyingkang ketel lempung karo calathu mangkene, "Lunga kowe, aja cedhak-dedak aku! Kowe iku golonganing barang lempung? Mengkon o noleh marang awake-dhewe."

Dhuh sang putri kawula nyuwun priksa, kados pundi kajengipun sang tapa punika?"

Pangandikanipun sang putri, "Kulawarganipun ngungelaken sudagar wau tiyang gendheng, saking anggenipun mbujeng wewayangan ing langit inganggep barang nyata. Nanging boten ngretosa yen piyambakipun menika inggih boten kirang cublukipun, dene nyana menawi donyatuwin sakathathing raja brana ingkang badhe dhateng barang enikabarana nyata, saha kapiadreng anggenipun mbujeng menika, saha kapiadreng anggenipun mbujeng dhateng barang donya menika, sami ugi kaliyan ki sudagar anggenipun ngoyak wewayangan ing mung langit. Awit punapa salugunipun donya lelampahan pun menika? Rak namung alam impen. Inggang menika lelampahipun sanak kulawarganipun ki saudagar kaliyan ki saudagaripun ingupamekaken kendhil siti ingkang cumeri-meri dhateng ketel, dene ingkang dipun damel namung saking lempung."

DINTEN INKGANG KAPING KAWANWELAS

Pangandikanipun sang nata, "Kakang, dina iki kalah maneh kowe, mung kari wolung dina dinane sayembara. Sarta saya suwe saya abot rasaning atiku manawa pisah karo sang putri. Olehku mbetah-mbetahake nganti tumekane ketemu maneh teka ngrekasa banget. Luwih-luwih dene dayane gambar sangsaya aber, pepindharie kaya soroting rembulan, kang wusanane bakal dadi peteng ndhedhet. Mengkono iku Kakang, kaanane sukmaku. Nanging yen dipikir kang luwih dawa, pisah sawengi iku apa to tegese yen dipandhing karo pisah salawase urip samangsane kalah sayembara?" Nunten gandrung-gandrung langkung *nggranuhi* katimbang dinten winginipun.

Enjingipun ameng-ameng dhateng taman sari kadherekaken Rusakos. Sonten tedhak dhateng kedhaton. Sang putri sampun ngentosi lenggah ing dhampar mengagem sarwa gumebyar pethak kados slaka menur rinengga ing sesotya nila pakaja awarni biru laut. Sareng priksa sang nata rawuh, ngunjal uswasa lebet kaliyan nggresah, wedalipun ndedel prembayun lumembak badhe mbaludag. Sang nata ndawah lenggah lengong-lengong kados sawer kepegok ing merak.

Rusakos, majeng ndongeng.

"Dhuh sang putri. Rumiya wonten ratu, kasukanipun nglempak-nglempakaken barang adi aeng saking saindenging bawana, boten ngetang awis reginipun, uger *nuju prana* dipun pun dhut.

Kathah para sudagar ngamanca praja saking keblat sekawan sowan ingarsanipun sang prabu prelu nawekaken barangipun ingkang adi aeng.

Nuju satunggiling dinten wonten sudagar sowan sang prabu, unjukipun, "Dhuh gusti, kawula gadhah barang saklangkung adi, mbok bilih sampeyan dalem ngarsakaken mriksani."

Ki sudagar lajeng ngedalaken barang saking nglebet pethen, wujudipun tuwung, limrah, kadamel saking gadhing, warninipun pethak, lambenipun mubeng temu gelang abrit mlerah kados erah, "Gush, tuwung menika pinangkanipun saking negari Langka,⁴³⁾ kagunganipun putri nata ingriku, akekasih Dewi Bimboshta.⁴⁴⁾ Nadyan raksasi nanging menggah ing kasulistyanipun pilih tandhing.

Kocapipun citranipun para wanodya ingkang endah-edah ing warni katumpuk dados satunggal kapuja dados putri raksasi menika. Wewijanganing sarira sarwa nengsemaken, mencutaken, nanging peprincen sadaya menika boten wonten ingkang nyundhul. kaendahaning lathinipun ingkang pindha musthika menika. Nadyan pathining warni abrit, pucet manawi kajajaraken kaliyan lathinipun sang Retna Bimboshta. Abritipun ngungkuli malerahing rudira. Sinten ingkang mulat temtu lengerlenger, rainipun abrit dlancang, rahipun kados kaserot ing lathi wau. Kajawi menika menapa kemawon ingkang kagepok lathinipun sang raksasi sakala dados abrit boten saged sirna.

Dhuh gusti, lambening tuwung menika semanten ugi, mlerahipun tanpa, timbang, inggih margi kagepok kaliyan lathinipun sang putri.

Inggih begja kawula. Abdi ingkang jagi konten kenging kawula rimuk, purun kawula sukani arta satunggal yuta rupiyah. Tuwungipun tumunten dipun sukakane dhateng kawula. Kawula enggal-enggal kesah, tujunipun wilujeng boten kirang satunggal menapa.

Dhuh gusti, tuwung menika samenika kawula unjukaken ingarsa dalem. Kawula nuwun, nuwun."

Sang nata saklangkung karenaning panggalih, mriksani tuwung ingkang aneh tuwin adi mekaten. Lajeng dhawuh ngganjar tikel sadasanipun pambayaripun ki sudagar dhateng abdi jagi konten.

Sudagar sampun kalilan mundur.

Kacariyos, putranipun sang nata midhangetaken unjukipun ki sudagar dhateng ingkang rama, sakala kasmaran dhateng putri Langka.

Sareng sare supena, wonten ingrikanipun nitih kuda bebandhangan, wusana dumugi ing seganten. Wonten ingriku santun nitih baita, lelayaran dhateng nagari Langka. Wusana dumugi ing kedhatonanipun sang putri.

Kala semanten wancinipun gagat rainten. Sang Pratanggapati saweg mingip medal saking garising cakrawala, rembulan taksih katingal manjer ing akasa.

Dumadakan sang pungenan priksa sang putri saweg ngenggar-enggar penggalih wonten ing taman sari.

Pasuryanipun sang putri raksasi mancur, rinengga ing lathinipun abrit, sumringah kados ilat-ilatan latu sakembaran.

Sang raja putra boten kuwawi mriksani citranipun sang dewi. Wusana dhawah kantaka. Salebetipun kantaka sang pangeran priksa lathi wau kados wonten ing ngarsanipun, mindhak-mindhak agengipun, danguning dangu

dados redi sakembaran ngajrih-ajrihi, wusana njeblug dados lathi pinten-pinten kembaran, mayuta-yuta kathahipun lajeng sami ngroyok sariranipun sang pangeran, sami ngrungrum ngaras waradin dumugi badan sakojur.

Wusana kedhatonipun sang putri katingal malih. Sang rajaputra lajeng manjing ing kedhaton, mlebet ing *bangsa* wiyar gilar-gilar saking baweranipun. Dumadakan sang putri katingal wonteri ing imbanging bangsal ingkang sisih ngrika. Sang rajaputra bingah sanget, sang putri lajeng dipun plajengi. Sareng celak sang pangeran ndhawah ngrangkul sampeyanipun sang dewi. Sang putri tumungkul lon-lonan badhe ngaras.

Sareng celak dumadakan lathinipun ingkang apindha kudhuping sekar sepatu sakala malih warni dados uwang agengipun nggegirisi, lambenipun ijem kados ron rumput, untu ngrangap kados gadhing, landhep kados graji, mangap ing tengah mlawah kados jurang peteng ngajrih-ajrihi. Wonten ing pepeteng menikauwang saya dangu saya ageng, sarta sangsaya nyelak, wusana sang rajaputra njerit gragapan wungu.

Dhuh sang putri, punapa karananipun dene sang pangeran njerit?"

Sang putri ngandika kaliyan mesem, "Awit ajrih menawi dipun klethak."

Sang putri tumunten jumeneng nglikir sang binagus. Penggalhipun kados rinujit, *kesambang* ing gerah *asmara*, ngantak-antak prasidaning palakrama.

Sang nata *kapitayu* kados badhe mondhong-mondhonga. Bibaran.

DINTEN INCKANG KAPING GANGSALWELAS

Pangandikanipun sang nata, "Kakang, kandhane sudagar sing kocritakake mau kae goroh, awit ing jagat raya iki ora ana lambe sing endah ngungkuli lathine sang putri sing dadi *esthining* atiku.

Dhuh yen mesem, manise uleng-ulengan, legine kaya madu *pinasthika*.

Saben-saben sang putri olehe njawab pitakonmu, thak-thek gampang wae, atiku rasane kaya dijur-ejur, entek pangarep-arepku. Lah, kiraku ya eseme iku sing gawe remuking atiku. Dhuh dewa, dinane sayembara dene mung kari kaping pitu. Dhuh Kakang, yen ngelingi manawa aku ora bakal klakon bisa mondhong dhewekne, saben dina nyawang marang citrane sang putri iku prasasat kaya wong saben dina ngombe wisa ing gelas anggur wae.

Hm, gambare iki teka saya nyenyengit ngene, banget ngewak-ewakake. Ah, apa aku ya isih bisa menangi dina sesuk?"

Kawontenanipun sang nata saya memelas, sedalu boten saged sare. Enjingipun ngenggar-enggar penggalih dhateng taman santun, kaderekaken Rusakos. Sontenipun manjing ing kedhaton.

Sang kusumaning ayu dewi Ananggaraga sampun lenggah ing dhampar ngentos, mengagem sarwa abrit nembaga sineling rasukanipun pethak pindha slaka, makutha kencana rinonyok ing sesotya. Sareng Sang Prabu Suryakantha katingal, netranipun Sang Dewi Ananggaraga gilar-gilar murub saking sukanipun.

Sang nata les-lesan kados keni ing guna dhesthi, ndhawah lenggah ingarsanipun sang putri.

Rusakos majeng ndongeng:

"Dhuh sang putri. Wonten bremlara neneman, wiwit alit dumuginipun ageng ingopenan biyungipun wonten ing talanipun. Nuju satunggiling dinten pun bremlara nem miber pados sarining sekar kangge maben. Sumerep sekar trate manahipun katarik saking gandanipun marbuk arum, saweg nedheng-nedengipun nyeprok wonten ing sendhang tengahing wana, lajeng dipun purugi. Saweg kemawon badhe nyerot sarinipun, pun sekar mingkup, sang bremlara boten saged mlebet. Wicantenipun sekar trate, "O bremlara bodho, mreng teka mung nggugu karepe dhewe wae. Nganggo pratingkah carane bangsane dhewe, mung angger arep mlebu ngono wae banjur nyerot sari

sagelem-gelem, ora nganggo awèh apa-apa dhisik. Hla mbok ya ajar dhisik kepriye carane wong njupuk sari iku!”

Bremara mangsuli mbrengengeng, wicantenipun, “Ngeng ngeng ... kowe njaluk apa trate? Aku ora ngreti sing ko karepake. Apa kowe durung marem olehmu wus megar ana ing sendhang iki, wus bisa mbabar ganda arum tekan ngendi-endi?”

“O kowe bremara busuk! Ora ngreti sing iakkarepake. Ya wis lungaa kana. Dene yen kowe isih adreng melik sariku, ya takon-takona dhisik, inengko yen wis ngreti balia mrene.”

Bremara kaken manahipun, mbrengengeng ngang ngeng ngang ngeng tumunten nggeblas pados sesuluh. Wonten ampal saweg ngureki siti ing ngandhap deleg kajeng, dipun takeni, “Ampal, aku arep takon sadhela wae. Sing dijuluk kembang trate kuwi apa ta?”

“Embuh ya. Aku melu-melu apa karo trate. Wis lungaa, aku lagi ewuh.”

Bremara kesah taken kemangga, saweg damel jaring wonten ing wit-witan. Wangsulipun kemangga, “Ha kuwi sing dijuluk laler.”

Bremara nggagas-nggagas wangsulanipun kemangga, batosipun, “Wiyah, kuwi rak dipadhakake awake dhewe wae. Mongsok trate butuh laler.” Nunten miber muluk ing gegana taken mega, “Mega-mega, mungguh panemumu apa ta sing dikarepake si trate?”

Wangsulanipun, “O kuwi njaluk banyu titian.”

Bremara cengkelak wangsul, nyolorot mandhap mbektha toya kasukakaken sekar tunjung.

Sekar tunjung wicanten klewa-klewa, “O, yen mung banyu wae sendhang ora kurang, mega ya menehi. Wis, takon-takona maneh kana!”

Bremara nggeblas malih. Sumerep soroting srengenge saweg eca gojeg kaliyan *angganing* rumput, dipun takeni. Wangsulipun kemlanthang, “Panas!”

Bremara tampi, lajeng wangsul mbekta konang, dipun nyunyak-nyunyakaken angganipun sekar tunjung, kajengipun bremara supados pun tunjung kraos anget. Wicantenipun sekar tunjung, “O bodho! Nek mung bab panas wae aku rak wis entuk dhewe saka srengenge, ora susah aku ndadak njaluk kowe. Wis kana, takon maneh!”

Bremara ambblas malih. Wonten dares saweg merem melik wonten ing panging kekajengan. Bremara mrepeki mbrengengeng celak kupingipun supados tangi kaliyan taken, wicantenipun, “O dares, mbok aku kojarwani, apa ta sing dikarepake kembang tunjung iku?”

Wangsulanipun dares setengah nglindur, "Turu!"

Bremara nggeblas wangsul, wicantenipun dhateng trate ngarih-arih, "Ya wis ta, takngidung, kareben kowe bisa turu. Karo takkepeti ngganggo elarku. Wis turu."

Wangsulanipun trate sebah, "Hm, angger bengi rak ya wis turu dhewe. Ora prelu kowe ndadak nenuru uwong. Kana, lungaa maneh kana!"

Tawon kaken manahipun, kesah kanthi ngresula, saking puteking manahipun wusana mbengok sarosanipun, "O, ya dewa! Gek apa sing dikarepake si tunjung iku, dene ora ceplos kandhawae, nganyih-anyih temen."

Kados sampun dados karsanipun ingkang karya gesang, pambengokipun bremara kemirengan satunggaling pandhita ingkang saweg tapa wonten ing wana ngriku, ngretos dhateng basanipun sato. Bremara kaundang srana puja mantra. Sareng dhateng dipun pangandikani sang pandhita, "O kowe tawon busuk. Nyedhaka kene takkandhani jalukane si trate!" Tumunten bremara dipun bisiki.

Tawon cumeplong manahipun. Trangginas wangsul, nglampahi menapa pitedahipun sang pandhita. Sanalika sekar tunjung megar, bremara agahan mlebet nesep sari.

Dhuh sang putri, menapa, ingkang dipun sukakaken pun bremara dhateng sekar trate menika?"

Dewi Ananggaraga lingsem, kecipuhan anggenipun badhe mangsuli, wusana pangandikanipun lirih, "Tawon ngaras trate."

Ngandika mekaten menika kaliyan mlengos, jumeneng kondur ngenyapuri boten mriksani sang nata. Bibaran.

DINTEN INKGANG KAPING NEMBELAS

Sang nata sakalangkung sukaning penggalih, nanging telas pangajeng-ajengipun. Pangandikanipun, "Kakang, pitakonmu kabadhek maneh, dadi mung kari nem dina saiki.

Nanging solahé sang dewi nalikane njawab pitakonmu mau banget ndadekane renaning penggalihku, mbok dikon tombok negara pisan aku lega lila. Olehe gligapan, dhuh rasaning atiku kaya disendhal-sendhala mana. Dadi, menawa ora klinu pangiraku, sang putri duwe pakewuh karo aku. Duwe rikuh karo aku.

Kakang luputmu takapura temenan, lair tumekaning batin.

Nanging ah, kaya-kaya aku ora kuwat pisah tekan sesuk, gambare wis tanpa daya babar pisan ngene. Pancene mono jamaking wong lara panas kuwi sudane rak dikompres es. Nanging nek aku iki teka ora. Wong kabeh-kabeh banjur kaya malih dadi geni. Mengko yen dikompresake rak ora mari malah saya banget."

Sang nata ngiling-ngiling gambar. Sakedhap-sakedhap kaselehaken. Nanging enggal kapendhet malih. Kaselehaken, kapendhet malih. Makaten ngantos sedalu muput. Pasuryan boten kendhat ngandhut kuwatos. Enjingipun wungu, dumugi wanci sonten kados adat saben.

Sontenipun sang putri sampun lenggah wonten ing dhampar, mengagem pengageman sarwa klawu mutyara, rinengga ing sesotya nawaretna. Nalika sang nata rawuh, Dewi Ananggaraga mriksani semu lingsem. Prabu Suryakantha ndhawah lenggah ingarsanipun.

Rusakos majeng ndongeng:

"Duh sang putri. Rumiya wonten satunggaling kitha. Ing sajawinipun kitha wau wonten wit anjit⁴⁵⁾ sakalangkung kawak tur sanget wingitipun, delegipun sampun growong, dipun enggeni sawer sendhok,⁴⁶⁾ ulesipun cemeng.

Saben dinten sawer punika ninis, ngleker wonten ing jawi growongan wit. Kathah tiyang dhateng memetri, sesaji dhahar eca, powan tuwin tetedhan warni-wami.

Kacariyos, ing kitha kasbut wonten sudagar jene-sela sugih sanget, gadhah anak estri sampun prawan warnipun ayu, karemenanipun nyandhang ngangge bangsa sesotya adi. Ingkang menika pangganganipun bangsa mas inten berleyan tanpa wicalan pangaosipun. Namung satunggal ingkang piyambakipun dereng gadhah inggih menika sesotya ingkang dumunung wonten ing sirahipun sawer wau. Anakipun sudagar kepengin sanget dhateng sesotya menika; rumaosipun sedaya raja brananipun tanpa pengaji yen kajejeraken kaliyan sesotya satunggal punika.

Kenya anak sudagar wau lajeng kengkenan tiyang golongan Domba mejahi pun sawer, sarta mendhet sesotyanyipun.

Kalampahan, pun Domba sampun mejahi pun sawer, sarta saged mendhet sesotyanyipun. Leganing manahipun anak sudagar tanpa upami, bingahipun saredi anakan, rumaos angsal nugrahaning Hyang ingkang Mahaagung.

Sesotya tansah ingela-ela, rainten dalu dipun lelithing, kesupen dhateng pelik-pelik sanesipun. Saben dinten sesotya sawer dipun angge, kacundhukaken ing gegelung.

Nanging ... Hyang Wasuki⁴⁷⁾ boten narimah kawulanipun dipun pejahi. Nedya males ukum.

Hyang Wasuki lajeng mendha-mendha tiyang jaler, mlebet ing kitha nyuluh-nyuluh pawartos. Wusana angsal katrangan bilih ingkang gadhah sesotya saking sawer menikalsatunggaling prawan anak sudagar.

Ratuning sawer lajeng mendha-mendha sudagar mas inten neneman, rupinipun bagus, nyewa griya gedhong ngajeng griyanipun ki sudagar, memba tiyang manca dagang layar.

Gesangipun saklangkung mubra-mubru blabur madu. Boten kendhat nedha eca, mangun bojana. Dananipun mbludag tanpa kendel. Wasana tepangipun kaliyan ki sudagar, saged raket.

Ki sudagar karoban bandha, arta tuwin memanik ingkang awis-awis reginipun.

Boten antawis dangu sudagar neneman nglamar anakipun. Ki sudagar bingahipun tanpa umpami, awit ing pundi wonten mantu ingkang kados sudagar neneman menika? Ki sudagar enggal nantun anakipun. Anakipun inggih bingah sanget, awit saderengipun menika:sampun kerep nginjen saking cendhela, sarta sampun mireng pawartos bab kasugihan saha kadammanipun. Bingahing manahipun kados dipun pendhet garwa Sang *Jatadri* piyambak.⁴⁸⁾

Dinten panggihing panganten lajeng katemtokaken, milih dinten ingkang sae. Praboting panganten sampun pepak. Ewamekaten Sang Hyang Wasuki saben dinten boten kendhat ngintuni raja brana pethen-pethen dhateng calon panganten estri. Calon panganten estri boten kadosa bingahipun.

Dumugi tempuking darnel panganten sekaliyan kadhaupaken. Rampunging dhaup lajeng sami mlebet ing kamar panganten ingkang sampun kasadhiyakaken. Panganten estri *kongah-kangihan* kapondhong dhateng kanthil. Panganten jalu bisik-bisik ngundang namanipun. Panganten estri mengo, sumerep ingkang jaler mrepeki kaliyan mesem-mesem. Sareng celak ilatipun melet-melet, cawang panjang kumitir, kados ilat sawer.

Enjingipun tetabuhan katabuh rame kados nggigah sang panganten. Nanging ngantos dumugi wanci sonten boten sami medal.

Sudagar sakancanipun manahipun boten sekeca, nggraita wonten menapa menapal Dipun entosi sawetawis dangunipun boten medal, konten tumunten dipun bejad, wusana katingal panganten estri sampun pejah. Ing pranaja wonten tatunipun kalih. Dene panganten jaler boten wonten ingkang wonten namung sawer kobra cemeng, nlosor mandhap saking kanthil, sakedhap sampun boten katingal, angslup ing bolonganing tembok. Dhuh sang putri, punapa anehipun sesotya menika, dene anakipun ki sudagar ngantos kayungyun mekaten?"

Pangandikanipun Dewi Ananggaraga, "Inkang mencutaken menika boten teka sesotyanyipun saking adi aeng tuwin aneh, utawi wonten kasiyatipun, ananging namung saking dene dereng dados gadhahanipun. Sampun dados sipatipun wanita, melik dhateng samukawis ingkang dereng dipun darbeni, wangsul ingkang sampun dados gadhahanipun piyambak boten dipun preduli."

Sang putri tumunten jumeneng, mriksani sang nata kaliyan nggresah, lajeng kondur ngandhaton. Bibaran.

DINTEN INKGANG KAPING PITULAS

Pangandikanipun sang nata, "Kakang, saiki saya cetha menawa pepesthening awakku tinakdir cilaka, awit kalepasaning budine sang putri mula ora ana sing madha. Mung wae manawa ora kliru penampaku, sang putri olehe nggresah mau kanggo nyasmitani sing dikepengini sarta diarep-arep iku iya kaya sing dingandikake mau.

O kakang, saking sumelanging atiku menawa kasoran olehku ngleboni sayembara iki, nganti bingleng aku. Kena tinembungake kaya dene gajah meta medhot wantilan ngamuk sratine. Mengkono uga aku, Kakang, Aku, saking bingunging atiku, kowe bakal takjejuwing. Patimu bakal sangsara banget.

Nanging o, patiku bakal luwih cilaka maneh, luwih dening nggegirisi katimbang patine sapa wae. Patiku ... bakal nglayung mbaka sethithik, suwening-suwe garing kemlingkingen dening *ngagak-agak* marang citrane Yayi Dewi Ananggaraga, sari-sarining para apsari, ayu-ayune wong sabumi. Ngalayaa jagad tetelu, midera bumi sap tipu, mangsa methukana wanodya sing endahe kaya ayune Yayi Dewi Ananggaraga, musthikaning para kenya, kekembanging para wanodya, ratu-ratuning apsari, inten-intene para kusuma.

Ah, gambar iki, lungaa kana, gawemu ora liyanggegawa cilaka. Nyingkira kana! Karo kowe sing nggambar, lungaa kana sing adoh. Wong nggambar teka ora memper sethithik-thithika karo sing digambar. Yayi Dewi mono rak ambek rahayu. Ya mung kalepasaning budine sing marakake gawe enteking pangarep-arepku, nanging iku rak mung netepi wajib. Sejatine mono rak ya kepengin banget nglipur aku."

Sang nata ndhawah, sariranipun nglumpruk, balung kados dipun lolosi, gambar kasingkur boten dipun priksani. Enjingipun wungu dumuginipun sonten ameng-ameng dhateng taman kadherekaken Rusa-kos kados adat saben. Wanci seraping surya mlebet dhateng kedhaton.

Dewi Ananggaraga sampun ngentosi lenggah wonten ing dhampar, mengagem agem-ageman saha sesotya sarwa abrit nyawo mateng, mekaten ugi netranipun ugi abrit pratandha kirang sare. Sang nata lenggah ingarsanipun, dahat kalenglengan ing penggalih, kedhep tesmak panyawangipun. Rusakos wiwit ndongeng, "Dhuh sang putri, rumiyin wonten

satunggaling ratu saklangkung nasar penggalhipun, boten mraduli dhateng karta raharjaning kawula tuwin gemah ripahing negari, ngliwaken dhateng pangedheping dewanipun, nyingkur para pandhita brahmana, tansah ngububi hardaning penggalih. Ingkang dipun tengenaken wibawaning sarira, dhahar ngunjuk, mbebuja sapanunggilanipun, sakedhap-sakedhap mangun *bojana andrawina* mawi lelangen heksan ingadhep para garwa tuwin *biyada manggung ketanggung*, para dyah ingkang endah-endah warninipun. Boten wonten ingkang wani *mawati* karsanipun sang prabu. Bilih wonten ingkang kumapurun malangi utawi angengetaken, sakala tampi deduka kabucal tebih dhateng jawi praja. Mila saya dangu boten mendha malah sangsaya ndadra. Saking angkaranipun, boten nate kagungan penggalih marem sakedhik-sakedhika, malah asring kataman ing penggalih bosen gesang wonten ing madyaning *marcapada*. Kangge nyenylamur sang nata pados panglipur ingkang murang utami, asor tuwin nistha.

Nuju satunggaling dinten sang nata tindak mbebedhag dhateng wana. Nalika semanten benteripun kados ginoreng. Lepas tindakipun sang nata misah kaliyan para pendherekinipun, dumugi ing papan ingkang dereng nate kaambah. Sareng kasaput ing dalu, sang nata boten saged kondur, tindakipun dumugi ing pondhokipun tiyang tapa. Sang nata mundhut nyipeng, sampun kaaturan, saha *sinugata* ing pisegah dhahar wertel tuwin wowohan. Sarenipun alambaran ron-ronan tuwin rumpuk *kusa*.

Salebetipun sare sang nata nyupena wonten ingrikanipun kados-kados sang nata wonten ing pinggir benawi, kasorotan ing sunaring Hyang Pratanggapati ingkang saweg jumedhul saking lelamuking pepeteng. Ananging boten dangu lajeng angslup malih. Makaten salajengipun wongsal-wangsul kados amangun buwengan. Sang nata ngasta wiji, nunten kasebar, dipun sirami mawi toyaning benawi. Sareng tuwuh, tuwuhipun rikat sanget, dados wit ageng. Boten dangu sekar. Sekar dados woh. Wohipun alit, mindhak-mindhak ageng dados sawaluh kenthil. Waminipun ijem kados jumerut. Boten dangu dados abrit kados mirah, kasorotan ing surya *abra markata*. Saking awrating woh pangipun mentiyung, kantung sapangrangge saking siti. Sang nata methik satunggal, kadhahar telas. Dumadakan wonten tangan nungul saking petengan agengipun *kagiri-giri*, wujudipun ngajrih-ajrihi. Sang nata dipun candhak kabektakesah, wusana dipun gandhul-gandhulaken ingtangsul lebat sanget. Sang nata tumungkul mriksani jurang lebet sanget, presasat tanpa dhasar. Tumenga ing nginggil uninga garudha agengipun *saprabata*

nucuk tangsulipun. Sang nata sumrepet, panggalihe kekes, nanging sarira kados mlonyoh-mlonyoha kesalad ing latu ingkang saweg mbulad-mbulad. Kawontenanipun sanget sangsara, satunggal menit kados tetaunan raosipun.

Dumugi samanten sang nata gragapan wungu saha njerit, mriksani ngiwa-nengen uninga sang tapa ngejejer kasunaran ing soroting rembulan ingkang tumlorong ing sela-selaning payon, saweg ngeningaken cipta memuji Hyang Agung.

Tumunten sare malih. Boten anawis dangu nyupena malih, kados-kados inggih nanem wiji, wonten ing pinggir benawi. Sasampunipun kasiraman, lajeng dados wit ageng ngrembuyung, nunten sekar, sekar dados woh, warninipun inggih ijem kados ingkang rumiyin, lajeng dados abrit, tumelung ing siti kenging karanggehe. Sang nata methik satunggal lajeng kadhahar. Sasampunipun dhahar, raosing panggalihe beda sanget, wontenipun namung begja, nikmat tentrem, ngantos boten kenging *kawedharaken* mawi tembung. Lajeng sare kepatos, *esthanipun* kados tiyang pejah, wungu-wungu sampun enjing dipun wungu sang tapa, soroting surya tumlorong mlebet ing pondhok medal lelowahaning konten.

Sang nata kondur. Wiwitmenika sugengipun sang nata lajeng dados sae.

Dhuh sang putri, menapa karananipun dene sang nata teka lajeng ngewahi sugengipun wau?"

Pangandikanipun sang dewi, "Menika Baking ajrih. Awit wit ingkang wonten ing pasupenan, menika, pasemonipun tindak awon. Dhaharipun woh menika, ukuming tindak awon wau. Dene melang-melanging manah uwas dening giris menika saweg nama wewayanganipun.

Nanging manawi sugengipun ewah, nengenaken dhateng kautamen, badhe angsal nugraha boten manjanma malih, terus saged mlebet dhateng ing alam Nirwana. Menika ingkang *dipun sanepakaken* nalika sare kepatos menika. Wonten ingriku sipat-sipating kamanungsanipun sirna babar pisan."

Ngandika makaten menika kaliyan ngilirik sang nata. Wasana Dewi Ananggaraga *kapituh netranipun* ngembeng waspa. Kondur ngenyapuri. Sang nata panggalihe kados dipun rerontog, dangu boten enget ing *purwa duksina*. Bibaran.

DINTEN INGKANG KAPING WOLULAS

Pangandikanipun sang nata, "Nah Kakang, saiki tetela menawa awakku iki undhuh-undhuhaning tindak ala kang taklakoni nalikane aku manjanma sing dhisik, tandhane umurku saiki mung kari patang dina: Wektu iki uga aku bakal digantung njungkir ana ing dhuwur jurang kang tanpa dhasar, jantungku kakum ing es, awit aku nemtokake manawa kabeh pitakonmu kang dakik-dakik kang gawat-gawat ora wurung bakal kebedhek kabeh kalawan gampang wae tur kanthi patitis banget.

Pitakonmu kena taksanepakake *warastra* kang landhep, dene kawi caksanane Yayi Dewi, kere waja. *Warastra* tumiba ing kere waja *sayekti* mung mlesed wae ora pikoleh apa-apa.

Hm, maduning gambar iki saiki teka wis malih dadi racun. Ngracun awakku ora wurung mati sadurunge sang *diwangkara* mlethek."

Makaten pangandikanipun sang nata, sedalu boten saged sare. Gambar dipun singkur.

Enjingipun kados adat: Sontenipun mlebet kedhaton.

Dewi Ananggaraga sampun lenggah ngentosi, mangangem sarwa abrit rinengga ing sesotya mutyara, nglirik sang nata sakeclapan tumunten tumungkul kados sekar alum. Sang nata lenggah satata wonten ingarsanipun. Rusakos wiwit ndongeng, "Dhuh gusti kawula sang putri. Wonten satunggaling tiyang mentas kemawon kecalan bojonipun. Saking jibeging manahipun rintem dalu nangis, sebutipun, "O, pati, kowe iku kuwasa, flanging katresnan luwih kuwasa katimbang kowe."

Bhathara Yama⁴⁹⁾ mireng, ewa dhateng Baithara Kama⁵⁰⁾, wicantenipun, "He Kama, rungokna panyebute wong bodho kuwi, banget ngayawara!"

Wangsulanipun Kamadewa, "Ah iya ora, iku mung sabenero wae. Pancen aku sing kuwasa dhewe."

Dewa kekalih sami paben rebat ungguling panguwaos. Wusana wicantenipun Kamadewa, "Apa paedhahe padha pradondi. Ayo padha dijajal wae sapa sing luwih kuwasa?"

Yama: "Sakarepmu."

Nunten sami milih pandadaran tigang bab, inggih menika: satunggaling senapati, kajeng nyagrodha⁵¹), kaliyan manahipun tiyang mursid. Ingkang dipun trajang Yama rumiyin piyambak kajeng nyagrodha, rantas sulur sadelegipun. Hyang Kama boten talompe waringin lajeng kasebul thukul malih, pangipun nyrekakah, sulur-suluripun nancep ing siti dados deleg ageng. Makaten saben mentas dipun trajang Bathara Yama pejah, sakala dipun gesangaken malih. Wasana Bathara Yama sayah, kendel. Wicantenipun Kamadewa, "Delengen, sapa sing menang?"

Yama: "Mengko dhisik, srantekna iki."

Bhathara Yama nyolorot murugi satunggaling senapati ingkang saweg ngamuk punggung wonten ing paprangan, lajeng kajabut nyawanipun dumugi ing pejah.

Sang Hayang Asmara⁵²) ngosikaken manahipun rakyat, wusana sami prihatos bela sungkawa nggetuni pejahipun sang senapati sarta lajeng damel tugu pangengenget-enget kangge meneti lelabetanipun sang *prawireng ayuda*. Para pujangga nganggit kakawin tuwin kedadungan *amarna kasudiranipun*. Para ibu ngempek nama, namakaken anakipun *nunggak semi* sang senapati. Wonten ing candhi kapundhi-pundhi prasasat titising jawata ingkang linangkung.

Wicantenipun Kamadewa, "Delengen! Sapa sing menang maneh? Apa wis ora tetela manawa aku sing kuwasa dewe?"

Wangsulanipun Yama, "Mengko dhisik. Delengen iki."

Ing satengahing wana wonten pandhita mursid, gentur tapanipun, sampun mengker dhateng kadonyan, manahipun namung meleng dhateng ulah kasampunan.

Bathara Yama cumlorot njabut sedaya greget tuwin grenjeting manah, sakala sang tapa lumpuh tanpa kekajengan menapa-menapa, kamba dhateng samukawis. Bathara Kama enggal suka bebantu dhateng sang pandhita, sanalika tuwuh krekatipun malih. Makaten saben-saben sang pandhita sirna kekajenganipun, sakala tuwuh grengsengipun malih, wonten kemawon jalaranipun ingkang adamel ketariking pancadriyanipun.

Kamadewa: "Delengen, sapa sing menang, apa ora tetela manawa aku sing kuwasa. Wis ta, ngakonana kalahmu!"

Yama: "Iya, nanging sanadyan mangkonoa, aku kang kuwasa dhewe. Wong lanang sing mentas kelangan bojo kae bodho, guneme ngayawara."

Kamadewa gumujeng ngece-ece Hyang Yama.

Dhuh sang putri, sumangga kawula aturi ngadili sinten ingkang langkung kuwaos?”

Sanalika guwayanipun Dewi Ananggaraga pucet⁵³⁾ pangandikanipun lirih, “Kamadewa menika pinter. Manawi ndadak mawi dipun cobli, angel kawonipun. Awit Kamadewa ngretos bilih sadaya ingkang kumelip wonten ing donya sajagadipun pisan menika, temtu wonten pungkasanipun, boten wonten barang ingkang langgeng. Sadaya kasoran dening wekdal. Inggih ingkang menika Kamadewa ngajak ngaben kalangkungan, katodhi sinten ingkang langkung kuwaos, wekdalipun dipun temtokaken dangunipun. Menika namung akalan kemawon. Sayektosipun inggih Hyang Yama menika ingkang langkung kuwaos. Awit Yama menika;tanpa wates. Yamamenapakala⁵⁴⁾ panggeng langgeng tan-pa wiwitan tanpa pungkasan, maha kuwaos boten wonten ingkang nguwaosi. Pangawasanipun boten kenging kininten-kinten tuwin kaukur mawi samukawis ingkang mawi wates. Sanepanipun kados ilining toya Benawi Gangga boten kenging kaukur utawi winadhahan ing jun.”

Dewi Ananggaraga lajeng jumeneng, sarwi mriksani sang nata kaliyan sekeling penggalih. Sang nata kantun anggana. Bibaran.

DINTEN INKGANG KAPING SANGALAS

Pangandikanipun sang nata, "Kakang, saiki wus tetela kasoran awakku, dina iki wiwite *kajantakaku*, awit mung kari telung dina umurku. O, aku weruh wae marang pepesthening takdirku, wong wus tinulis ana ing netrane Yayi Dewi Ananggaraga. Netrane Yayi Dewi nyawang aku ngandhut sungkawa kadi mripating *kompreng* kang dumadakan kaget banget, iku mrelambangi wis cedhake kacilakanku.

O, mbok Yayi Dewi aja kebangeten sulistiane, aja kebangeten wicaksanane, mengkono malah ora njalari simaning awakku. O lungaa kowe gambar, gunamu ora liya mung mbrongot uwong kaya sipating agni. "Tumunten gandrung-gandrung malih, gambar anggung siningkur, sedalu boten sare. Enjingipun ngenggar-enggar penggalih dhateng taman sari, setengah kalempur karerapu dening Rusakos. Sonntenipun tindak dhateng kedhaton.

Dewi Ananggaraga sampun ngentosi lenggah wonten ing dhampar, mengagem sarwa laken rinengga kancana pinatik ing manik awarni biru sulak ijem wedalam negari Turki.

Sareng sang nata rawuh, sang dewi katingal suka kaworan sedhih.

Boten dangu sampun ajeng-ajengan lenggah.

Rusakos majeng ndongeng, "Dhuh gusti kawula sang putri. Wonten brahmananamanipun Kritakrita (Kritakrita)⁵⁵), boten anut piwulanging Wedha, ngliwaken wajib⁵⁶) karem ulah dede. Karemenanipun gegembyakan kaliyan tiyang ingkang sampun kasebrataken saking golonganipun, ngombyongi botoh-botoh main, ngempali pawestri awon.

Ing satunggaling wekdal Kirtaakrito damelipun nenepi wonten ing kuburan, wanci dalu tilem ingriku, lami-lami saged prasanakan kaliyan jim setan prayangan tuwin dhemit kalong. Kulina gepok senggol kaliyan tiyang pejah, lajeng gadhah japa mantra kangge nindakaken lampah *murang susila*.

Nuju satunggaling dalu, wonten pancaka⁵⁷) taksih enggalan, latunipun taksih mulad-mulad, kelukipun nggembuleng ngganda mayit. Kiwa tengen sepi nyenyet, namung, kadhing kala kepireng sabawa pletheking latu. Wusana wonten wewujudan cemeng menthungul saking tengah-tengahing latu

pancaka, krembyah-krembyah, inggih menika dhemit kalong⁵⁸⁾, lajeng asabawa dhateng Kritaakrita, swaranipun ngajrih-ajrihi, makaten wicantenipun, "He Kritaakrita, aku ngelih banget, golekna daging uwong mati anyaran. Manawa kongsi ora oleh, kowe takgawe tetempuh, tak pangan dagingmu!"

Wangsulipun Kritaakrita, "Iya, aku saguh nggolekake, nanging aku njaluk opah. Apa opahmu?"

Dhemit kalong, "Mengko takopahi japa mantra kanggo nguripake wong mati, anggere kowe bisa entuk daginge brahmana sing matine dipenthung, kepriye?"

"Durung cukup."

Nunten sami entol-entolan epah. Wusana wicantenipun brahmana murtad, "Wis ta, aku njaluk imbuh dhadhu sing marakake terus menang wae, mengko takgolekake karemanmu."

"Iya yen mengkono. Wis dikebat!"

Kritaakrita enggal kesah, pados brahmana pejah dipun penthung tiyang, nanging boten angsal. Saking judhegipun, adhinipun piyambak dipun penthung. Wandi tengah dalu, mayit kabekta dhateng kuburan. Dhemit kalong nuhoni kasagahanipun. Brahmana dipun sukani dhadhu tuwin mantra. Ciptanipun brahmana, "E-e, coba takjajale japamantraku kiye, temen mandi apa ora."

Lajeng pados mayit chandala⁵⁹⁾. Wandi lingsir dalu kabekta dhateng kuburan. Dumugi ing kuburan mayit katilemaken mlumah, dipun mantrani. Wusana saweg dumugi tengah-tengah anggenipun ngemelaken mantranipun, brahmana mengo ningali mayit, pun mayit kening daya-ning mantra, badanipun ingkang sepalih sampun gesang, ingkang sepalih taksih pejah, suku tuwin tanganipun ingkang sasisih kethawe-kethawe sarta mripatipun ingkang kiwa plilikan mubeng, mendelik-mendelik ngajrih-ajrihi.

Brahmana ningali sakala giris manahipun, wusana kuwur boten saged ngemelaken mantra sambetipun, enggal nggepak mlumpat, maajeng mbebentusi.

Mayit tangi nututi brahmaana, badanipun ingkang taksih pejah kaenjingan dhemit kalong, lampahipun kadheglik-kadheglik pincang nangingrikat, mripatipun mubeng plilikan, kaliyan nywara ngerik-ngerik serak, panguwuhipun, "Unadhikakritamkritam!"⁶⁰⁾

Kritaakrita dumugi ing griya ndhelik dhateng patileman, badanipun ngewel kados alang-alang katempuh ing *maruta*. Boten dangu ketileman.

Nanging namung sakedhap, lajeng gragapan tangi, dening mireng swanten nyaleneh. Kritaakrita ngawasaken konten, kontenipun njeblag menga, pun chandala, kedhingklangan ngonyog murugi piyambakipun, mripat pandelikan sarwi ngerik-ngerik serak, wicantenipun, "Unadhika kritamkritain!"

Tiyang sagriya pejah dening kamigilan.

Brahmana lumajeng niba tangi, medal njebos konten butulan, lajeng nyengklak kudu kabandhangaken. Lonjong mimis plajengipun, sampun dumugi ing satunggaling kitha tebih saking griyanipun. Dumugi ingriku wicantenipun piyambakan, "Nah saiki ana kene tentrem aku, ora kuwatif barang-barang."

Wonten ing kitha ngriku saben dinten main dhadhu, menangipun kathah sanget prasasat dipun wewehi, gesangipun mubra-mubru, boten kendhat bojana andrawina, nglempakaken para kanca.

Nuju satunggaling dalu, saweg nengah-nengahi kepeng main dhandu, mireng swara srag-sreg saking wingking, sabawanipun tiyang lumampah kasered.

Brahmana pendirangan mulat ngiwa nengen, wasana sumerep mayidipun chandala kedingkang-kedingkang nyelaki, bandanipun ingkang sepalih keser-keser bosok, mripatipun pecilan, ketingal nepsu sanget, ngerik-ngerik kados gludhug, "Unadhikakritamkritam."

Kritaakrita *njepluk*, meja dipun lumpati, medal konten satunggalipun kagum-kagum kapiandhem mbebentusi. Lepas lampahipun dumugi ing wane, boten kendel-kendel, wusana dumugi ing satunggaling kitha tebih sanget dunungipun. Brahmana lajeng santun pangangge, namur kula, gesangipun tansah siliban prasasat umpetan ing guwa singub.

Saweg sawatawis dinten pakaremanipun botohan kumat malih, wusana dipun wanek-wanekaken medal gesang sacaranipun tiyang limrah, sarta lajeng main, kamenanganipun matumpuk-tumpuk, gesangipun kekeceh arta.

Nuju satunggaling dalu, brahmana saweg ngeca-eca lelinggihan kaliyan pawestri planyahan, dumatkan mireng sabawanipun tiyang kedhingklangan. Brahmana mripatipun jlalatan ngiwa-nengen, ngajeng wingking, wusana sumerep chandala kedincungan murugi, badanipun ingkang sepalih kantung jrangkong, mripatipun mancereng murub saking nepsunipun, ngerik-ngerik kados pangeriking Rawana⁶¹) panguwuhipun, "Unadhikakritamkritam."

Tiyang estri sakala pejah ngenggen kaken dening giris.

Kristaakrita mancolot, mlajeng dhateng lotengan. Nanging chandala ngoyak terus. Brahmana kesompok boten saged oncad malih, wusana ndhawah saking lotengan, pejah kapisanan.

Dhuh sang putri, punapa kajengipun inayit chandala mungel unadhikakritamkritam punika?”

Sang putri: “Menika gampil kemawon. Tiyang ingkang miyur kekajenganipun ajrib nglajengaken padamelanipun ingkang sampun niyat dipun wiwiti, menika tiyang dilaka. Tetiyang ingkang kados mekaten menika temtu badhe nampeni paukumanipun ing benjing.

Tiyang ingkang mursid gesangipun menika nyingkur sakathahing dosa. Dene tiyang ingkang kendel nindakaken lampah awon nama wani nyanggi siksaniipun. Kalih-kalihipun angsal nugraha wonten ing donya lan ing swarga. Wangsul tiyang jirih boten gadhah tekad ngudi kautamen, utawi nempuh *byat* lampah awon pisan, badhe nampi pidana dening jirihipun sarta badhe ngakeni kalepatanipun, tuwin boten badhe nampeni ganjaran ing donya lan ing swarga.”

Dewi Ananggaraga tumunten jumeneng sarwi mriksani sang nata, ananging kados-kados boten uninga, lajeng kondur angandhaton. Bibaran.

DINTEN INKGANG KAPING KALIH DASA

Pangandikanipun sang nata, "Kakang, atiku remuk dening kasulistiyane Yayi Dewi. Kasulistiyane Yayi Dewi iku sanyata musthikaning kaendahan. Tumamane menyang awakku kongsi kaya wong dicakot ula kobra ireng, wisane warata tumeka ing badan sakojur. Kakang, umurku mung kari rong ding, awit sakehing pitakonmu mesthi bakal kajawab kanthi patitis. Dene jawaban sing pungkasan dhewe iku putusaning antakaku.

O, kawicaksanane mula kaya landheping pedhang kang mingis-mingis landhep banget. Rasaning atiku, namawa Yayi Dewi mbeneri njawab pitakonmu kae, thek thek, teka kaya gumecosing pedhang landhep nyoblos ing dhadhaku butul tumeka jejantung, ah .. Kakang .."

Sang nata sadalu boten sare, telas penganjeng-ajengipun, boten karsa sarean, kanthil namung dipun priksani.

Enjingipun ameng-ameng dhateng petamanan, piyambakan boten ka dherekaken Rusakos, mubeng-mubeng mriksani sesekaran, penggalih tansah melang-melang ajrih dhateng seraping Hyang Pratanggapati, nanging oneng sanget dhateng sang Dewi. Mila penggalih kados dipun iris ing welat, kraos nggeges ing penggalih sigar dados kalih.

Wusana Sang Hyang Winayaka⁶²⁾ dipun grenengi, dipun tetah, sebutipun, "Dhuh pukulun, paduka ingkang atlale bule, amba padukablenjani, nyatanipun paduka boten mitulungi amba, ingkang supados panuwun amba kadumugena, nanging teka malah malangi, awarni kawi caksananipun Yayi Dewi Ananggaraga."

Lajeng ngunandika piyambakan, "Hm, nanging aku ora kena banjur terus entek ing pengarep-arep ngono, kaya tingkahe Kritaakrita, ninggal pegaweyan kang lagi setengah rampung.

Ah, iya aku tukmbudidaya sangkriman kang angeling-angel, dikongsi Yayi Dewi ora bisa mbadhe.

Nanging apa ora sewu mokal, wong Kakang Rusakos wae ora bisa ngono? Mangka Kakang Rusakos kuwi kena diarani sumber kawicaksanan gedhonging carita. Ewasemono olehe njawab Yayi Dewi ora kalah trengginas

karo olehe Kakang Rusakos gawe pitakonon. E, kalingane dudu sipating jalma manungsa sing bisa ngalahake Yayi Dewi, mung bathara kang linuwih kang bisa ngalahake.”

Tumunten sumungkem ing siti nyembah sarta nyenyuwun dhateng Dewi Saraswati.⁶³)

”Dhuh dewi sesembahanipun para ahli sabda, pejah gesang kula wonten ing *pada paduka*.

Dhuh pukulun, kula nyuwun sih palimirma paduka. Kapadhangana manah kula, sagedipun manggih pitakenan ngantos Dewi Ananggaraga boten saged njawab. Botenipun inggih Dewi Ananggaraga kemawon dipun petengana manahipun, supados boten saged njawab patitis.

Dhuh dewi, pranyata badan kula saklangkung sangsara.” Dewi Saraswati miyarsa pasambatipun Sang Nata Suryakantha saklangkung trenyuh ing penggalih, ngideni punapa ingkang dados panuwunipun.

Kocap Sang Nata Suryakantha sakala kebuka panggalhipun⁶⁴) Sukaning penggalih presasat saredi Mahameru. Pangandikanipun, ”Ha, aku entuk nugraha saiki. Yayi Dewi mesthi kalah dening aku.

Dhuh Dewi Saraswati, mugi linuhuma asma paduka. Pranyata paduka mahakuwaos.”

Sang nata lajeng madosi Rusakos pinanggih saweg ngangen-angen pados dongeng kangge mangke sonten. Sang nata ngandika kanthi bingaring penggalih, ”Kakang, wis aja mikar-mikir dongeng maneh. Aku wus nemu pitakonon sing mbabarpisani. Aku dhewe mengko sing mbedheki.”

Rusakos, ”Gusti, sanget sokuring manah kawula, dene panjenengan dalem piyambak mangke ingkang maringi cangkriman. Nanging; menika boten baen-baen, saestu boten kening ginagampil. Mila ing saderengipun cangkriman menika panjenengan dalem badhekaken dhateng sang putri, panjenengan dalem ngendikakaken dhateng kawula rumiyin, badhe kawula jawab, ,menapa inggih satuhu angel sayektos.”

Sang nata gemujeng latah-latah saking renanipun, ”O, Kakang, wis ora prelu kowe nganggo nyumelangake pitakonku iki, wong pitakonku kiye wis ora kena diunggahi maneh. Sing arep taktakoake iya lelakonku dhewe kiye. Saking angele, aku wani mesthekake sang putri ora bisa njawab. Umpama bisaa, sesuk aku mbedheki nganggo jawabane sang putri mau. Dene yen sore iki wae wus ora bisa njawab, iya kalah. Dadi arepa kepriye wae Yayi Dewi dadi garwaku.”

Rusakos matur kaliyan mesem, "O gusti, saestu panjenengan dalem badhe unggul, samanten kuwaosipun katresnan, teka kados gurenda, saged damel kethul tuwin landheping pikiran. Ingkang suwau wontenipun namung peteng ndhedhet, ngantos panjenengan dalem boten uninga menapa-menapa, ing samunika dados padhang narawang, wu sana saged manggihaken bab ingkang seprika-sepriki katutupan, mangka sayektosipun sampun cumepak wonten ingajeng kita.

Kajawi menika dhuh gusti, menawi boten klintu, saking pamawas kawula sang putri ugi sampun kenging ing *kala wisayanipun* Sang Hyang Asmara. Sang putri piyambak bingah manawi kawon, *embanipun* peksi ingkang kumacelu lumebet ing kurungan.

Dhuh gusti, menapa boten barang gampiling-gampil ngebun-ebun enjing njejawah sonten putri, ing mangka putrinipun piyambak sampun kumacelu dipun lamar.

Senadyan sang putri kenging kaupamakaken atos pindhha sela barleyan, boten busik ketaman ing jemparinging pitakenan kawula, ing mangke aben ajeng kaliyan paduka badhe sirna kekiyatanipun, badhe ringkih saha mambat kados angganing sekar."

Kocapa, sang nata sampun boten sabar malih, penggalih kados dipun garang, boten srantos ngentosi seraping Hyang *Haruna*, daya-daya pinanggiha kaliyan sang kusumaning ayu Dewi Ananggaraga. Samenit kados setaun laminipun.

Wusana dumugi ing wancinipun sang surya serap, unjukipun Rusakos, "Dhuh gusti, kawula aturi tindak piyambak, prayoginipun samenika kawula boten ngetingal kemawon. Awit wonten kala mangsanipun mitra menika kedah sumingkir rumiyin, boten prayogi nenggani. Kawula gadhah dongeng, criyosipun makaten, dhuh gusti, kawula aturi midhangetaken ingkang saestu

...

"Wis, wis Kakang, ora prelu ndongeng-ndongeng maneh, aku kesusu. Senadyan iki mengko aku ora ko-dherekake, nanging manawa saka *parimarmane* Bathari Saraswati sarta dewaning pepalang aku menang sayembaraku, iku ora liya iya saka lelabuhanmu, banget panarimaku Kakang marang kowe.

Manawa mbeneri ngaso, pisah karo Yayi Dewi, sing nglipur iya kowe, kongsi aku ora tumeka ing *prataya* dening wiyoga nandhang lara *asmara*.

Caritamu kena takupamakake andha, kena takanggo piranti menek ngunggahi panggungane Yayi Dewi Ananggaraga, wusana bisa mlebu ing kamar metu cendhela ketemu karo Yayi Dewi. Kang mengkono iku apa unton-unton sing ngisor dhewe kalah paedahe karo sing ana ing dhuwur dhewe?"

Rusakos gumujeng ngguguk, "O Gusti, kasinggihan pangandika dalem. Sumangga kawula aturi tindak samenika. Senandyan panjenengan dalem boten kersa midhangetaken dongeng kawula, nanging sedya kawula sampun kadumugen. Kawula panjenengan dalem ideni ndongengaken sang putri, menika ing salebeting batos sedya kawula supados sang putri dahat *kuwangkungen ngajap-ajap* ngentosni panjenengan dalem. Saya dangu wekdalipun ngentosni saya tambah kapi-luyu, oneng sengsemipun saya boten kening kabendung. Dhuh, gusti, mugi-mugi panjenengan dalem antuka nugraha linangkung saking jawata gung."

Sang nata lajeng enggal tindak dhateng kedhaton piyambakkan. Dumugi ing konten thothok-thothok, panggalihipun saredi anakan. Sasampunipun ngengakaken konten, lajeng mlebet ing kamar. Dewi Ananggaraga sampun lenggah ngentosni, mengagem sarwa biru sepuh, rasukan biru laut sepuh tinepi ing wewarnen *saptawarna* pindha prabaning kaluwung, inggih kadi jangganing peksi dara. Ngagem sesotya asorot jene *kumenyar*, amakutha kencana pinantik ing manik. Sareng priksa Sang Nata Suryakantha rawuh, enggal jumeneng methukaken rawuhipun dumugi ing konten, dhasar sampun dangu anggenipun ngajeng-ajeng, ngantos saklangkung sumelanging penggalih mbokmenawi boten rawuh. Kalih-kalihipun dahat sami onengipun. Nanging sareng celak Dewi Ananggaraga tumungkul lingsem, panggalihipun kuwur, wusana nglewas wangsul dhateng dhampar palenggahanipun. Sang nata enggal nututi lajeng nganthi astanipun sarwi ngandika, arum wedaling wecana, "Dhuh Yayi Dewi, aku taktakon pindhangetna. Ana ratu nglamar putri. Putrine ayune kaya sira ora kurang ora luwih, nanging nganggo sayembara. Sapa sing bisa nyangkrimi ing mangka putri mau ora bisa njawab, ken anggawa putri mau. Ing saiki dhuh Yayi, nyawa jiwaning kawicaksanan, tulungana ratu mau golekn cangkriman sing angel, dinganti putri mau ora bisa jawab!"

Sanalika sang dewi njerit saking bingahipun kaliyan jumeneng saking palenggahan, aturipun *greget-greget suruh*, "Dhuh priyantun mbesiwit, i nggih menika ingkang kula kajengaken. Dene kok saweg samenikadipun dangokaken. Wingi-wingi ewed menapa?"

Boten saranta Prabu Suryakantha lajeng dipun kalungi sangsangan, pratandha katampen sayembaranipun⁶⁸). Aturipun sang putri, "Menika lo priyantun, sesotyanipun sangsangan menapapaduka prisakni mangke rak wonten gambar paduka, maewu-ewu kathahipun. Menapa malih mangga paduka priksani mripat kula, mangke paduka rak priksa gambar paduka wonten ing manah kula."

Sang nata mriksani tingalipun sang putri, priksa wayanganipun wonten ing manik ngalela kados wewayanganing Hyang Diwangkara wonten ing tlaça ingkang lebet sanget.

Sang nata ngandika bisik-bisik, "O temenan ana gambare, mula to wis suwe aku rumangsa kelangan, ora weruha tibane ketemune ana ping kene. Yayi aku njaluk liru, ijolana sliramu wae."

Sang putri tumungkul, wangsulanipun linih, "O hlakok aneh panjenengan menika, Tiyang pados sarining sekar menapa inggih namung cekap ngaten kemawon. Hla bremara menika nalika badhe ngingsep sarining sekar tunjung kados pundi?"

Sang nata saklangkung kumepyur ing penggalih, sarira gumeter. Boten darana sang putri mangkul lungayanipun, dipun arasi lathinipun ingkang abrit pindhha mirah mawanti-wanti.

Sakala jagad katingal peteng, boten kepireng sabawaning walang salisik, rumaosipun kados kasempyok ing aluning jalanidhi, wusana sami dhawah jengkeng. Sang nata kantaka. Tumunten dipun wungu kaliyan Dewi Ananggaraga. Aturipun Dewi Ananggaraga, "Kakangmas menapa ajrih manawi kawon sayembara menika?"

Pangandikanipun sang nata, "O inten pepujanku, aku wus bisa oncad saka ing bebaya pati."

Sang putri matur malih sarwi gumujeng, "O lha kok nggumujengaken penjenengan menika, dene mawi kuwatos ing penggalih. Awit upami dinten menika kula taksih saged njawab, benjing-enjing sonten kula trimah mendel kemawon, boten njawab boten njeweb. Badhe cangkrimanipun gampil kados menapa inggih badhe kula pringaken kemawon. Namung kula boten kantos ngentos benjing-enjing, sampuh sae kados samenika, menika kemawon."

Sang nata mangsuli satengah anyel, "O wong kang nggregetake ati, kena apa teka ora biyen-biyen ngono. Jenenge kuwi gawe rekasaning wong. Pikolehe menyang awak lara kabeh."

"Hla kula inggih sakit. Nanging salebetipun sakit menika wonten madunipun. Sampun jamakipun wanita menika rewa-rewa boten seneng kaliyan ingkang dipun pencuti. Karemenanipun nglelaga kekasihipun."

Sang nata kasok bingahipun, penggalih kados saredi Semeru. Pangandikanipun anis, "Payo Yayi enggal boyong menyang negaraku. Pun kakang selak ora betah ana kene, panggonan mung agawe laraning ati wae. Panggonan kok mung agawe kelara-laraning wong."

"Sumangga Kakangmas, kula namung ndhedherek panjenengan."

Kacariyos, boten rinonce ramenipun para kawula ageng-alit anggenipun sami tata-tata siyaga bidhal ndherekaken ratu gustinipun.

Kocapa bidhalipun para prajurit dipun tindhihi Rusakos, ngrumiyini lampah.

Dalunipun sang nata sakaliyan ingkang garwa bidhal nitih titihan misah mlebet ing wana. Tindakipun rerentengan lon-lonan, rapet tanpa gonggang sarambut, kasunaran ing soroting wulan purnama *sidhi*, dhumawah wonten ing angganing kapal, titihanipun sang nata pethak mulus, titihanipun sang putri cemeng meles, kados sipating rainten kalawan dalu.

Wanci tengah dalu, *sidhem premanem prabawaning ratri*, dumugi sangandhapipun wit ageng kendel.

Sang nata anjlog saking titihanipun, Dewi Ananggaraga kabopong kabekta dhateng sangandhapipun bebondhotan ingkang pepuletan nggarembel awangun wewangunan pondhok alit acekli, teka nengsemaken manah. Soroting rembulan tumlorong nrabas sela-selaning ron-ronan pating jalareh, dhumawah ing undhukaning pasiten pating dlemok, ngengetaken dhateng jaman kailangan.

Sang putri kaandhapaken saking pondhongan kasarekaken lon-lonan, ingkang minangka tilam sarinipun gegodhongan aking tuwin sesekaran, lajeng *kagunturan* ing *rarasing* rum, dumugi anggenipun sami akaron sih⁶⁶).

Sang putri Ananggaraga sanget *ingela-ela*, sinomipun tansah ingelus-elus, ngrempayoh cemeng semu biru, rumamyang ngalingi wadana pindha *indracapa* nipis; netranipun katingal ing sela-selaning sinom kenging soroting Hyang Sitraresmi mencorong kados sunaring rembulan kocak. Sang nata methik sekar asoka abrit, rinonce kaselapaken ing gegelung minangka cecundhuk.

Ing sacelakipun ngriku wonten blumbang, kathah sekaripun tunjung anjrah pindha ngawe-awe ingkang saweg sami pasihan embanipun kados ngampiraken.

Wonten sekar tunjung biru lenggok-lenggok kados *ngigel malenggot* bawa semunipun *kumacelu* pnethika. Sang nata kumlawe astanipun, pun tunjung karanggeh kapethik kasundepaken ing wonga-wonganing (sesungloning) payudara. Dene sekar padma ingkang warninipun pethak inggih ingkang kawastanan sekar kumuda, kinarang ingubetaken ing *pamadya*. Wonten ugi sekar mlathi, ginubah kaagemaken ing sampeyan.

Dewi Ananggaraga *wimbuh-wimbuh* endahipun. Sang nata saklangkung kascaryaning penggalih, pangandikanipun aris *amemela*, "O Yayi, pepujanku dhewe, kekasihira, Dewi Ananggaraga, nanging iku durung cukup minangka panyan dra marang kasulistyanmu sing tanpa upama kiye.

Sira iku iya *Mrigalochana*, jer socamu gilar-gilar pindha mripating menjangan kaget.

Iya *Nilanadini*, karana remanira ireng memak *ngendra-wila-wilis* kadi sendhang, kang tengahe anjrah kembang trate. Dene tratene iku sayektine netranira kang kinarya upama.

Madanatilalolata, awit tingalira gebyar-gebyar penuh katresnan.

Shashilekha, jer sira mulus, ringkih sarta riwil kaya rembulan.

Bujalata awit *astamu nggendhewa pinenthang* nanging yen gondhelan kenceng kaya kraketing wit rumambat.

Kusumajasthi dene srihanira lenjang lurus pindha gaganging kembang. Rajanichaya dene sulistyanira mrabu kadi prabawaning ratri.

Lawanyamurti dene Yayi titising kasampurnan lan kaendahan.

Manoharini dene agawe begjaning atiku.

Madalahari kadi ombaking samodra kanikmatan.

Alipriya dene bremara nesep lathinira ingupaya madune, sinengguh angganing sekar.

Wajrasudhi kawicaksananira kadi landheping dom barleyan. Hemakumbhini Payudaranira pindha cengkir gadhing kancana sakembaran.

Putinakriti plengkunging pamadyanira mimba mbludaging kali kang lagi bena.

Nanarupini sulistyanira tanpa umpama.

Bhrukutichala njlariting imbanira pindha clereting thathit *nyalentreng* ing imalaya.

Ewasemono *wewangi* semono kehe iku isih kurang, kurang candra kakehan rupa, endahira tanpa wasana, akarya ngenglenge binglenge wong kang uninga."

Sang putri mesem aturipun, "Opangeran kula, guru laki kula, panjenengan teka mawi ngumpetaken nama satunggal ingkang langkung mathis katimbang nama ingkang kathah-kathah punika."

"Apa iya mengkono Yayi? Coba tuturna takrungkne!"

"O Kakangmas, guru laki kula, Kakangmas pepundhen kula. Jasad kula punika sadaya kagungan panjenengan, mila inggih kawastanan Niiraga, awit "bhakti" kula⁶⁷⁾ dhumateng Kakangmas langgeng boten badhe sirna, kados sanepanipun warni biru sepuh menika.⁶⁸⁾ Putri ingkang endah ing warni, nanging boten "Bhakti" ing kakung menika pepindhanipun kados dene pangunjukan madu ingkang isi wisa mandi."

Jajanipun sang nata kados bengkah-bengkaha saking sukanipun. Pangandikanipun, "Dhuh Yayi pepujanku, mung sira kang dadi *pangajapaning* jiwaku, wus ana ing tanganku. Jagad ora ana sira suwung tanpa aji, apa maneh kang sun upaya. Urip tanpa sira larane ngungkuli wong *palastra* kaping sewu."

Sang nata tumunten sumungkem ing *pratata* nyenyuwun dhateng Hyang Jumeneng Pribadi (Shiwa), "O, Sang Hyang *Maheshwara*⁶⁹⁾, o ya jagad dewa bathara, mugi jagad punika langgenga, amung nyawa kawula kekalih *kabanjuta* ing salebeting karon sih."

Panuwunipun kaidenan ing *Hyang Jagadnata* asoca tiga⁷⁰⁾.

Sang nata boten saranta ngrangkul *lungayanipun* sang dewi, tumunten sare keket boten benggang, *gilang-gilang* kasorotan ing *resmining* rembulan ingkang nrabas ing sela-selaning gegodhongan. Hyang *Pramesthi* namakaken socanipun panglebur, sanalika ingkang saweg amangun kung kobar dados awu. Pangandikanipun Hyang Jagadnata, "Kulup, panyuwunira *ingsun leksanani*, amung bae sira durung *tuwar* saka *kasangsayaning* urip. Sira bakal tumimbal lair maneh marang marcapada nandhang siksa tuwin lara lapa. Sarta sira sakarone ing besuk bisa ketemu maneh dhaup sakaloran."

WEWAHAN

1. *NGEBUR SEGANTEN*. Cariyos ngebur seganten menika cariyos pasemoning jagad, perangipun watak awon kaliyan sae. Pinanggih wonten ing serat Mahabharata kaliyan Purana. Ringkesaning cariyos kirang langkung kados ingandhap menika:

Ing satunggaling wekdal Indra (—VI) damel seriking manahipun satunggaling Resi (tiyang ingkang swantenipun sae) ingkang saklangkung kuwaos titisanipun Sang Hyang Siwa (—II). Bakda menika para dewa ical kalangkunganipun.

Para *asura* (buta) mengsahipun, saya ngamuk dhateng para dewa. Wisnu suka pamrayogi supados sami bedhami kemawon pados toya *amreta* wonten ing salebetipun samodra powan. Sagedipun pikantuk kedah dipun kebur mawi redi Mandara pesanggrahanipun para jawata.

Ananta, naga agung titihanipun Sang Hyang Wishnu, minangka pasemonipun jaman kalanggengan angsal bebahan njebol redi saisen isenipun saha ngusung dhateng samodra powan.

Redi Mandara minangka pangeburipun. Wishnu *mancata warni* dados bulus *memba* indhen nyanggi redi, *Ananta* tangsulipun nggubed garan ing pangebur.⁷¹⁾

Hyang Wishnu kejawi malih warni dados bulus, ugi *memba warna* warni-warni, mbantu para jawata.

Para dewa sami numpak wonten ing buntut, dene para asura wonten ing sirahing *Ananta*, agengipun nggegirisi. Rainipun para asura sami kesaladan ing latu ingkang medal saking tutukipun Sang *Ananta*. Wangsul para desa sami kejawahan, ndadosaken seger sumyahing badanipun.

Kocapa, anggenipun ngebur seganten powan boten kendel-kendel, wusana medal lembunipun awasta Surabhi, tumunten pancuran susu, lajeng dhanyang estri inggih menika dhanyang *prenyanyanganipun* para manungsa kapisanan. Bakda punika *Waruni*, dewaning anggur, tumunten wit saking swarga anama: *Paryata*, pasemonipun sakathahing sesekaran ingkang endah-endah tuwin wowohan. Sasampunipun menika njedhul para peri ingkang ayu-ayu warninipun, para apsari, lajeng rembulan. Rembulan tumunten kaasta

Sang Hyang Siwa. Bibar menika sagantenipun medal upasipun, jagat wiwit katutupan latu tuwin uwab wlrang.

Sang Hyang Brahma tumunten nedha tulung dhateng Hyang Siwa, supados ngluwari jagad sampun ngantos kelajeng risak. Sanalika upas dipun unjuk, wusana kendel wonten ing gorokan, dados biru. Ingkang menika sang Hyang Siwa ugi sinebut Hyang: "*Nilakantha*," tegesipun ingkang gorokanipun biru.

Wusana telas-telasanipun medal Dewi *Dhanwantari*, dhukun ing swargaloka sarta juru danel kancana, amengangge sarwa seta, ngampil tuwung isi toya amreta. Nunten kasusul njedhulipun sang Dewi *Lakshmi*, dewaning kasulistyan tuwin kabegjan, cahyanipun sumunar saking endahing citranipun, lenggah ing sekar saroja, astanipun ngasta sekar padma.

Sanalika tuwung toya amreta kenging karebat sang asura.

Wisnu tumunten mindha-mindha putri saklangkung pinunjul ing warni, *ngrancana* para asura. Saking pepekanipun para asura, toya amreta dhumawah-wonten ing panguwaosipun para dewa tumunten sami sesarengan kaunjuk. Ingkang menika para dewa boten saged pejah. Dene para asura lajeng katundhung dhateng sangandhaping bumi.

Cariyos menika pendhetan saking Vishnu-Purana, mbokmanawi nggambaraken retuning jagad saderengipun wonten babad (jaman prasejarah).

II. *SHIWA*. Ing serat Reg-Veda —i.m. serat kakawin kangge ngluhuraken para dewa— nyebutaken bilih awang-uwung saisinipun menika ingkang nitahaken satunggaling roh (*purusha*) ingkang kinawasa anama *Para-Brahman*, ugi sinebut *Ishwara*, saminipun manawi tiyang Jawi mestani Allah. Ishwara menika saklangkung luhur, saha gadhah daya kekiyatan makarya kawastanan "*Sakti*." (— IV).

Awit saking kaluhuranipun menika wau, sang sakti lajeng makarya nitahaken barang maujud i.m. ingkang kawastanan "titah": utawi *prakreti*. Titah kaliyan ingkang nitahaken boten saged pisah. Women ing kagunan reca Hindhu, *Trimurti* menika dipun wujud tiyang jaler asirah tiga, nama: Brahma, Vishnu tuwin Shiwa.

Gandhengipun kaliyan *purusha* (roh) *Brahma* menika inggih sinebut: Hyang Gesang, Hyang Hana, utawi Hyang Nyata. Dene gandhengipun kaliyan *prakreti* (titah), Brahma menika ingkang nitahaken, nggesangaken tuwin mobah-mosikaken.

Gandhengipun *Vishnu* kaliyan *purusha*: kawicaksanan, kekiyatan. Kaliyan prakreti: ingkang rumeksa, nglestantunaken, ingkang njagi amrih tetep timbang tuwin runtutipun.

Dene gandhengipun *Siwa* kaliyan *purusha*: kanikmatan, kabingahaning mahadewa anggenipun nitahaken, tuwin kemulyaning alam Nirwana. Kaliyan prakreti: pangrisak, panglebur, sarta ingkang ndadosaken malih. Rembulan menika prelambang tuwin pratandhanipun Bahtara Siwa.

III. *GANESHA*. Lairipun Ganesa disebut wonten ing cariyos Purana kados ingandhap menika:

Parwati garwanipun Sang Siwa, ngleresi Sang Siwa boten wonten, siram. Awit saking kuwatosipun dipun ganggu damel ing tiyang ing salebetipun siram punika, konyohing *sarira* tumunten kapuja dados Gan, *dipun patah* njagi konten. Dumadakan Sang Siwa kondur, priksa wonten tiyang ngaglah wonten ing konten tumunten dipun tigas jangganipun.

Parwati saklangkung mesgul pengalihipun, mothah dhateng ingkang raka supados Gan dipun gesangna malih. Nanging sirahipun Gan *dipun upadosi* boten pinanggih. Anggenipun ngulari dumugi ing wana, mrangguli liman saweg tilem mujur ngaler, ngajengaken redi Himalaya, boten saranta liman katigas gulunipun, sirah kaetrapaken wonten ing *gembungipun* Gan, sanalika *waluya jati* wangsul gesang kados wau waunipun.

Ganesa menika dados pangayomaning brayat, dewaning kasugihan tuwin kawicaksanan, pangayomaning para jurnalis, pujangga saha tiyang sade buku.

Ganesa boten kalairaken saking roh utawi jasmani, nanging dumados saking unthuking bumi (konyoh). Kala-kala kapetha kados tetumpakan mawi roda.

Reca *Ganesa* tiyang asirah gajah menika minangka prelambangipun kawruh lebet, saha pasemon bilih kawruh menika manawi tanpa pikantuk sihipun dewa Ganesa, tanpa pengaos babar pisan.

Siwa dados prelambangipun roh agung, *Aiman*, *Ganesa* dewaning pikiran tuwin utek saha kawicaksanan, *Manas*.

Wondene ing cariyos sanesipun kasebutaken makaten:

Parwati ngundang lintang Satumus (Sani) kapurih ningali putranipun ingkang saklangkung dipun dama-dama nama Ganesa. Sani saklangkung kascaryan anggenipun ningali. Nanging Ganesa boten kuwawi nadhahi

pamandengipun Sani, sanalika sirahipun kabesmi dados awu. Wusana Sani bingung manahipun, lajeng nedha rembag dhateng satunggaling brahmana, angsal pramayogi supados utusan ngupados lintuning sirah. Sinten ingkang kepethuk rumiyin piyambak menika katigasa jangganipun, mustakanipun kaetrapna ing lambungipun Ganesa. Wusana ingkang kepethuk rumiyin piyambak: dwipangga. Wiwit menika Ganesa amustaka dwipangga.

IV. *SARASWATI*. Ugi kasebut "Wani". Punika sejatosipun "sabda" kaentha-entha sarta dipun wujud dewa estri kanamakaken "Saraswati". Mila ugi kasebut dewaning: ngelmu utawi kawruh winados.

Recanipun limrahipun numpak merak ngigel, buntutipun dipun gambari mripat kathah sanget, minangka pasemon bilih Saraswati menika boten nate sare, tuwin uninga dhateng samukawis, ingkang agal tuwin lambat, ingkang katingal tuwin boten katingal.

Saraswati menika, "sakti"-nipun Hyang Brahma, mila ugi inganggep garwanipun Hyang Brahma, dados panganyomanipun sagung kagunan ingkang edi peni, dados pasemonipun kawruh tuwin kawicaksanan.

V. *NAGA*. Miturut serat *Ideals of Indian Art* karanganipun E.B. Havell, para tiyang ingkang rumiyinipun sami nembah Naga, menika ing tembe wingking lajeng ngrasuk agami Buda. Menika, kacetha wonten ing gambar-gambar tuwin reca-reca yasanipun Ajanta, Amaravati, ahli nggambar tuwin ahli kagunan damel reca. Gambar sawer menika pasemonipun para leluhuripun.

Fergusson criyos, bilih ing kinanipun wiwit abad ingkang kaping pitu saderengipun Sang Kristus miyos dumuginipun abad sekawan sasampunipun Sang Kristus miyos, ratu Naga menikangerehaken tanah Hindu tengah tuwin Rajputana.

Wonten ugi cariyos kadewatan ingkang nyebutaken bilih ing *Patala* (ngandhap bumi), tuwin ing dhasaring lepen-lepen, tlağa tuwin seganten, wonten makiukipun awujud setengah sawer satengah tiyang, kasinungan kalangkungan ingkang ginaib: rabinipun sami ayu-ayu tuwin endah-endah ing warni.

Kathah dedongengan ingkang nyriyosaken sih-sinihanipun sawer kaliyan manungsa limrah. Kacariyos kedhatonipun sawer punika sakalangkung elok, sarwa gumebyar kebak inten barleyan sesotya nawa retina.

VI. *INDRA*. Ratuning swargaloka, dewaning gludhug utawi bledheg. Endra remen kaliyan Kunthi semahipun Pandhu, patutan Arjuna. Wonten ing serat Mahabharata kasebutaken bilih Arjuna menika senapatinipun darah Bharata ingkang pinunjul kasektenipun.

Indra ugi kasebut Sakka. Ingkang maringi wisik dhateng Buddha Gautama menika inggih Sang Indra menika. Nalika samanten Buddha taksih pangeran pati jejuluk Siddharta, sampun krama, negarinipun ing Kapilawastu. tampi wisik supados nilar paramayan, ngupadosa kanyatan ing asepi.

Wonten ing serat Mahabharata tuwin Ramayana Indra kerep sanget kaciyosaken. Inggih menika nyobi Arjuna, tuwin maringi dedamel; sarta maringi rata dhateng Rama, saha sanes-sanesipun.

Wonten ing serat Weda tansah dipun aji-aji saha dipun luhur-luhuraken kasektenipun, panguwaos tuwin kuwasanipun, kados dene para ahli kidung Ibrani anggenipun memuji saha ngluhuraken Jehovah (Allah)-ipun.

VII. KSHATRYA. Satriya, menikategesipun taksih darah luhur, limrahipun dados prajurit. Ing golonganing bangsa Hindu klebet wangsa ingkang angka kalih.

Menggah mulabukanipun wonten golonganing wangsa sekawan warni miturut dedongenganipun cariyos Hindu kina makaten:

Hyang Brahma nitahaken manungsa, lajeng kawulang serat Weda kaweleg ing kawruh. Manungsa menika lajeng kasebut nama Brahmana. Brahmana rumaos kijenan ajrih manawi dipun ganggu damel dening kewan galak, lajeng nyuwun kanca inggih dipun leksanani, nama kshatrya, pedamelanipun ngreksa kawilujengaipun brahmana, boten kober ngupa boga.

Hyang Brahma tumunten nitahaken manungsa ingkang angka tiga i m. Waisya, pakaryanipun ngemungaken ulah tetanen, nanging kekirangan pirantos tuwin rencang. Wusana Hyang Brahma lajeng nitahaken manungsa ingkang angka sekawan, kawastanan Sudra. Sadaya menika sami sesarengan ngluhuraken sarta ngabekti dhateng Hyang Brahma.

Ingkang menika dumuginipun samangke taksih wonten golonganing wangsa warni sekawan, i.m.:

1. *Brahmana*: para ngulama tuwin para ingkang damel angger.
2. *Kshatrya*: para prajurit, ngayomi hak (wewenang), kaadilan tuwin angger.
3. *Waisya*: tani.
4. *Sudra*: rencang, batur.

Kshatrya menika boten kening dipun maknani wadyabala arahan, flanging darah luhur, saminipun menawi. ing tanah Jepang samurai. Kuwajibanipun mbengkas tindak ingkang murang adil saha ngluwar para tiyang ingkang dipun tindhes.

Ing piwulang dharma ugi kasebutaken, bilih kuwajibanipun kshatrya rumeksa ing tindak ngadil saha hak wewenang.

Golongan-golongan wau boten kencing mendhet semah saking golongan sanesipun. Samangsa wonten ingkang nrajang, turunipun lajeng kagolongaken dhateng wangsa ingkang andhap.

Golongan ingkang angka I, II dan III menika ugi kasebut: *triwangsa*, kacariyos menika tedhak turunipun bangsa: Arya, asal saking tanah ler, pindhah dhateng tanah Hindhu.

Dene golongan *Sudra* menika turunipun tiyang Hindhu asli, pakulitanipun cemeng.

Miturut Mahabharata: *Brahmana* menika tinitah pakulintanipun pethak, *Kshatrya* abrit, *vaiysa* jene, dene *Sudra* cemeng. Menika mula bukanipun wonten tembung "Varna" kelantur ateges: warna, warni (colour) kadosta: ijem, abrit, biru lan sapanunggilanipun. Estunipun ateges: Golongan (kasta).

Miturut serat angger Manu, Brahmana menika sejatosipun Hyang Dharma utawi dewaning kaadilan manjanma dados manungsa, prelu mranata kaadilan tuwin damel angger tuwin aturan.

Golongan ingkang asoripun ngungkuli golongan Sudra taksih kathalt sanget, upamanipun: *Chandala*, inggih .menika anakipun campuran ing golongan kalih anggenipun sami lampah jina.

VIII. GANGGA. Nama menika miturut nama garwanipun Prabu Santanu, inggih ibunipun Bhisma, ingkang nurunaken darah Bharata, kekasih dewi *Gangga*. Lairipun Dewi Gangga wonten ing pareden Himalaya, kaleres rayinipun Dewi Uma (Parwati) garwanipun Sang Hyang Shiwa.

Minurut Mahabharata dedongenganipun kados ingandhap menika,: Wonten satunggaling ratu jejuluk Prabu Sagara, peputra kathahipun 60.000, sami kasar-kasar watakipun, sembrana, gesangipun boten sae.,

Nuju satunggaling wekdal kapalipun Prabu Sagara ical. Putranipun 60.000 sami madosi dhateng dhasaring samodra, sarana kadhudhuk. Wusana dipun pandeng kaliyan Bagawan Kapila, sami sanalika kober dados awu. Bagawan Kapila wicanten dhateng putunipun Sagara, nama Amsumat, criyos manawi ingkang saged nebus dosanipun pangeran 60.000 menika benjing putunipun Amsumat, nama: Bhagiratha.

Inggih menika Bhagiratha saklangkung anggenipun mesu sarira, nilar kamukten, kesah dhateng wana minggah Redi Himalaya mbentur

tapanipun, nenuwun dhateng Dewi Gangga, supados nglunturaken ingkang sih, nyembadani ingkang dados panuwunipun.

Dewi Gangga lajeng ngatingal. Bhagiratha ngasih-asih, supados Dewi Gangga karsaa tumurun dhateng marcapada, ngresiki dosanipun para pangeran 60.000. Panyuwunipun dipun kabulaken, sarta angsal pitedah supados nenuwuna dhateng Hyang Siwa rumiyin, karsaa Hyang Siwa piyambak mecah tumuruning toya. Awit manawi boten makaten, bumi boten kiyat nadhahi gumrojoging toyanipun.

Bhagiratha lajeng tapa malih. Panyuwunipun kaidenan. Gangga, anakipun redi salju, tumunten tumurun saking digantara, gumrojog pindha benawi, kathah ulamipun maneka warni, sinartan ulekan, katadhahan Sang Hyang Siwa, benawi pecah dados kalih kados reroncening mutyara sumangsang ing mustaka, wusana saweg dhumawah ing bumi. Wonten ing bumi cawang dados tiga. Bhagiratha atedah margi ingkang anjog ing samodra asat, panggenanipun leluhuripun rumiyin sami pejah dados awu. Sakedhap samodra sampun kebak isi toya, ngresiki dosanipun pangeran 60.000, putranipun Prabu Sagara.

Sareng sampun resik para pangeran kasbut lajeng mumbul mlebet ing swargaloka.

Wiwit menika Gangga kaanggep dening tetiyang Hindu satunggaling benawi ingkang suci, toyanipun kangge adus, saged ngresikaken sakathahing dosa.

IX. BRIHASPATI. Tegesipun: *Jawata ingkang linangkung*, gurunipun para dewa, kaca benggalaning kawicaksanan. Damelipun mulang muruk, mulangkaken "Kitab Suci" dhateng bangsa Arya. Manawi ngleresi yoga, lajeng yasa serat angger tuwin tatanan.

X. DURGA. "Sakti"-nipun Siwa, anggenipun jumeneng dados dewa pangrisak, dipun wujud Bathari *Durga*, dewa estri ngajrih-ajrihi, bathari dur, bathari pangrisak. Sajenipun awujud kewan, malah sering manungsa dipun angge kurban.

XI. MERU. Ugi kasebut Mahameru. Miturut Mahabharata Meru menika redi ingkang saklangkung inggil, puncakipun sundhul ing akasa, kangge papan parepatanipun jawata, boten wonten janma manungsa ingkang saged nginggahi. Prenahipun wonten ing pusering bumi. Wondene manawi miturut ujaring kaol, Mahameru menika dede redi wadhag, wangsul redi badan alus boten kasat mripat, dados papan kedhatonipun Sang Trimurti.

Sajakipun *Meru* menika sayektosipun inggih redi Himalaya menika, dipun candra sarta ingalembana ngantos kalangkung majad.

Miturut kawruh dumadosing jagad manut agami Buda, inggilipun *Meru* punika 168.000 yojana—1 yojana = 16 mil ingkang sepalih kelem ing samodra. Puncakipun dados kedhatoning para jawata, inggih swargaloka, dewa-loka Tawutisa.

XII. *YAMA*. Dewaning pati tuwin juru ngadili. Yama menika sayektosipun manungsa tuwin ratu ingkang rumiyin piyambak. Miturut Reg-Weda, piyambakipun menika ingkang nurunaken para manungsa ingkang sapisanan.

Sarehdene Yama menikapejahipun rumiyin piyambak, lajeng ngratoni jaman kalanggengan. Kratonipun boten beda kaliyan swargaloka. Nanging danguning-dangu miturut Mahabharata malih dados papan pasiksan, inggih kasebut: nraka. Kawontenanipun peteng ndhedhet nggeginsi. Wiwit menika Yama dados ratuning nraka, sarta ingkang ngadili tiyang pejah ingkang gadhah dosa. Mila Yama menika nindakaken dharmha pangandilan.

XIII. *KALPA*. Menikapetangan Hindhu, ugi kawastanan: Mahayuga. Satunggal kalpa laminipun: 4.320.000 taun, kaperang dados sekawan yuga:⁷²⁾

1. Satya-yuga = 1.728.000 taun.
 2. Treta-yuga = 1.296.000 taun.
 3. Dvapara-yuga = 864.000 taun.
 4. Kali-yuga = 432.000 taun.
- 1 kalpa = 4.320.000 taun.

Saben sampun jangkep umur satunggal kalpa, jagad menika lajeng wonten banjir bandhang wujud toya tuwin latu. Lebur sadaya isen-isening jagad.

XIV. *YOGA*. Tegesipun: manunggal, i.m. manunggiling kawula kalawan gusti. Ing tanah Hindhu kathah tiyang (mertapa, mengker dhateng kadoyan) ingkang nyawijekaken gagasan, ngangen-angen saha ngeningaken cipta, nyirnakaken sadaya pepenginan tuwin pakaremaning jasmani, meleng dhateng karohanen. Tiyang makaten menika, nama *yogi*. Wondene yoga menika wonten ngelmunipun piyambak, mawi tatanan tuwin angger-angger, caranipun kawruh makaten nama kawruh kasampurnan (kabatosan).

Sasampunipun (nglampahi) yoga, tumunten angsal kekiyatan gaib, menika sayektosipun sanes daya ingkang ngungkuli kodrat, estunipun manung kekiyataning manungsa utawi dayaning alam ingkang winados utawi kineker. Kekiyatan gaib menika inggih saget ndayani tumrapipun barang wadhag.

Yogi ing salebetipun nglampahi yoga, menika sampun presasat ngrogoh sukma, kesupen dhateng kawadhagan, i.m. gagasan tuwin pepenginaning badan; caranipun Hindhu kawastanan: sukmanipun oncad saking tetangsuling Prakreti, amung meleng dhateng kasampurnan, sadaya grenjeding kakajengan tumuju dhateng kasampurnaning sukma.

XV. KAMADEWA. Dewaning asih utawi langkung leres malih: dewaning pepenginan dhateng sih. (*Kamas* = pakaremaning daging, dereng dhateng lunturing sih). Miturut cariyos kadewatan: Nalika Siwa saweg tapa, ngeningaken cipta, Dewi Uma (Parwati) ngrencana, amrih lunturing kang sih. Nanging Siwa boten kengguh sarambut. Boten wonten ingkang saged mbadharaken tapanipun.

Nalika menarikarsa nama Taraka, ngamuk punggung adamel geger ing bawana tuwin Suralaya, ngobrak-abrik sesaji tuwin candhi-candhi pamujan. Indra nedha tulung dhateng Kamadewa. Kamadewa nyagahi, lajeng bidhal dhateng Redi Kailasa pretapanipun Sang Hyang Siwa.

Wonten ingriku Kamadewa kabombong, binalang ing ulat manis tuwin lelewa, sanalika medal kekendelanipun, sigra menthang langkap ngayat jemparing.

Kocapa Hyang Siwa, socanipun ingkang kalih merem, hanging ingkang satunggal i.m. ingkang kawastanan soca-bathara, boten sare, uninga sasolah tingkahipun Kamadewa. Nalika jemparing kanton culipun, sami sakala Kamadewa geseng dados awu kapandeng ing socabhatara kasbut nginggil.

Soca-bathara inggih socanipun Sang Hyang Siwa ingkang angka tiga, menika saged ngedalaken bledheg latu, menika perlambang mahakawasaning pepadhangipun Dewa Agung.

Wiwit menika Kamadewa ugi peparab: *Anangga*, tegesipun tanpa raga (angga, badan). Nanging ing tembe inggih kawangsulaken. Larah-larahipun kados ing andhap menika:

Dewi Uma estu kapendhet garwa dening Hyang Siwa. Sasampunipun kaarak mubeng-mubeng kitha ing Himalaya, nunten wangsul dhateng Redi Kailasa. Raganipun Kamadewa lajeng kawangsulaken.

XVI. RAWANA: Ratuning para raksasa ing negari Lanka, ndhustha Dewi Sitagarwanipun Prabu Rama. Prabu Rama angsal pambiyantunipun Hanuman, ratuning kethek, saged ngawonaken nagari Lanka, ngrebat Dewi Sita. Wusana Rawana pejah jinemparing Prabu Rama, paringanipun Sang Hyang Indra.

Serat ingkang nyariyosaken lelampahanipun Rama-Rawana menika serat: Ramayana.

XVII. *BHAKTI*. Tembung *Bekti* cara Jawi menika asal saking tern-bung Sanskerta: *Bhakti*, tegesipun kirang langkung: umat kanthi katresnan dhateng Hyang Mahaagung.

Havell wonten ing seratipun *The Ideals of Indian Art* nyariosaken makaten: Ingkang nama *bhakti* menika kautamenipun para Kardinal tigang warni, inggih menika: pitados, katresnan tuwin pengajeng-ajeng. Tumrapipun ing tanah wetanan, ingkang nama barang kagunan menika manawi ingkang damel barang wau gadhah "bhakti" dhateng pakaryanipun. Wondene manawi boten, upaminipun namung saking kaderengipun pados kamisuwuran, menika sanes barang wohing kagunan.

Wohing kagunan menika kedah ingiringan raos bhakti, umat saha tresna dhateng barangipun ingkang kagarap punika. Padamelan ingkang namung saking kadereng mbujeng betahipun piyambak, badhe sirna, wangsul *bhakti* langgeng, langgeng sedayanipun.

GLOSARIUM

A. Urutaning aksara (abjad)

a b bh c ch d dh é/ è / e g h i j k l m n ng ny o p r s
sh t th u w y z

